4

2010





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ПИСАТЕЛЕЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**
Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**
Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2010

# МАХ ДУГ

**4**

**2010**

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНЫ
ФЫСДЖЫТЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**
Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**
БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли, НÆКУЫСАТЫ Наирæ,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2010

**НОМЫРЫ ИС:**

**ТОКАТЫ АСÆХ: 100 АЗЫ**

*ТОКАТЫ Асæх.* **Кæй уæрдоны бадай...** Радзырд 8

**ХÆМЫЦАТЫ АЛБЕГ: 70 АЗЫ**

*ХÆМЫЦАТЫ Албег.* **Кæм дæ, æцæг амонд?** Æмдзæвгæтæ 16

*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Уыцы тæссар-мæссар фæндаг.** Уацау 27

**КАСАТЫ БАТРАДЗ: 60 АЗЫ**

*КАСАТЫ Батрадз.* **Кæддæры рухс къæсæр.** Æмдзæвгæтæ 97

*БИАЗЫРТЫ Кромвел.* **Цауæй-цаумæ.** Æмдзæвгæтæ 105

**Нæрæмон Сэмюэл** 111

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 127**

**НЕ ‘ВЗАГ — НÆ ФАРН**

*ЦГЪОЙТЫ Хазби.* **Не ‘взаг — нæ историон адрис** 134

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

# ТОКАТЫ АСÆХ: 100 АЗЫ





*Лæг куыстæй лæг у.*



*Спектакль «Усгуртæ»-йы архайджытæ, галиуырдыгæй рахизырдæм: Ходы Барис, Туаты Сергей, Мæхъиты Валодя, Баллаты Валодя, Тотраты Бесæ, Сланты Къоста, Тæбæхсæуты Бало, Хъайырты Валодя.*



*Галиуырдыгæй рахизырдæм: Ардасенты Хадзыбатыр, Асæх, Хæдарцаты Азæ. Налцыкк.*

*ТОКАТЫ Асæх*

# КÆЙ УÆРДОНЫ БАДАЙ...

*Радзырд*

Тасойы йæ куыстæй систой! Æниу куыст дæр куысты хуызæн уыдис? Дзæнæт! Сусæны мæйы судзгæ-уыраугæ бонты йæ быдыры нартхор рувын кæнæ æхсырфæй мæнæу кæрдын нæ хъуыди.

Уæдæ завод «Электроцинчы» здытайæн пецы раз йæ фындзыхъæлæй йæ сур хид калгæ нæ лæууыди. Нæ куыста хæдзæрттæ аразджытимæ дæр... Нæ-æ!

Тасой уыди стыр тресты дзадджджын къæбицы хицау. Бадти къанторы. Кæй уæрдоны бадти, уый зарæг кодта. Ома, тресты хицауы зарæг, царв æмæ мыд хордта æмæ нæл гæдыйы цардæй царди.

Тресты хицауы галиу къахы-иу цы бафæндыди, уый-иу Тасой йæ рахиз къухæй ацæттæ кодта. Йæ мызд æм гыццыл кæсын байдыдта æмæ уæд хицауы галиу къах æмæ йæхи рахиз къух цы нард хæйттæ уæрстой, уыдонæй йæхимæ æрбассывта.

Хаудис æм дзы, куыннæ!

Цыппар азмæ бæрзонд уæладзыг цъæхсæртæ аскъæрдта. Фæндзæм аз æрæлхæдта «Волгæ»... Фæлæ мæнæ ныр гуыбырæй бады. «Волгæ»-йы нæ, фæлæ Терчы был.

Цымæ, цæуыл сты йæ мæт, йæ сагъæстæ?

Йæ цъæхсæр галуантæ йын байстой. Йæ «Волгæ» — донау хиды бынмæ афардæг!..

Хæрзæрæджы дæр ма бухъзæрдæйæ царди Тасой. Айфыццаг, йæ тæккæ хъал æмæ хъæздыгæй ма куы уыдис, уæд иумæ бадтыстæм. Ныхæстæ кодтам:

— Ма кæн, Тасой, байхъус мæм. Бахаудзынæ дзы, — дзырдтон ын.

— Мæнæн дзы тас нæу. Мæ хицау мæ хауын нæ бауадздзæн. Æз йæ рахиз къабаз дæн. Гæрах чи фæкæны, уый сæрмæ фæхъавы. Сæр та мæ хицау у... Æз уый уæрдоны бадын.

— Бар дæхи, фæлæ, кæй уæрдоны бадай, уый зарæг ма кæн!

— Цæмæн фæфæлдæхтай, Хасæхъо, къæсса фæфæлдахæгау, ацы æмбисонд зыгъуыммæ? — бауайдзæф мын кодта.

— Зæгъ-ма, Тасой, кæй уæрдоны фæбадыс, æдзухдæр уый зарæг фæкæныс?

— Æдзухдæр.

— Гъы, æмæ куыд?

— Ницы мын у. Дзидза хæрын.

— Гъе уæдæ ды дзидза хæр. Дæуæн, æвæццæгæн, бæззы, кæй уæрдоны фæбадыс, уыдон зарæг кæнын, фæлæ мæнæн нал бæззы.

— Цæуылнæ? Дæуæн ма уæлдай гуцъа ис?

— Уымæн æмæ дзы цалдæр хатты сусæны мæй ихы къæйыл аззадтæн.

— Нæ дæ æмбарын.

— Цы 'мбарын æй хъæуы. Дæуæн, æвæццæгæн, искæй уæрдоны бадын æмæ йæ зарæг кæнынæй, ноджы дзидза хæрдæй дæ сæрыкъуыдыр фæдæгъды хæтæлы хуызæн лудæг сси, иу фæзилæн дæр дзы нал ис. Дæхи хъæлæс дæр дын нал ис.

— Хъых-хы, хъых-хы... Æгæр дардыл ахæцыдтæ, — бахуыфыди Тасой, — ахызтæ дæ ныхасы фæндагæй. Цæмæй дæ фарстон, ууыл дзур.

— Æз дæр ууыл дзурын. Æндæраз кæм куыстон, уый ма зоныс æви нал?

— Зонын. Спъиртт уадзæн заводы директоры хæдивæгæй.

— Гъемæ дæ хъуыддаг раст, фæлæ нын фарон нæ директор Куприевы йæ куыстæй фелвæстой... Стæй та мæн.

— Дæу та цæмæн?

— Уый, дам, давгæ кодта, гæртамхор уыди.

— Омæ давгæ уый кодта, гæртамхор уый уыди, ды та цы кодтай?

— Ды дæр, дам, йæ хъузон уыдтæ. Йæ уæрдоны, дам, бадтæ, æмæ, дам, ын йæ зарæг кодтай. Гъемæ кæсыс, спъиртт нал ис гæртам нал ис, физонджытæ хомæй баззадысты, грелкæтæ бахус сты.

Ныр мæнæ бады Тасой сæргуыбыр-уæнтæхъилæй Терчы был. Йæ фындз æруагъта æмæ, йæ дæндæгтæ хъыррыстгæнгæ, йæхинымæр кæйдæр æлгъиты. Йæ былтæ гæлиртæ кæнынц, æхситгæнæджы былтау.

Цымæ, кæй æлгъиты?

Йæ хицауы! Йæ сæр кæй хуыдта, уыцы хицауы. Кæй аууон царди, уыцы хицауы. Ау, æмæ йыл цы æрбамбæлди? Дзуармæ кувæгау æм куы куывта!

ОБХСС уæларвæй ныггæрах ласта. Хицаумæ хъавыди, ома сæрмæ, фæлæ сæр йæхи фæсайдта. Цæф æрцыди рахиз къабазыл, Тасойыл.

— Гъы, куыд, Тасой? — бадзырдтон æм. Уый фестъæлфыди. Йæ цæстытæ йæ ныхы къæймæ сгæпп ластой. — Ма тæрс, зæгъын, ОБХСС нæ дæн, басабыр æй кодтон, стæй йæ бафарстон:

— Ныр дæр мæ нæма бамбæрстай?

Тасой ницы сдзырдта. Æз ын загътон:

— Уæдæ афтæ. Кæй уæрдоны бадай, æдзух уый зарæг ма кæн. Мæнæн мæхи дæр бирæ хæттыты басыгъта йæ азар.

Æмæ йын радзырдтон мæнæ ацы хабар.

* * *

Ацы бæллæхы хабар мыл æрцыди, студент ма куы уыдтæн, уæд. Кæй уæрдоны бадтæн, уый зарæг кæй ныккодтон, уый тыххæй...

Хъуыддаг рауади афтæ. Ахуыр кодтон Дзæуджыхъæуы æмæ мæ каникулты хæдзармæ цæуын бахъуыд хъæумæ.

Фæссихор сбадтæн поезды æмæ балæууыдтæн Бесланыхъæуы. Станцæйы мæ фæдджитæ æрбацыбыр кодтон æмæ асæпп ластон Къостайыхъæуырдæм фæндагыл. Бахæццæ дæн Терчы былмæ. Кæсын, æмæ Терк фыривылдæй æрра бирæгъты æрдонг фестади. Лæбуры йæ былгæрæттæм.

Æрлæууыдтæн доны был. Фæлгæсын. Хъуыды кæнын, фаллаг фарсмæ куыд баирвæзон, ууыл.

Талынг кæнын байдыдта. Уалынмæ æддозæй мæ хъустыл ауади цæлхыты къыбар-къыбур. Фæкастæн фæстæмæ. Изæры

фæлмы мæм æрбазынди сау стъæлф. Æвваxсæй æвваxсдæр кæны. Æрбаxæстæг мæм ис. Дынджыр сау бæx сæпп-сæпп кæны. Кæсын, æмæ дын уæрдоны бады урс нымæтxудджын лæг. Донxуыз кæттаг куырæт йæ уæлæ. Дæргъæй-дæргъмæ риxитæ xæццæ кæнынц суанг йе уæxсчытæм. Йæ фындз цæргæсы бырынкъау æрзæбул æмæ ма йæ гыццыл xъæуы сxъæл роцъойыл æрæнцайынмæ. Се 'xсæн сау риxитæ куы нæ уаид, уæд фындз æмæ роцъо кæрæдзиуыл сæмбæликкой.

— Дыууæxстон топпау цы сысxъæл дæ Терчы был? — æрбадзырдта мæм лæг. Баурæдта уæрдон.

— Мæнæ катай кæнын, кæуылты ауайон, зæгъгæ, — дзуапп ын радтон æмæ æнxъæлмæ кæсын, сбадын мæ кæндзæн йæ уæрдоны æви нæ, уымæ.

— Æмæ ленк кæнынмæ та куыд дæ? — афарста та мæ xудгæйæ. Йæ баxудтмæ сау риxиты æxсæнæй ферттывта урс-урсид дæндæгты рæнxъ, барæджы нымæты бынæй урс бæрцытæ куыд ферттивынц, афтæ.

— Ленк кæнынмæ пут гирæй æмбисонддæр дæн, — дзуапп ын радтон æз дæр xъазгæйæ.

— Сбад уæдæ, æз дæ фæфале кæнон, — загъта лæг æмæ йæ бæxы базмæлын кодта, н-нуа, тъыфылxъус, зæгъгæ. Æз уæрдонмæ сгæпп ластон фæсте. Слæууыдтæн лæджы чъылдыммæ. Уый мæм нал ракасти. Йæ уæxсчы сæрты ма мæ афарста, кæцон дæн, уымæй.

— Къостайыxъæуккаг, — радтон ын дзуапп.

Бæxæн йæ xъустæ фæгæмæл сты, xъолойы сыфтау. Ныxxуырррыттытæ ласта, йæ къæxтæ радыгай фелвас-фелвас кæны, ивылд донмæ бацæуын нæ уæнды, фæлæ цъæxснаг бæрз уис йæ сины сæрмæ куы феxситт кодта, уæд дзы балæгæрста. Уайтагъд дзы йæ гуыбынмæ аныгъуылди. Пъæра уылæнтæ сæxи ныццавтой уæрдоны фæрстыл. Гуыффæмæ кæлын байдыдтой.

— Галиуырдыгæй слæуу, кæд уæззаудæр уаид... Уæвгæ дæ цæй уæз ис, мæллæг цæукъайы xуызæн, — дзуры мæм лæг йе уæxсчы сæрты, йæxæдæг йæ къæxтæ авæрдта сæрxъæдты сæр æмæ xæлиуæй бады. Бæxы сарæзта уырдыг-уырдыг. Мæ зæронд батинкæтæ xъуывгъантау донæй байдзаг сты. Афтæ мæм кæсын байдыдта, цыма мæнæ-мæнæ тыxджын уылæн галиу цалxы сриуыгъдзæн, уæрдон фæфæлдæxдзæн æмæ уæд...

Фæлæ мæнæ дон аxæл-xæл кодта гуыффæйæ. Баxæццæ стæм

тæнæгдæр ранмæ. Мæнæн мæ зæрдæ фæрухсдæр. Фæхъæлдзæгдæр дæн æмæ фырцинæй куыддæр æнæнхъæлæджы базарыдтæн, хъæуы ма куы цардтæн, уæд цы ног зарæг фехъуыстон, уый:

*О, æмæ, дам, лæппутæ куы баййафынц,*
*Куы баййафынц.*
*Ой, æмæ, дам, Дзалаты Хæмæты,*
*Дзалаты Хæмæты.*
*Ой, æмæ, дам, йæ усы хоимæ,*
*Йæ усы хоимæ.*
*Ой, æмæ, дам, дзаладжын лæгæты,*
*Дзаладжын лæгæты...*

Лæгыл, дам, йæ хуыцау куы рахæты, уæд йæ фыдбылыз йæ къахы бынæй дæр сгæпп ласы. Кæцæй æмæ цы фыдбылызæн абадти мæ дзыхы уыцы зарæг иннæ бирæ зарджытæй уæлдай?! Æниу мæ цы гуыбынниз лæмæрста зарынмæ, адæмæн æмбисонды зарæг дын куы нæ уыдтæн, мыййаг.

Мæ уæрдоны хицау йæ къæхтæ сæрхъæдтæй æрæппæрста гуыффæмæ. Тпрру, зæгъгæ, фæхъæр кодта. Бæх ныллæууыди доны астæу. Лæг фестади фæйнæгæй. Цæхгæр мæм фæзылди. Йæ цæстытæ, бирæгъы цæстытау, ферттывтой. Галиу рихи фесхъæл, дæндæгтæ фæзыхъхъыр сты, гæды йæ хæринагæн куы фæтæрсы, уæд уымæн куыд фæзыхъхъыр вæййынц, афтæ. Лæг йæ дзых фæстæмæ ахгæдта æмæ йæ дæндæгты хъыррыст фæцыди. Фындзы кæрон æмæ роцъо баиу сты. Рихитæ фæдих сты.

— Куыдзы цæфхад! — Æрмæст уыцы дыууæ дзырды схаудысты йæ дзыхæй. Лæг та размæ фæзылди. Лæугæйæ цъæхснаг уисæй бæхы рагъ æрдзæхст ласта. Фæцарæзта йæ, ивылд доны уылæнтæ кæм абухтой, уыцырдæм.

Мæ сæрыхъуынтæ арц слæууыдысты. Цы кодта ацы лæг, цæуыл рафыхти? Æви æрра фæци? Цы æрæфтыди йæ зæрды?.. Фæдисонты тахт кæнынц мæ хъуыдытæ мæ сæрымагъзы къуымты, фæлæ, цы æрцыди лæгыл, уый бамбарын нæу мæ бон. Уæдмæ та нæ гуыффæ айдзаг и донæй. Тæккæ арфдæрмæ куы бахæццæ стæм, уæд лæг цæхгæр фæзылди мæнырдæм. Йæ дæндæгтæ та фæзыхъхъыр сты. Йæ галиу рихи та фесхъæл æмæ мыл фæтъæлланг ласта:

— К-куыдзы хъ-хъæвдын! Тагъд ахиз, к-кæннод дæ марын!

Æз афтæ фæтарстæн, æмæ дзурынмæ дæр нал арæхстæн.

— Цы кодтон?... Цæмæн мæ... дон мæ аласдзæн... — зæгъгæ, ма цыдæртæ схъæрзыдтон.

— Тагъд! — нытътъæлланг та ласта лæг æмæ хъамамæ æрæвнæлдта. Æз асæррæтт ластон уæрдонæй. Уылæнтæ мæ сæ быны афсæрстой. Уайтагъд донæй мæ хъæлæс айдзаг. Афтид ахсæн атыппыр. «Гъæйтт, мæлын», — загътон мæхинымæр æмæ мæ къабæзтæ тилын. Хъуырдухæн кæнын, мæлæтимæ хъæбысхæсты бацыдтæн. Æрра донæй мæхи уæлæмæ сæппарын, фæлæ та мæ уæззау уылæн æртъæпп кæны æмæ та йæ быны фæвæййын.

Цыбыр ныхасæй, мæлыны къахыл ныллæууыдтæн. Иу тъæпп ма мæ куы æркодтаикккой уылæнтæ, уæд... Фæлæ мæ амонд уыд, æмæ мæ зæронд цъылыны хуызæн тæнæгдæрмæ раппæрстой.

Иу стыр дурыл мæхи скъуырдтон, уый ма бамбæрстон. Цы хъаруйы муртæ ма мæм уыдис, уыдонæй йæм фæлæбурдтон. Ныффидар ыл дæн. Тыхамæлттæй ма йæм сбырыдтæн æмæ йыл мæ гуыбын æруагътон. Мæ хъæлæсæй дон ныпъпъæгъгъæст ласта. Мæ дзых змисæй йедзаг, дæндæгты æхсæн хъыррыст кæны.

Фæстагмæ дурмæ сбырыдтæн æмæ акастæн. Мæ алыварс — ничи. Афардæг уыцы рихиджын. Кæцæйдæр ма мæм дардæй хъуысти йæ уæрдоны цæлхыты хъæр.

Æз чысыл куы фæсæрæндæр дæн, уæд рахылдтæн доны былмæ æмæ расыг лæгау цудтытæгæнгæ араст дæн хъæумæ.

Нæ кæрты фæмидæг дæн. Схызтæн тыргъмæ. Цырагъы рухсмæ мæ ауыдта мæ хо. Тарстæй мæ размæ разгъордта.

— Мæ хæдзар айхорз и, цы кодтай, Хасæхъо? Кæм уыдтæ? Кæм дæ фæласта дон?

Ницы йæм сдзырдтон. Бацыдтæн уатмæ. Хо радавта хус дзаумæттæ.

— Гъа, тагъд дæ дзауматæ аив!

Чысыл фæстæдæр къæсæрæй æрбахызт мæ хистæр æфсымæр:

— Цы дыл æрцыди уый? Уыцы ивылд Терчы дын æнæ уайгæ нæ уыди? Йе дзы æппын уæрдон цæуæгмæ фæлæууæн нæ уыди?

— Уæрдоны бадтæн, бæргæ...

— Æмæ фæлдæхгæ акодта?

— Цæй фæлдæхгæ! Йæ хицау мæ доны астæу ныууагъта... Уæдмæ æрбацыди мæ фыд дæр.

— Цы дыл æрцыди уый, лæппу? Дон дæ ма фæласæд? Æз мæ фыдæн дзуапп раттынмæ нæма сарæхстæн, афтæмæй та мæ

хистæр æфсымæр афарста:

— Фæлæуу, фæлæуу... Уæрдоны бадтæн, куы зæгъыс, доны астæу нæ ныууагъта, зæгъгæ. Чи уыди?

Æз сын радзырдтон хабар. Загътон сын зарæджы тыххæй дæр. Æфсымæр та мæ фæрсы:

— Æмæ лæг та цы хуызæн уыди?

Загътон ын — ахæм æмæ ахæм, дынджырфындзджын, даргъ-рихиджын...

Нал мæм хъуыста æфсымæр. Диваныл æрхауд, йæ гуыбыныл ныххæцыд æмæ худæгæй йæ бон сулæфын нал уыди.

— Бирæгъæн сæгъы мехъ — загъта тызмæгæй фыд. — Цæуыл худыс?

Æфсымæр рабадти, йæ худæг нæ уромгæйæ, æмæ загъта:

— Уый чи уыди, уый зонут? Дзалаты Хæмæт!.. Ай та йын йæ уæрдоны бадгæйæ йæ номхæссæны зарæг кодта... — Æмæ та диваныл атылди. Хорз фæкæл-кæл кодта, стæй та ракасти æмæ мын, йæ худæг тыххæй уромгæйæ, загъта:

— Кæй уæрдоны бадай, уый зарæг ма кæн!

# ХÆМЫЦАТЫ АЛБЕГ: 70 АЗЫ



*ХÆМЫЦАТЫ Албег*

# КÆМ ДÆ, ÆЦÆГ АМОНД?

## СÆУМÆРАЙСОМ

**Дымгæ комы тæртты зилы,
Агуры цыдæр.
Мигъ гæбазгай хæхтыл хилы,
Атайы кæмдæр.**

**Дон бынæй фыцы, ыскæлы
Былгæрон фынкæй.
Фахсыл къудзигай — æхсæлы,
Нал кæны фынæй.**

**Фæндаг — зултæ-мултæ сонтæй
Хъæуырдæм фæраст.
Рагон кувæндон бæрзондæй
Нарджытæм ныккаст.**

**Коммæ урс æхсæрдзæн хауы.
Райхъал и нæ сых.
Хур та фарны тынтæ тауы,
Дунейыл ныппырх!..**

* * *

**Æрвгæрон, зæгъ, кæдæм лидзыс мæнæй?
Æппын дын царды баййафæн куы нæй.**

**Ныббындз дæ разæй, нал дыл хæцы цæст,
Фæстæмæ тагæй ракæсыс æрмæст.**

**Æдзух дæ бæллиц — дугъ æмæ тъæбæртт!
Нæ кæныс мисхал дард фæндагыл мæт.**

Дæу хатгай мигътæ ‘рæмбæрзынц бæстон,
Æмæ мæ цинæн нал вæййы кæрон.

Фæзæгъын: гъер дæм сусæгæй хæстæг
Æз бацæудзынæн аууæтты сындæг.

Фæлæ, æрвгæрон, баййафæн дын нæй, —
Мæ амондау та алидзыс мæнæй...

* * *

*Æнæ Уæрæсе циу Ирыстон, цы? Уæрæсе мын æнæ Ирыстон нæй!*

***Цæрукъаты Алыксандр***

Поэты дзырд, фыдæлты фарнау, раст у,
Мах ард æдзухдæр уый тыххæй хæрæм.
Нæ рухс фидæн Уæрæсеимæ баст у,
Æфсымæртау цъæх арвы бын цæрæм.

Зын фæндæгтæ нæ баиу кодтой царды,
Хæлардзинад нæ тырыса ыссис.
Сыгъдис нæ хъысмæт къорд хæттыты арты,
Фæлæ-иу иумæ никуы ‘нкъардтам рис.

Кæрæдзийæн хæстоны уарт уыдыстæм,
Нæ уыдис не ‘хсæн хин митæ, фыдæх.
Уæззау хæстыты амондмæ цыдыстæм,
Цæстыгагуыйау хъахъхъæдтам нæ зæхх.

Ныр дæр æвзарæм стыр бæллæхтæ бирæ,
Фæлæ нæ вæййæм дудгæ бон æрхуым:
Уæрæсе у йæ ныфсы мæсыг Ирæн,
Уæрæсейæн йæ лæугæ хох — нæ къуым...

## ХÆДЗАРОН КУЫДЗ

Кæны гæппытæ, бинонтимæ хъазы,
Вæййы хæринаг алкæддæр йæ разы.

Уый ферох кодта ‘взæр цæрдтытæ, куыйты,
Æфсæстæй сæ йæхимидæг æлгъиты.

Фæцахуыр ис фæлмæн дзидза, рæвдыдыл,
Фæтъæбæртт кæны хицауæн йæ фæдыл.

Уый нал æрвæссы ‘хсыд ыстæг, къæбæрыл,
Фырцинæй сисы ‘гас хæдзар йæ сæрыл.

Куы — фесхъиуы, куы йе рагъыл фæлдæхы,
Гыццыл пуртийау нал фæлæууы зæххыл.

Фырбуцæй хатт йæ фæстаг къæхтыл кафы,
Æнæ хъылдымтæй иунæг уысм нæ сафы.

Хъæздыг хæдзары райгонд у йæ цардæй,
Нæ йæ фендзынæ раздæрау æнкъардæй.

Ныффидар уаты хъаны цард йæ зонды,
Куыдз у, йе биби — хæйрæг дæр нæ зоны...

* * *

Сындæггай изæр боны рухс ныхъуыры.
Фæтъыссы цары тарст дымгæ йæ фындз.
Уæладзыг сахар тар мигъты ныгъуылы.
Мынæг рухсытæ фæрссæгтæй кæлынц.

Сæрдыгон къæвда хъарм асфальтыл уары.
Фæсабыр ис хæдтулгæты хъæр цъус.
Бынмæ тыххæйты мæйрухсы тын хъары.
Нæ тилифон дæр, цавддурау, ныхъхъус.

Хабар дæ нæй... Мæ зæрдæ дæм æхсайы,
Æхсæв дæ мæтæй нал кæнын фынæй.
Мæ цæстытыл æнахуыр нывтæ уайы.
Фæлыгъд кæдæмдæр уды цин мæнæй.

Фæлладæй та къуындæг фатеры бадын,
Чысыл сыбыртмæ фестъæлфын æваст.
Мæнæн ма баззад а дунейы... хатын:
Æрмæстдæр мæт, æмдзæвгæтæ, нæ уарзт...

## ДÆ ФÆСТÆ...

Хъысмæтæн дæр цы загъдæуа... Мæ цард
Ныссуйтæ, нал арæхсын зарын.
Кæнын дæ фæстæ, рох дурау, æнкъард,
Тæдзы мæ ныллæг къæсыл уарын.

Уыдтæ, бæргæ, мæ хъал удæн цырагъ.
Ызгъордта рухс рæстæг мæ сæрты.
Мæныл дæ фæстæ тар æхсæв ныддаргъ,
Æнцой уысм нал зоны мæ зæрдæ.

Хæрдмæ фæхауын фыны дæр æваст,
Цыдæр тас февзæры мæ риуы.
Мæнæй дæ фæстæ нал цух кæны маст.
Куыдзау мыл уазал дымгæ ниуы.

Æдзухæй мысын ивгъуыд бонтæ, дæу,
Фæлæ мæт кæнын циу? Цы давы?
Мæ цард дæ фæстæ царды хуызæн нæу,
Мæн хур дæр раздæрау нæ тавы.

## ФÆСÆМБИСÆХСÆВ

Мынæг рухс рох фæрссагæй хъары,
Куыйты рæйд ацахсы мæ хъус.
Æнæсыпп, сабыр къæвда уары,
Нæ кæрты ‘ргъæвст дымгæ ныхъхъус.

Фынæй хъæу адджын фынты тайы.
Мæй арф фæлмæн мигъты нымбæхст.
Цыдæртæ ‘нкъард сахат нымайы,
Зынынц ма дард бонтæ æрмæст.

Сæ маст, сæ цины хъæр нæ сысы,
Мæ хуыссæг асырдтой мæнæн.
Хæстæг сæ дзолгъо-молгъо хъуысы,
Рæстæй та с’ ахæсты фæдæн...

* * *

Хъуыды нал бады йæ гаччы,
Низы амæддаг фæдæн,
Цыма зæрдæ сфыхти аджы,
Уд ныхъхъуытты уагъта мæн.

Хауы сæр тъæппытæ уаты,
Нæй йын банцайæн æппын.
Дур пъæззы мæ уæнгтыл бады,
Туджы ‘рбынат кодта рын.

Цард цырагъы рухсау тайы,
Хинæй рацыди мæныл.
Мæн адзал йæхимæ сайы,
У мæ хъысмæтимæ хыл.

Сагъæс, цин æмæ мæстытæ
Хатгай нал фенкъарын æз.
Гъе ‘рмæст ма мæ хуыст цæстытæ
Къуымты агурынц дæ хуыз...

* * *

Кæм дæ, æцæг амонд, цы бæсты?
Цы ‘мбæхсыс арвгæрон æдзух?
Цæхгæр фæсенк кæныс мæ рæзты,
Æппын дæм не ‘ххæссы мæ къух.

Уæддæр дæ агурын. Хæрзхæстæг
Дæу хатгай ауыны мæ цæст.
Фæлæ та фесафын мæ рæстæг, —
Дæ фарныл никуы кæнын хæст.

Нæ дарыс мурмæ дæр мæ зынтæ,
Хæйрæгау амбæхсыс мæнæй,
Цыма дæ кой, дæ хъæр æппындæр
Зæххыл нæ уыдис æмæ нæй...

* * *

*Цард иу бон у, — куы ралæууы изæр,*
*Уæд талынг сурын хурæн дæр нæ комы.*
***Нафи***

**Мæ изæр ралæуууыд мæнæн дæр,**
**Мæ цард, зæронд къæсау, фæкъул.**
**Уæддæр ма уд хæцы цæуылдæр,**
**Æууæнды: н’ анығуылдзæн хур.**

**Фæлæ йæхи, мæгуыр, цы сайы?**
**У æхсæв, м’ аууонау, хæстæг.**
**Мæ хъару рох фатеры тайы,**
**Цæрынæн нал баззад рæстæг.**

**Фæхуыссы боны рухс тын комы,**
**Æцæг цин адард ис мæнæй.**
**Мæн талынг бакæндзæн йæ роны,**
**Цъæх арвæй нал худдзæни мæй.**

## НЫФС

**Æрдзедзыкка сты мигъбындзгуытæ хæхтыл,**
**Ирхæфсы дымгæ къуылдымтыл йæхи.**
**Ыслæудзæн тагъд цъæхдзæст уалдзæг йæ къæхтыл,**
**Кæндзæни ауæдз хуры хъармæ цин.**

**Æртайдзысты, цæссыг калгæйæ, зæйтæ,**
**Зындзæн ма ‘рмæст Сæнайы цъуппыл мит.**
**Фыцдзысты Терчы дойнаг дуртæ, къæйтæ,**
**Ныууадздзæн тымыгъ хъæууынгты æхситт.**

**Фæлæ нырма дæрддзæф у хæхтæй уалдзæг,**
**Нæй кæмтты хъызтæн, митуардæн кæрон.**
**Уæддæр кæнын мæ зæронд гутон цалцæг,**
**Рæхджы ныххуддзæн уды къуымтæм бон...**

## МЕ 'РТÆ ЧЪИРИЙЫ

Бæрзондæй ракæс ныллæгмæ, Хуыцау!
Лæугæйæ дæм æртæ чъирийæ кувын.
Æз царды урсæй никуы дзырдтон сау,
Нæ сахуыр дæн хæдзармæ хæйттæ курын.

Уыдис æдзух рæстаг ныхас мæ уарзт,
Лæджы рухс ном кæйдæр фæрцы нæ хæссын.
Фæуæнт дæуæн мæ кувинæгтæ барст,
Мæхи дæуыл, ирон лæгау, фæдзæхсын.

Зæгъын рæстдзинад никуы уыд æнцон, —
Æз æм тыххæй зын фæндæгтыл фæцыдтæн,
Мæныл-иу арæх акодта фыдбон,
Уæддæр тыхстæй мæ рыстытыл хъæцыдтæн.

Æмæ мын айс мæ сыгъдæг куывд, Хуыцау!
Лæугæйæ дæм æртæ чъирийæ кувын:
Мæ гыццыл Ир фæрныг цардæй фæхауд,
Фæлæ йæ тохы макуы бауадз цудын...

## МÆ ЦИН, МÆ НЫФС — ЦХИНВАЛ

*(Цикл)*

### 1. 8-ÆМ АВГУСТ 2008 АЗ

Нæмыг ихау уары,
Уынгты туг ысмал.
Æхсæвы мæйдары
Фестад арт Цхинвал.

Сау фæздæг ыздыхсы,
Нал судзы цырагъ.
Алырдыгæй хъуысы
Сау марой, гæрах.

Гуырдзыйы æфсæдтæ —
Бирæгътæй фыддæр.
Фисынмæ — сæ фæндтæ,
Маргæйдзаг — сæ сæр.

Хъавынц сахар танктæй
Бакæнынмæ най.
Фæлæ знаг нæ зæххæй
Н' атондзæни хай.

Дзæгъæлы та къахы
Ирæтты фыдгул.
Н' аныгуылдзæн махыл,
Иры хæхтыл хур...

## 2. ЦХИНВАЛ

Дæ уынгты тох, цыфыддæр тох ныхъхъус,
Сыгъд хæдзæрттæн сæ тарбын фæздæг калд.
Уæддæр ивылд дæ уды фарнæй рухс,
Нæ хаст къонаты не 'рмынæг и арт.

Ды басгуыхтæ нæртон сахар — мæсыг.
Уыдис дын ныфс фыдæлты уæзæг — мад.
Йæ хъул та абадт сау ызнагæн цыг,
Тæссæй йæхицæн нал ардта бынат.

Лыгъди фæстæмæ — базыдта йæ бон.
Йæ цыргъ сыкъа æртыккаг хатт ныссаст.
Æрцыд йæ фæндтæн — хин митæн — кæрон,
Тыдта фырмæстæй ирæттæм йæ маст.

Ды та уыдтай нæ хæхты сæрмæ хур,
Ыстыр тых, намыс разынди дæумæ.
Дæ ныхмæ галæй бабырста фыдгул,
Фæлæ та хъугæй аздæхти хъæмæ.

Дæ уынгты тох, цыфыддæр тох ныхъхъус.
Сыгъд хæдзæрттæн сæ тарбын фæздæг калд,
Уæддæр ивылд дæ уды фарнæй рухс,
Нæ хаст къонаты не 'рмынæг и арт.

## 3.

Хæст фæцис, фæлæ йæ фæстæ
Баззад тугзæйтæ, бæллæх.
Цардæн аскъуыдта йæ хъæстæ,
Басыгъд уый азарæй зæхх.

Сахар, хæлд хæдзæрттæ — тары.
Бæстæ — сау ала, фæздæг.
Хъарæг дурдзæндтæм дæр хъары.
Нал ис рухс уынгтæй бæрæг.

Тох, цыфыддæр тох ныссабыр.
Чи — уæззау цæфтæ, чи — мард,
Цыма дунесконд йæ къахыл
Фидар нал ыслæудзæн тагъд.

Цыма ирæттæн фыдохы
С' амонд — уаз мæсыг — ныккалд.
Фæлæ хъен-ментæй дæр тохы
Сыстдзæн фæздæгæй Цхинвал.

## НЫРЫККОН ХИЦАУ

Нæ уыд дæуæн дæ цардвæндаг æнцон,
Фæлæ нæ кæныс мисхалбæрц фæсмон.

Дæ хуыцау — хицау, кодтай йын лæггад,
Ыстыдтай йын йæ хин фæндтæ, йæ кад.

Цæстмæмитæй йæ никуы уагътай цух,
Уыдтæ йæ цуры коммæгæс æдзух.

Ысдæ йын хъазæн, цумайы лæдзæг,
Æххæст ын кодтай й' алы дзырд цæрдæг.

Хъæуа-нæ хъæуа, фестадтæ-иу тагъд,
Йæ сæрыл кодтай бирæтимæ загъд.

Нæ ауæрстай мæнг дзурыныл хъæрæй,
Дзырдтой «дæлимон» раст адæм дæуæй.

Нымад дæм нал уыд уды рис, æфсарм,
Уыдис дæ къона 'нæ уыдон дæр хъарм.

Æрмæстдæр хицау... хицау уыд дæ мæт,
Æмæ дæм бахудт иуафон хъысмæт:

Нæ фæци де ‘гад, сау тухæн дзæгъæл, —
Ыссардтай мулкмæ, хицаумæ дæгъæл.

Дæ хъул дæуæн дæр абадтис ныр сах? —
Æргъæу галуанмæ бавæрдтай дæ къах.

Æруагътай хъарм къæлæтджыныл дæхи,
Дзаджджын хай дæ фæрныг фынгæй фæци.

Фæхъæздыгдæр, фæрайдзастдæр дæ цард,
Кæныс æрвылбон хи гуылы бын арт.

Бынатмæ саг лæг нал уадзыс хæстæг,
Кæсы дæм дуне сойæвдылд, æцæг.

Æмбарыс хорз: у тохгæнæг цæлхдур,
Паддзах дæр æм фæкæсы, мæгуыр, зул.

Æмæ йыл къахæй ахæцыдтæ... ‘Рмæст
Кæныс пайда уынаффæтæ æххæст.

Æууæнк дыл хатгай къæсæрмæ дæр нæй,
Кæныс фыды фарн, Иры намыс уæй.

Кæсыс дæхимæ Семæй дæр уæлдæр,
Хæссыс бæрзæндты хъалхуызæй дæ сæр.

Дæ алыварс —дзырдхæсджытæ дзæвгар,
Нымад дæм нал у тугхæстæг, æмгар.

Дæ ныхмæ схауди искæмæй ныхас, —
Æргом-сусæг æй ассæндыс æваст.

Хæцынц дæ фарс фыдгæнджытæ, мæнгард,
Ыскодтай сæ дæ цъаммар митæн уарт.

Сæ рохтæ — уæгъд, сæ гæнæнтæ — уæрæх,
Кæнынц нæ мастыл хъазгæмхасæн цæхх.

**Ӕнæстыгъд Иры нал ныууагътой къуым,**
**Кæнынц хæрæгæй кувæн рæтты хуым.**

**Дæуæн ысси хæлæф кæнын дæ низ,**
**Ӕхцатæ, мулкæй нал зоныс æфсис.**

**Вæййынц æдзух дæ дзыппытæ къуыпдзаг,**
**Уæддæр ныхилыс къазнамæ фыццаг.**

**Дæ цæсгом, де 'фсарм бахордтай бынтон,**
**Ӕлгъаг хъуыддæгтæн нал зоныс кæрон.**

**Ӕгъдау дæм нæй, нæу адæмыл дæ мæт,**
**Сайтанæй дæ ысныв кодта хъысмæт.**

**Нæ вæййыс никуы 'лгъаг хъуыдытæй уæгъд,**
**Кæнынц дæуæн дымысдæртæ æмдзæгъд.**

**Ды бухъхъ цардæй дæхи удæн цæрыс,**
**Нæ фæллæйттæн сæ урс хъаймагъ хæрыс.**

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# УЫЦЫ ТÆССАР-МÆССАР ФÆНДАГ

*Уацау*

*Кæд кæрæдзийæн фаг*
*нæ фæдзырдтам...*
***Къоста***

## 1

Дзахо ауырдыг кодта асинтыл. Йæ иу къух гæзæнхъæдыл æвæрд уыд æмæ, йæ къæхтæ куыд иста, афтæ бырыди къух гæзæнхъæдыл. Йæ иннæ къухы та лæдзæг уыд, фæлæ йыл, лæдзæгыл куыд фæхæцынц, афтæ нæ хæцыди — йæ астæуыл ын хæцыди, цыма йæ чи нæ хъуыди, ахæм хъил уыди æмæ йæ æппарынмæ хаста.

Дуарахизæны цы дæргъæццон æрлæууæн уыд, уырдæм куы ныххæццæ, уæд æркасти лæдзæгмæ, стæй йын йæ фындз зæхмæ æрхаста, æрхоста дзы зæххы дурастæрд, æмæ йæ къупп-къупп ссыди астæрдæн, æмæ афтæ зынд, цыма дуарæн æдде цы дуне и, уымæ хъусын кæны: фидар лæуу, лæдзæгджын лæг дæм фæцæуы.

Лæдзæг сæм фаронæй нырмæ и. Фарон æй æрхаста лæппу. Кæмдæр Уæрæсейы уыди, уым бафтыди, лæдзджытæ кæм уæй кодтой, ахæм дуканимæ, æмæ йæ уым алхæдта. Цас алхæнинаг уыди! Фæлæ йæ нырмæ никуы райста йæ къухмæ Дзахо. Йæ зæрдæ йæ нæ куымдта — лæдзæг райс æмæ лæдзæгимæ фæцæйцу! Маизæ-иу бустæтыл схæцыд:

— Дæуæй кæстæр чи у, уыдонæй куы ничиуал цæуы æнæ лæдзæг, уæд ды цы хъал балхæдтай?! Стæй лæппуйæ дæр аргъуц кæнын хъæуы — далæ дын æй арвы кæронæй фæхаста!

Нæ-иу æй бакуымдта. Уый дæр-иу бустæгæнæг скодта йæхи:

— Гæррæтт, ам уыдзæни уæ лæдзæг, лидзгæ уын никуыдæм кæны! Дард нæ цæуын, мæнæ къæсæрæй дуармæ цæуын æмæ мæ цæй лæдзæг хъæуы! Хæрзаг мачи зæгъа...

Афтæтæ-йедтæ-иу дзырдта æмæ-иу йæхиуыл ахæц-ахæц кодта дуарырдæм.

Фæлæ йын æй абон Маизæ йæ размæ рахаста. Йæхицæй йын расомы кодта:

— Уæд дын æз амæлон, ды мæ коммæ куы нæ бакæсай!. Фенма йæ, фен, кæддæра куыд дзæбæх у! — Уым йæ ныхас хъазынырдæм фездæхта:

— Кæс-ма-иу, кæддæра дæм чызджытæ кæрæдзи сæрты нæ гуыдзиццытæ кæниккой, афтæ нæ фидауис ацы лæдзæгимæ.

Æмæ лæдзæгæй дзæбæх лæдзæг у, æвзæр лæдзæг нæу. Къадзонийæ-æндæрæй — алцæмæй æххæст. Æцæг, цы хъæд у, уый нал зыны — ахорæнæй йæ æгæр бæзджын сахуырстой, æмæ ма куыд разына йæ хъæд! Æлхæнгæ лæдзджытыл иууылдæр афтæ калд нæ вæййы ахорæн! Уый хиарæзт лæдзæгæн фæзыны йæ хъæд. Уымæн дзы æмбал бæргæ нæй, хиарæзт лæдзæгæн. Сæхæдæг цы лæдзæг сарæзтой иухатт Уаназæн! Уæд æвдæмты ахуыр кодта Дзахо. Сæ ахуыргæнæг чи уыд, сæ къласгæс, уый йæ куыст ныууадзыны фæндыл ныллæууыди. Йæ уæрджытæ сахъатæй æрхаста хæстæй, нал сæндидзыдтой.

Уæд алыг кодта — цæугæ!

Тарвазыл хæцгæйæ, дам, куы фæцæйхизын къласмæ, уæд, дам, мыл мæ цæсгом басудзы. Афтæ, дам, загъта скъолайы хицауадæн.

Кълас сдыууæрдæм. Æхца куы æрæмбырд кæниккой, уæд иу-цалдæрæй горæтмæ ацæуиккой æмæ исты балхæниккой. Фæлæ кæм и æхца! Æмæ уæд ахæм ныхæстæ райдыдтой: кæмæ цы и, уый рахæссæд — чи цыхт, чи — æйчытæ, чи — хъæдур. Ауæй сæ кæндзысты.

Уаназы хъустыл æрцыди уыцы раныхас-баныхас, æмæ иубон, урок куы фæци, уæд дуар æнгом æрбахгæдта, журнал æмæ йæ чингуытæ йæ дæларм, йæ лæдзæг йæ къухы, афтæмæй сæ разы æрлæууыди. Уыдон æм æнкъардæй кастысты, æмæ сæм бахудти Уаназ.

— Цæй, æмæ мын лæдзæг саразут. Мæн лæдзæгæй æхсызгондæр ницы хъæуы. Æмæ мын лæдзæг саразут. Уæ алкæй къух дæр æм куыд фæхæццæ уа. Æмæ-иу йе 'нцæйтты куы фæцæйцæуон, уæд цыма сымах æнцæйтты цæуын, афтæ йæ куыд æмбарон æмæ мын афтæ æхсызгон куыд уа.

Дыккаг бон урокты фæстæ Хуссармæ агуылф кодта кълас чызгæй-лæппуйæ. Дунейы лæдзæггæгтæ ракодтой, иу ранмæ сæ æрхастой. Бирæ сæм фæракæс-бакæс кодтой æмæ дзы иу равзæрстой, æхсынцъы. Йæ къадзони дзæбæх, арм ыл куыд æрбада, йæхæдæг — раст топпы фатæй растдæр. Нæдæр ставд, нæдæр бынтон лыстæг. Сарæзтой йæ, йæ цъар ын бастыгътой. Йæ буар сзынди. Хæнтурс нæ уыди йæ буар, цыдæрхуызон бурбын радардта, цыма пылыстæг уыди.

Æмæ йыл цас фæцин кодта Уаназ!.. Йæ-иу къухæй-иу æй иннæ къухмæ айста, йæ фындз-иу ын хъавгæ æруагъта зæхмæ. Æрæнцади-иу ыл, стæй та-иу æй систа, йæ дыуузæ къухæй-иу ыл ныххæцыд, æхсаргард кæмæн балæвар кæнынц, уый йыл куыд ныххæцы, афтæ, æмæ та-иу загъта:

— Акæсæд-ма исчи уыдонмæ Хуыцауы тыххæй! — Уыцы иу ныхæстæ кодта, цал хатты касти лæдзæгмæ, уал хатты. Стæй-иу æм бахудти, цыма цæмæйдæр къæмдзæстыг уыд йæ разы, уый хуызæн.

Цыди Дзахо уыцы дæргъæй-дæргъмæ тыгъд уынджы. Лæдзæг хъазуат ист кодта æмæ йæ хъазуат æвæрд кодта, цыма йын афтæ зæгъынмæ хъавыд — ам дæр дзы лæппу и, лæппу! Цыди Терчырдæм — уым та абада, уыцы хибар бандоныл. Бæргæ, куы никæй йыл баййафид — хибар ран кæй ис, уый тыххæй у, æвæццæгæн: адæм æм къæппæй лæууынц. Æмæ йыл чи нæ абаддзæн! Фылдæр ыл, ацæргæ чи у, ахæмтæ фæбады, фæлæ йыл чызджытæ æмæ лæппуты дæр баййæфтытæ кæны. Ибон та дзы æнæгъдауæй баййæфта чызг æмæ лæппуйы. Кæд нæ бадти чызг лæппуйæн йæ уæрагыл, афтæмæй йыл ноджы йæхи куы баныхасид! Æцæг, куыддæр ауыдтой Дзахойы асинтыл æрцæйхизгæ, афтæ фестадысты æмæ кæрæдзийы къухтыл хæцгæ асинтыл уæлæмæ лидзынмæ фесты.  Дзахо бирæ фæлæуууыд бандоны уæлхъус æнкъардæй.

Фæлæ дзы уæддæр фылдæр ацæргæ адæм фæбады. Иунæджытæй дæр дзы фæбадынц, цалдæргæйттæй дæр. Æмæ йын хъыг вæййы Дзахойæн, искæй дзы куы баййафы, уæд. Хæрзæрæджы

та дзы иу æнахуыр сылгоймаджы баййæфта бадгæ. Йæ сæрыл хъулон-мулон сæрбæттæн баст, уый карæн сылгоймæгтæ нæ, фæлæ чызджытæ кæй фæдарынц, ахæм, æмæ йæ бынæй сæрбæттæнæн йæ дыууæ уадулыл дæр сæнæфсиры цуппæлтты хуызæн урс-урсид дадалитæ хауд. Афтæ урс уыдысты, æмæ сæм цæстытæ нæ лæууыдысты, хурбон, чи фæдзода уа, уыцы митмæ куыд нæ фæлæууынц цæстытæ, афтæ. Сылгоймагæн йæ уæрджытыл уыди, йæ астæуыл кæй рафæлдæхтæуыди, ахæм къаннæг чиныг, æмæ йыл йæ дыууæ тъæпæн армы лæууыдысты кæрæдзи уæлæ дзуарса æвæрдæй, цыма чиныг дæр рох баци уæрджытыл æмæ къухтæ дæр рох баисты чиныгыл, уый хуызæн. Йæ цуры чидæр кæй æрлæууыд, уый уайтагъд нæ ба-зыдта — йæ цæстытæ цъынд уыдысты. Куы йæ базыдта, уæддæр кæсгæ нæ ракодта, афтæмæй къухтæ базмæлыдысты чиныгыл, бафæлдæхтой йæ, стæй йæ йæ тары бавæрдта, цыма йæ чиныгдоны бавæрдта, афтæ. Уый фæстæ йæ сæр азылдта æмæ йе уæхсчы сæрты ахъæр кодта:

— Азнымæт!

Æмæ уыцы тæккæ сахат асинтыл æрдугъ кодта, нырма чындздзоны кармæ иу-цалдæр азы бауайын кæй хъуыди, ахæм гомцонг чызг. Багуыбыр и сылгоймагмæ, йæ дæларм ын йæ цонг бакодта æмæ фæцæуыныл сты асинтыл.

Дзахо сæм дзурын ницы сфæрæзта. Æмæ йæ æниу цы дзуринаг уыди кæйдæр ус æмæ чызгмæ! Кæд сæ хатыр ракуырдтаид, кæй сæ бахъыгдардта, уый тыххæй? Фæлæ куы ацыдысты, уæд æм иу хъуыды фæзынд — цымæ йæ цæстæй ракасти, асинтыл куы фæхæрд кодта уыцы ус уæд, æви нæ ракаст йæ цæстæй? Æмæ куыд цыдаид цъынддзастæй асинтыл æмæ цæуылнæ хъуамæ ракастаид йæ цæстæй?! Йæ зæрдæ йе 'муд нал æрцыди бонизæрмæ. Бадгæ дæр цъынддзастæй кодта, афтæмæй чиныг та фæлдæхт уыд, цыма дзы кæсгæ кодта, стæй йæ æрæвæрдта йæ уæрджытыл. Йæ тары йæ куыд бавæрдта! Æвæццæгæн ын куы фесæфа, уымæй тынг тарсти. Йæ тары йæ дары.

Æмæ та дзы исчи куы уа ныр дæр, бæргæ раздæр куы рацыдаид, фæлæ уыцы уац! Уартæ йыл кæдæй нырмæ бады! Æмæ абон нал сыстад, цалынмæ йæ фæци фыст, уæдмæ. Не 'взаг, дам, сæфы! Хъæр кæнынц фæйнæрдыгæй. Цыма, куы хъæр кæной, уæд нал фесæфдзæн! Æмæ, дам, нæ адæмæн сæхи аххос у: сæ сывæллæттæм, дам, хæдзæртты иронау нæ дзурынц. Уыдон,

Бабуцайы ныхæстæ кæй фæхонынц, ахæмтæ сты. Ай-гъай, дзурын хъæуы иронау сывæллæттæм, куыд сæм нæ хъæуы! Фæлæ уыдæттæй бауромæн нæй, нæ гыццыл æвзагыл уæле цы стыр лæсæн рацыди, уымæн. Æмæ, цæмæй уыцы стыр лæсæн чи у, уый, йæ разы цыдæриддæр фæуа, уыдон йæ быны ма ныккæна, уымæн стыр паддзахадон рахæц-бахæц хъæуы. Уыцы лæсæн цæугæ кæцæй кæны, уым куы нæ æрцæуа йæ разы цæлхдуртæ æвæрд, уæд ын ам бауромæн нæй. Æнæуи йæ нæхæдæг быроны бын кæй кæнæм, уый дæр дзы и, куыд нæ дзы ис уый дæр! Боныхъæд, дам, æмæ, дам, хæрзхъæд дзул! Байдзаг æй кодтам уыцы бындарæйзаинаг хъ-тæй, йæ туджы чи нæй, йæ буар кæй нæ уарзы, уыдонæй æмæ йæ ноджы дзаг кæнæм. Хъахъхъæнæг, дам, хъаггæнæг нæ фæлæ! Афтæмæй дзырды уыцы фыццаг «хъ» дæр нæ уыди — гъæуайгæнæг! Ростовы, дам, цыдысты ерыстæ уæгъдибар хъæбысхæстæй. Куыд цыдысты?.. Кæдæм цыдысты? Цæуыл цыдысты? Нæ цыдысты, гукк! Ростовы уыди ерыстæ. Фæлтау уал газеттæ дæр æхгæд куы 'рцæуиккой, телеуынæн дæр æмæ уал радио дæр куы нæ дзуриккой иронау. Чи зоны, уый фæпайда уаид æвзагæн — алыбоны тыхмитæй уал уæддæр уаид хызт. Кæнæ, дам, зылангон æмæ æзылангон мыртæ! Нæ грамматикæйы чингуытæ бæз-бæз кæнынц уыцы дзырдтæй. Æмæ, уыцы чингуытæ чи аразы, уыдонæн иу афтæ зæгъæг нæй: уый цы ми кæнут, хорз адæм?! Зылангон чи у мыртæй, уыдон зылангон уымæн хуыйнынц æмæ зыланг кæнынц, æмæ сæ фæсæфтуан «он» комкоммæ ууыл дзурæг у, зыланг кæй кæнынц, ууыл. Фæлæ зылангон чи нæу, зыланджы уддзæф кæм нæй, ууыл та цæй тыххæй ныхасæм уыцы мæгуыр фæсæфтуан?! Мæнæ æнæцæхджын бас куыд зæгъай æдзæх басы бæсты, афтæ!

Уæд æзыланг мыр у æмæ йæ афтæ хон — æзыланг! Æмæ дзы цас ахæм æнæсæрфат хъуыддаджы ис!

Фæфыста уыцы дæргъæй-дæргъмæ уац, æмæ йын фенцондæр ис. Æндæр, пайда кæй ницы æрхæсдзæн, уый зоны. Уый, куы нæма йæ райдыдта фыссын, уæддæр зыдта. Комкоммæ кæмæ хауы, уыдонæй дæр æй чи бакæсдзæн, чи — нæ. Чи йæ бакæса, уый дæр æй бакæсдзæн æмæ йæхицæн сбаддзæн. Хицауадмæ та йæ кой дæр нæ сыхъуысдзæн. Кæмæ сæ сыхъуыса, уый дæр æм йæ хъус не 'рдардзæн. Уыдонмæ афтæ зыны, хицауадмæ, цыма æвзаджы фарстытæ-йедтæ уыдонмæ нæ хауынц. Уыдон сæм ницытæ æмæ мацытæ кæсынц. Афтæмæй уыдон, уыцы фарстытæ

сты сæ куысты рахæцæн. Æвзаг адæмæн йæ уд æмæ йæ цæст у, æмæ æппæты фыццаг уымæн хъуамæ кува æмæ табу кæна алы хицау дæр, кæд æцæг хицау у, уæд.

Æмæ хъазуаты цыд кодта. Йæ лæдзæг, куыд цыд, афтæ иста æмæ йæ, куыд цыд, афтæ æвæрдта. Хатт-иу йæ къуырцц дæр фæцыди лæдзæджы фындзæн уыцы дурастæрд уынгыл. Куы никæй дзы баййафид. Стæй йæм цæугæ дæр куы ничи бакæнид! Иунæгæй бадын æй куы бауадзиккой. Фæстаг рæстæджы йæм цыдæр уæлдай зæрдæ фæзынд иунæгæй абадынмæ.

Æвæццæгæн ыл йæ фæллад æртæфсти — йæ ацы бонты фæллад нæ, йæ иугуыр царды фæллад. Йæ цард, цы уыди, уый гæххæтты уæлхъус арвыста, фыссæн гæххæтты уæлхъус, æмæ бæрн и фыссæн гæххæтты, стыр бæрн дзы и. Уал чиныгыл фæфыдæбон кодта, удуæлдай фыдæбон сыл фæкодта. Адæмы æхсæнмæ сæ фервыста, лæг йæ хъæбулты куыд фервита адæмы æхсæнмæ, афтæ. Сæ хабæрттæ йæм хъуыстысты. Кастысты сæ адæм, дзырдтой йæм, фыстой йæм. Нæргæ кад æм не 'рхауд, æмæ йæ хъæугæ дæр нæ кодта нæргæ кад. Æнæуи йæ нымадтой æмæ йæ ныр дæр нымайынц. Зонынц æй — куыдфæндыйы зæрдæйæ никуы æрбадти гæххæтты уæлхъус. Хуыздæр æй чи базыдта, уыдонмæ уæлдæр æвæрд у йæ ном. Æмæ хъуамæ афтæ уа. Лæджы чи нæ зоны, ома фыссæджы, уый йын цæй хынцмæ хъуамæ æмдзæгъд кæна?! Афтæмæй арæх вæййы афтæ, тынг арæх. Æмæ лæгæн йæ фарсæй цы фæуа æндæр дзы йæ фарсыл цы хъуамæ бахæца ахæм æмдзæгъдæй?!

Никуы бабæллыд æмæ тырнгæ дæр никуы бакодта, амдзæгъд ын кæной, уымæ. Цыди иу чиныгæй иннæмæ. Куыд фæзæгъынц, дæллаг галы цыд кодта. Æмæ йæ цард чиныгæй чиныджы æхсæн дихтæ 'рцыд. Хайгай баци. Фæугæ дæр хайгай фæкодта, фæци. Йæ алыварс куы акæсы, тынгдæр æм уæд бахъары. Иунæгæй иунæгдæр кæй кæны, уымæй. Уый дæр, царды æгъдау у — чи цас фылдæр цæры, уыйас иунæгдæр кæны... Цæуынц йе 'мбæлттæ, йе 'мкусджытæ. Цæуынц æмæ цæуынц. Æмæ быгъдæг кæны йæ дуне. Гадзо дæр ацыд. Раджы ацыд Гадзо. Йæ тæккæ лæджы кармæ куы бахæццæ ис, уæд. Институты куыста. Ам ноджы бангом сты, горæты. Афтæмæй рарынчын и. Цы дохтырмæ нæ фæдугъ кодтой — фыццаг бонты дыууæйæ иумæ дугъ кодтой, стæй иунæгæй райдыдта дугъ кæнын Дзахо, Гадзо куы æруатон и, уæд. Цы хостæ йæм не скъæфта! Фæлæ, дам,

адзалæн мадзал нæй — мæнгæй нæ баззади. Парсадан дæр ацыд. Уый фæстæдæр ацыд Гадзойæ. Бирæ фæстæдæр нæ. Уый маст бахордта, Таизæйы маст. Уæд ма йæ федта фæстаг хатт, Гадзойы зианы. Куыдта æмæ куыдта æмæ йын афтæ кæугæ-кæуын дзырдта æмæ дзырдта. Куыд ыл нæ фидыдта кæуын! Уый хуызæн стыр æмæ тыхджын лæг æмæ ку! Ууыл цин кæнын фидыдта — худын, хъæлдзæг ныхас кæнын. Æмæ йын йæ алы ныхас не 'мбæрста Дзахо, афтæ-иу æм дзы æхсæнмæ-хсæнты æрбайхъуыст истытæ. Фæлæ йæхæдæг дæр кæугæ кодта æмæиу æм цы æрбайхъуыст, уый дæр-иу йæ зæрдыл нæ бадардта. Æрмæст уыцы ныхæстæ хъусгæ дæр хорз фæкодта æмæ сæ йæ зæрдыл дæр хорз бадардта. Парсадан ын Таизæйы кой кодта. Кæддæр æм афтæ бадзырдта, Парсаданмæ бадзырдта, уый йæм бадзырдта, Таизæ, Дзахо Бардзины фырты йеддæмæ, дам, зæххы бикъыл лæг нæй. Афтæ йæм бадзырдта, цыма йæм æнæуи дзырдта. Кæсгæ уымæ нæ кодта, Парсаданмæ, æвæццæгæн æй йæ цæсгом нæ бауагъта, кæсгæ дæр ма йæм кæна, уый. Æмæ уый æрцардта Парсаданы, кæсгæ йæм кæй нæ кодта, уый. Цыма ницы фехъуыста, йæхи афтæ равдыста æмæ æндæр ныхæстыл фæкодта йæхи. Æнæуи йæ æмбæрста Парсадан, куыд нæ йæ æмбæрста! Нæ йын уыдта йе 'гæнон митæ! Æмæ сæ йæ зæрдæ дзæгъæлтæ кодта. Уынджы астæу-иу лæугæйæ уымæн баззад. Иуырдæм сагъæс кодта, иннæрдæм сагъæс кодта. Фæлæ нæдæр иуырдæм уыд йæ бон исты саразын, нæдæр — иннæрдæм. Куыд бабустæ кодтаид чызгыл, йæ сонт зæрдæмæ куы ныхъхъуыстаид, уымæй йын нæ тарсти! Уæдæ ууыл та бустæтæ дæр куыд бакодтаид, Дзахойыл! Цæй тыххæй йыл хъуамæ бабустæ кодтаид?!

Уый раджы уыд, раджы загъта уыцы ныхæстæ Таизæ. Æмæ сæ æнæуый нæ загъта — цыдæр тас æй бафтыдта, уыцы ныхæстæ зæгъа, ууыл. Уый нырма æнахъом кæй уыд, скъоладзау кæй уыд нырма, уый та йæ усгуры карæй дæр кæй фæцæйхызти, Дзахо, уымæй тарсти æмæ йæ уыцы тас сдзурын кодта афтæ. Дзахо дæр æй æмбæрста, куыд нæ йæ æмбæрста Дзахо дæр! Фæлæ цыма æлгъыст фæци, уымæй уæлдай йæ бон ницы уыди. Куыд æргуыбыр кодтаид скъоладзау чызгмæ! Уый гæнæн куыд уыди?! Йæ ном худинаг æмæ аллайаг куы фæуыдаид! Уæдæ йæм бадыныл дæр куыд схæцыдаид уал æмæ уал азы! Цалынмæ уый институтмæ цыдаид, институтæй здæхтаид. Йæхæдæг багъæцыдаид, йæ

зæрдæйы бын цы рухсы тын фæтæпп-фæмынæг кодта, уый куы бауагътаид схæцын, уæд æй æндæр ницы хъуыд, фæлæ сын хионæй-æддагонæй уыцы рухсы тыны кой кодтаид! Стæй дæр уыдæттæ æнхъæл кæм уыди! Мæнæ иу йæхи æмгар дзæбæх лæппуйыл амбæлдзæн æмæ дзы айрох уыдзæн уый. Худгæ дæр ма кæндзæни йæхиуыл — цы æнæсæрфат митæ кодта! Парсадан хъæрæй куыдта, уый хъæрæй нæ куыдта. Парсаданы фарсмæ лæууыд æмæ уысмæй уысммæ сæрфта йæ цæстысыгтæ йæ хуылыдз къухсæрфæнæй.

Ныр, дам, æм хъуамæ ацæуон æмæ, дам, æй æркæнон. Йæ рынчынæй дæр, дам, дзы йæ фыццаджы цинтæ исдзынæн! Уыдонæй, дам, цæрдзынæн, уыцы фыццаджы цинтæй.

Нæ йын бантыст ацæуын. Гадзойы æвæрæн бонæй иу къуыри дæр нæ рацыд,æмæ иу райсом нал райхъал. Фынæй куыд уыд, афтæмæй æрлæууыд йæ зæрдæ, йе стыр зæрдæ, йæ сыгъдæг зæрдæ.

Уæдмæ бахæццæ Терчы былмæ. Бандон кæм лæууыд, уырдæм цы дурын асин уыд, уый сæр гыццыл алæууыд æмæ фæуырдыг кодта. Бандон афтид разынд, æмæ æхсызгон улæфт ныккодта Дзахо.

Терк цыди æмæ цыди. Йæ уæззау уылæнтæ уæззау хастой сæхи уыцы парахат ахæссæнты. Фæсте цы уылæнтæ цыд, уыдон тагъд кодтой — сæ разæй чи цыд, уыдоны куы байиафиккой, сæ быны сæ куы ассæндиккой, сæ сæрты куы абырсиккой! Уый се 'рдзон фæтк у уылæнтæн: фæстæгтæ разæй куы фæуиккой, ууыл хъарынц сæ уд. Æмæ æниу канд доны уылæнтæ не сты афтæ — царды уылæнтæ дæр афтæ сты. Æмæ сын нæ дæр фехæлæн ис, нæ дæр фехалæн. Уылæнтæм каст, афтæмæй йæ зæрдыл æрбалæууыдысты Рагнетæ æмæ Дзахойы гæххæтт. Фыссынц сæм — æрцæуын сæ фæнды. Ды, дам, цы бæрзонд хохæй рахаудтæ, уыцы хох уынын дам фæнды Дзахойы, — хъазы Рагнетæ. Фæрсынц сæ — дыууæйæ ацæуой мад æмæ фырт æви фырты бинонты дæр акæной — куыд хуыздæр уыдзæн?.. Цы зæгъдзæни Маизæ? Уый куы ницы алыг кæна, уæд Дзахойы бон ницы у. Дзахо сæм уæд ма цæуынтæ-йедтæ фæрæзта. Маизæ ма йын кæстæр лæппуйы дæр фæраст кодта йемæ. Æмбаргæ у, тынг æмбаргæ Маизæ, уæзбын. Иу сæртæг ныхас дзы нæ фехъуыста нырма, айбæрц иумæ цæрынц æмæ. Йæхи тыхст дæр ын æрсабыр кодта — цы нæ 'рцæуы! Æгайтма æфсымæр и йæ дыууæ

лæппуйæн! Æртæ æфсымæрæй хуыздæр цы уа!

— Дæлæ дзы чидæр! — æвиппайды йæ хъустыл ауад кæйдæр цъæхснаг хъæлæс, йæ фырцъæхснагæй зæлланг кодта ныхас, æмæ йæ хъуыдытæй фæиртæсти Дзахо.

— Æмæ йыл бæстæ баруади, бæстæ йыл баруайа, чидæриддæр у! Иууыл та уымæ ныккастысты, уыцы бандонмæ! Дугъ-дугъ æмæ та сæ тъæпп ууыл фæцæуы. Æмæ дын уымæн дзырдтон — фезмæл! Фæлæ ды дæхи бибитæ кæныныл схæцыдтæ, афтæмæй нырма зæххæй къуыпп нæ дарыс!

Уый та уæззау ныхас уыд. Йæ уæззауæй зæрдæйыл æмбæлд, æмæ дзы æлгъæд кодта зæрдæ.

Æмæ æрцахста йæ хъуыды Дзахойæн: — уый чызг у нырма, цъæх чызг, бустæ кæуыл кæны, уый — бустæгæнæг йæхæдæг та ацæргæ сылгоймаг у, стæй, йæ хъæлæсмæ гæсгæ, цард гино-гино кæмæн нæ кодта, ахæм.

— Ныккæс-ма искæуылты, кæддæра цы ми кæны?

— Цы ми хъуамæ кæна! Бандоныл бадгæ фæкæнынц, кафгæ йыл нæ фæкæнынц, — чызджы цъæхснаг хъæлæсыл бустæйы фæлм абадт æмæ йыл нæ фидыдта.

— Ам уæлæмæ цингæнгæ цыдтæн, сбаддзынæн та, зæгъын, уыцы хибар ран, уыцы дзæбæх бандоныл æмæ та мæ зæрдæмæ хъусдзынæн. Æмæ дын ай мæ митæ! Уый дзы, чи зоны, йæ фырхъалæй бады, æз та дзы мæ фыркалдæй абадынмæ хъавыдтæн, æмæ уый фæразæй. Гъеныр уый бæстысæфт нæу! Ныккæс-ма, кæддæра нæлгоймаг у æви сылгоймаг.

— Уый та дын цы уæлдай у?

— У мын уæлдай, у. Куы нæ мын уаид уæлдай, уæд æй æз зонин. Сылгоймаг куы уа, уæд йемæ абадæн дæр и. Уый йæхицæн бадид, æз — мæхицæн. Æмæ бадиккам дыууæ сылгоймаджы уаиккам æмæ.

— Æмæ нæлгоймагимæ нæй бадæн? Уый йæхицæн бадид, ды — дæхицæн.

— Нæлгоймæгтимæ та-иу ды бад! Мæн ницы хъуыддаг и нæлгоймæгтимæ бадынмæ.

— Нæлгоймаг у!

Æмæ афтæ фæзынд Дзахомæ — æхсызгон уыди чызгæн, сылгоймаг нæ, фæлæ нæлгоймаг кæй бады кæмдæр, уый.

Æмæ та уый хæдуæлвæд фехъуысти иннæ хъæлæс дæр.

— Алæма, кæддæра æцæг нæлгоймаг у!

Æмæ бадис кодта Дзахо: цымæ чызгыл цæмæннæ баууæндыд, йæхæдæг ма цæмæн кæсы, кæмдæр чи бады, уымæ? Æмæ, цымæ, кæм бады, кæмæ кæсынц, уый? Æмæ сæ, цымæ, йæхæдæг нæ уыны? Æмæ сæ куыд нæ уыны цымæ йæхæдæг?!

Æмæ æрфæндыд Дзахойы — искуыцæй сæм куы скæсид! Цымæ мад æмæ чызг не сты, афтæ йæм фæзынд, æмæ уæдæ иумæ цы ми кæнынц ам? Фæлæ сæм кæцæй скæса? Ныр уыцы дурын асиныл ахæрд кæна уыдонмæ бакæсыны тыххæй? Æнæуый уым кæмдæр сты уæле. Сæ ныхас уырдыгæй цæуы.

Æмæ та уæд фехъуысти чызджы ныхас — ацы хатт цыдæр рæтъузæн азæлд дæр разынд йæ ныхасы:

— Гъомæ уæлæ уæлдæр — бандæттæ, дæлæ дæлдæр — бандæттæ. Ауыл мыд ныччынди, ацы бандоныл?..

— Мыд ыл ныччынди, сæкæр ыл ныччынди, уый дæ хъуыддаг нæу, æмæ дæ дзых дæхимæ дар! — Уым цæхгæр фæлæууыд йæ ныхасæй. Дзахомæ афтæ каст: бирæ нæ бафæраздзæн æнæ дзургæ æмæ хъуыста, кæддæра ныр та цы зæгъид. Фæлæ уæд уый уæззау ныхас куы нæ фæцæуид, фæлæ чызджы цъæхснаг хъæлæс куы фæзæланг кæнид:

— Иууыл та хыл кæныс æмæ бустæ кæныс иууыл та.

Æмæ æнæнхъæлæджы куы ныккæл-кæл кæнид ус — сæртæг кæл-кæл, афтæмæй йе 'нкъард гыбар-гыбур цыди кæл-кæлæн йæ мидæг. Стæй кæронмæ нæ ахæццæ йæ кæл-кæл, афтæ йæ ныхас райхъуыст:

— Æцæг-æцæг, раст зæгъыс уымæй: иууылдæр мæм хыл кæнын цæуы. Фæлæ мæ аххос нæу — мæ нывыконд уыди афтæ. Уырдæм мыл ахæцыдысты. Афтæ 'нхъæл уыдысты, уым мæ низæй фервæздзынæн, Къахеты хъарм хур мæм куы ныккæса, уæд. Уым чындзы дæр ацæудзынæн. Цæмæй йæ зыдтой — мæнæн мæ зæрдæ скъуыд у. Æмæ йæ зæрдæ скъуыд кæмæн уа, уымæн хур дæр ницуал æххуыс кæны. Уый чындзы цæуынæн дæр нал у. Аскъуыди мæ зæрдæ, æмæ дзы цыдæриддæр уыди цардыхосæй дæр æмæ ныфсыхосæй дæр — иууылдæр акалдысты, лæгæн йæ хуымы кæрон йæ хоры дзæкъул куыд аскъуыйа æмæ тауинаг куыд акæла, афтæ.

Æмæ загъта йæхинымæр Дзахо — кæсæд-ма йæм исчи, цытæ дзуры! Фæлæ дзурын худгæ-худын куы райдыдта, уæд кæдæм ахæццæ! Лæгæн йæ зарæг хъарæгыл куыд банцайа.

— Бон-изæрмæ — мæ нанаимæ дыууæйæ. Бон-изæрмæ къуымты зылд æмæ бустæ кодта, хыл кодта — ахæм адæймаг уыд.

Бустæгæнаг æмæ хылгæнаг. Йæ зæрдæ та — сыгъдæг. Мæныл дæр-иу сбустæ кодтаид, æлгъитгæ дæр-иу мæ ракодта, стæй-иу искуы хибар ран сбадт æмæ кæуын байдыдта.

Уым нал райхъуыст сæ дзурын. Дзахо тæрсгæ дæр фæкодта — ма ацæуой! Фæлæ уæд йæ хъæлæс куы фæфæлмæн уаид усæн, афтæмæй куы райдаид, цыма искæмæн йæ хъæстытæ кодта:

— Мæхæдæг дæр ыл фæхъуыды кæнын, афтæ 'нхъæл дæ — нæ йыл фæхъуыды кæнын мæхæдæг?

Æмæ йæ афтæ фæлмæн-фæлмæн бафарста йæ цъæхснаг хъæлæсæй чызг дæр:

— Цæуыл фæхъуыды кæныс дæхæдæг дæр?

Ус æм ницы сдзырдта, æмæ та уæд нæуæгæй бафарста чызг:

— Афтæ нæ загътай — мæхæдæг дæр ыл фæхъуыды кæнын?

— Загътон æмæ цы?

— Цæуыл фæхъуыды кæныс дæхæдæг дæр?

— Ацы бандоныл дæлæ.

Бандоныл, дам, загъта йæхинымæр Дзахо. Æмæ бандонмæ кæдæм фездæхт? Уыцы уæззау ныхас куы райдыдта, уæд æй куыд цæхгæр фæуагъта!

— Цы йыл фæхъуыды кæныс ацы бандоныл?

— Цы йыл фæхъуыды кæнын! Алцыдæр ыл фæхъуыды кæнын. Уæдæ ма искуы ахæм диссаг уыд: дæ цæсты кæронæй дæр æй макуы фенай — кæм æй хъуамæ федтаин! — афтæмæй дын æй цыдæр хæйрæджытæ дæ цæстытыл бафтауæнт!

— Бандон дын бафтыдтой дæ цæстытыл?

— Бандон мын бафтыдтой мæ цæстытыл, уæдæ мын фынг бафтыдтой мæ цæстытыл.

— Куыд дын сыл бафтыдтой бандон?

— Фыны æгъдауæй, æндæр куыд?!

— Куы æрцыдтæ, уæд æви куы нæма æрцыдтæ, уæд?

— Куы æрцыдтæн, уæд.

— Къахетыбæстæй куы æрцыдтæ, уæд?

— Уæд, уæд, уæдæ кæд! Къахетыбæстæ уыди, мæрдтыбæстæ уыди, уым уыдтæн. Æндæр кæм уыдтæн. — Стæй фездæхти чызгмæ: — Ахæм фæрстытæ мæ райдайыс, мæнæ чызг, æмæ дæм мæ дæндæгты къæрттытæ фæхауы.

— Æмæ дзы исчи бадти уæд дæр? — æвæццæгæн ын йæ бустæ ницæмæ æрдардта чызг.

— Уæдæ дзы нæ бадти! Дыууæйæ дзы бадтысты. Сæ иу зæронд

уыди, фæлæ иннæ лæппу уыди нырма. Цыдаид ыл иу-дæс æмæ ссæдз азы бæрц. Ныр афтæ æмхуызæттæ уыдысты, афтæ æмæ зæхмæ мур нæ уагътой кæрæдзийæ.

— Æмæ сæ иу зæронд нæ уыди, иннæ та лæппу нæ уыди?

— Уыди æмæ цы?

— Уæдæ ма уæд æмхуызæттæ куыд уыдысты?

— Куыд уыдысты куы — дзæбæх.

— Стæй?

— Цы — стæй?

— Цы фесты уыцы лæг æмæ лæппу?

— Лæг æмæ лæппу, зæгъыс? Бадтысты уым æмæ йæ фыны æгъдауæй куыд æмбæрстон, афтæмæй кодтой хыл. Зæрондмæ иу лæдзæг уыд, æмæ йын æй кæд нæ хъавыд лæппу исынмæ. Йæхи-иу ыл ныццавта зæронды къухтæм æмæ-иу æй раивæзта йæхирдæм.

— Стæй? — бафарста та чызг.

— Цы — стæй? — бафарста та ус дæр.

— Байста йын йæ лæдзæг?

— Куыд нæ — байста!

— Уæдæ?

— Цы уæдæ?

— Цы фæци лæдзæг?

— Цæмæй зонын, цы фæци! Алæма, мæнæ чызг, стæй мын мæ уд слас дæ фæрстытæй! Цы хуызæн чызг дæ, цы?!

— Зонгæ сæ никæй бакодтай? — Цыма уыцы уайдзæфтæ уымæ нæ хаудысты, уый хуызæн та бафарста чызг. Æвæццæгæн сцыбæл и фынмæ.

— Цы дын зæгъон? — Цыма ныртæккæ чызгыл бустæ кодта, уый дзы рох фæци, уый хуызæн сабыр хъæлæсæй загъта сылгоймаг. — Фыццаг-иу мæм фæкастысты кæйдæр хуызæн, стæй та-иу мæм нал фæкастысты кæйдæр хуызæн.

Дзахо æдзæмæй баззад, цыма сæхицæй уыцы зæлланггæнаг хъæлæс чызг æмæ уыцы уæззау ныхасгæнаг ус цытæ дзурдзысты, уымæ хъусынмæ рацыд, уый бадт кодта æмæ, куы фæуа, уыцы ныхас, уымæй тарст.

— Æмæ уый федтон, уыцы бандон, стæй — уыцы лæгты дæр, афтæмæй мæ бандон дæр ницæмæн хъуыд, лæгтæ дæр мæ ницæмæн хъуыдысты. Фæлæ мæ былыцъæрттæ кæмæн хæрын йæ уындмæ, уыцы фæндаг нæ федтон. Уыцы тæссар-мæссар

фæндаг! Уырдыгæй куы фæхаудтæн, уæдæй ардæм æй нырма никуы федтон мæ фыны. Ныр мæнæ фæдзæбæх уыдзынæн æмæ ацæудзынæн Суадæттыхъæумæ. Алыбон дæр ыл цæудзынæн — уырдыгмæ дæр-иу ныццæудзынæн йæ тæссар-мæссæртты, уæлæмæ дæр та-иу сыл ссæудзынæн. Афтæ йыл рацу-бацу кæндзынæн алыбон дæр. Æмæ сдзæбæх уыдзынæн. Цымæ ма дунейы бикъыл искуы ахæм фæндаг ис!

Æмæ цыма ныронг фынæй уыди Дзахо, ныр мæнæ ацы ныхæстæм хъал раци, уый кæстытæ акодта фæйнæрдæм, стæй йæ гуым-гуым ссыди:

— Цытæ дзуры, цы?! Дунейы бикъыл, дам, ахæм фæндаг, дам, æмæ, дам, Суадæттыхъæу, дам! — Сыстади æмæ йæ лæдзæджы æнцæйтты араст и уæлæмæ уыцы дурын асиныл. Кæдæм цыди, уый нæ зыдта, цæмæ цыди, уый не 'мбæрста. Хызти къæпхæнæй-къæпхæнмæ æмæ йыл дуне гуыр-гуыр кодта. Асины сæрмæ не схæццæ, уæлдæр цæуын нал уыд йæ бон, къæпхæнтæ дæр æм дыгæйттæй зынын байдыдтой, æмæ æрлæууыд. Йæ цæстытæ тартæ кодтой, афтæмæй уади йæ цæстытыл: кæмдæр иу хæрды, иу тæссар-мæссар фæндагыл фæцæуы уæлæмæ иу лæппу-лæг, йæ цæнгтыл фæхæссы уæлæмæ, нырма йæ чындздзон кармæ дæрддзæф чи у, ахæм чызджы.

Лæууыди Дзахо. Асины сæрмæ æххæст не схæццæ. Йæ сæр зылди æмæ йæ цæстытæ тыбар-тыбур кодтой. Асины къæпхæнтæ йæм дыгæйттæ зындысты, æмæ йæ хъуыды æнæбары ахста: уæлæмæ куы цæуа, уæд йæ къах раст исын нæ бафæраздзæн. Дæлæмæ куы цæуа, уæд дæр раст ныйисын нæ бафæраздзæн йæ къах æмæ ахаудзæн. Æнæ ахаугæ йын нæй, куыддæр фезмæла, афтæ атулдзæн дæлæмæ ацы дурын асинтыл æмæ ныцъцъæл уыдзæн. Æмæ лæууыди. Йæ хъустæ цыдæр гуыр-гуыр ахстой — нæ зæххон гуыр-гуыр уыд, нæ æрвон, æмæ дис кодта: цы уа, цæй гуыр-гуыр уа?! Гуыр-гуыр-иу æм куы хæстæгдæр æрбаци, куы та-иу дарддæр ахæцыд йæхиуыл æмæ-иу куы адæрддзæф, уæд-иу тæрсын байдыдта Дзахо — хаудзæн! Æмæ æдзæмæй хъуыста гуыр-гуырмæ, йæ цæстытæ дæр æрцъынд сты, фырæдзæм хъуыстæй. Æмæ та-иу афтæмæй йæ цæстытыл ауад уыцы тæссар-мæссар фæндаг, йæ цæнгтыл æрдыдагъ и чызг, æмæ йæ афтæмæй фæхæссы уæлæмæ æмæ фæллайынц йæ цæнгтæ. Иуафон ауыдта — чидæр æрдугъ кæны уыцы тæссар-мæссар фæндагыл уалæ уæле далæ дæлæмæ, йæ сырх дарæсы

сырх пиллоны хуызæн зыны дардмæ. Йæ къухы йæ урс-урсид бедра урс тæмæнтæ калы. Иу ран ныззылди чызг, йæ сынæг зæхмæ ахаста, йæ бедра феуæгъд йæ къухæй æмæ тулынмæ фæци дæлæмæ.

## 2

Æмбырд ныддаргъ ис, æмæ Бесæгъуыры аххос уыди. Дзырдта æмæ дзырдта, цыма йæ цæрæнбонты ныхасæй никуы бафсæст æмæ ма уыцы боныл дардта йæ зæрдæ — кæд афтæ нæу, кæд абон уæддæр фæныхас кæнид йæ фаг! Фæлæ цыма уроктæн се 'ддаг бакастыл æгæр дзырдта, сæ хуылфмæ бавналынмæ сын цыма зивæг кодта, афтæ зынди Дзахомæ.

— Уæдæ цы хъуаг сты Беркъа Буройы фырты уроктæ? Хъæлдзæгдæр хъуаг, хъæ-æл-дзæ-гдæр! Хъуамæ ахуыргæнæгæн урочы цин йæ цæсгомыл дыууæрдæм фæйлауа, ацы урокты мидæг та дыууæрдæм нæ, фæлæ иуырдæм дæр нæ фæйлыдта цин ахуыргæнæджы цæсгомыл. Нæ дзы уыди цин, æмæ дзы цы сфæйлыдтаид! Скъоладзаутæ се 'нкъард цæстытæ ахуыргæнæгмæ ныццарæзтой æмæ йын сæ йæ фæдыл хастой, цыма сын ауындзæнмæ фæцæйкодтой сæ ахуыргæнæджы, уый хуызæн. Æмæ-иу старстæн — куы нымбу кæной уыйæппæт скъоладзау! Уыцы хуызы фау æрхæссæн ис Сабеда Гуыбырбеджы чызджы уроктæм дæр. Цыма сыл тыхбегара уыд, уый змæлд кодтой — цы ахуыргæнæг йæхæдæг, цы скъоладзаутæ. Уый гуытты хъуыддаг у. Ахуыргæнæг хъуамæ артист уа, кълас та йе — сценæ. Æмæ хъуамæ зона хъазын. Хъуамæ хъазгæ кæна, скъоладзаутæ та афтæ 'нхъæл уой — хъазгæ нæ кæны. Хъуамæ æууæндой, хъазгæ кæй нæ кæны, ууыл. Урок змæлдæй фидауы, цас дзы фылдæр змæлд уа — уыйас хуыздæр. Æмæ дзы фæйнæгмæ дæр иуы бæсты дыууæйы ракæн, фæйнæг сын йæ астæуыл фæдих кæн, фæйнæ хынцинагыл сæ бафтау, иннæтæм та бынæттæм авæр фæйнæ-фæйнæ фарсты, уадз æмæ змæлой, æвдæлон бадт мачи кæна урочы, — уымæй æвзæрдæр æппындæр ницы ис, æмæ исчи урочы æвдæлон бадт кæндзæн. Уыцы хъуыддаг бирæ рæвдздæр æвæрд у, Уардихан Бибийы чызджы урокты. Скъоладзаутæ-иу сæ рæмбыныкъæдзтæ уыцы æмæвæрд куы акодтой партæтыл æмæ-иу сæ къухтæ хæрдмæ афтæ хъилæй куы аззадысты, уæд ма хуыздæр цæмæ акастаид адæймаг! Фæлæ ацы урочы та æндæр фыдбылызыл сæмбæлдтæн, æмæ уый

тыххæй дæр æнæ зæгъгæ нæй. Бавдæлди, Уардихан Бибийы чызг чи у, уый æмæ кæд урокмæ нæ бацыди рынчынæй, æхснырсæгæй рынчынæй! Уæд ма искуы уый дæр уыди, æмæ æхснырсæгæй сæйай, афтæмæй урокмæ бацæуай æмæ скъоладзауты раз ралæууай! Иу хъуыдыйад зæгъ æмæ æрæхснырс, иу хъуыдыйад зæгъ æмæ та... Иуæй-иу хатт дыууæ æхснырсты дæр фæдфæдыл. Афтæмæй ахуыргæнæг, ныххатыр мын кæнут, фæлæ феваст уа, уый гæнæн дæр ис.

Уым сылгоймæгтæй чидæртæ бахудти, æмæ та уыдонмæ дæр фездæхти Бесæгъуыр, йæ ныхасы цы хъуыды сцæйдзырдта, уый æмбæхсынмæ фæци:

— Ам худæгæй æппындæр ницы ис. Æхснырсæг хæцгæ низ у, уый уæ алчи дæр зоны. Æмæ къласыл куы бахæца, стæй уыцы къласæй æгас скъолайыл куы ныххæлиу уа, уæд аллайаг нæ кæнæм æгас скъолайæ дæр!

Зæронд ахуыргæнæг уыд Бесæгъуыр. Йæ сæр урс адардта. Йæ уæнтæ фæгуыбыр сты. Институт куыддæр бакодтой, афтæ йæм бацыд, æвæццæгæн. Бирæ кæмдæрты фæкуыста ахуыргæнæгæй, ныр æй пенсийы цæуын хъæудзæн рæхджы, уæд æй Суадæттыхъæуы скъоламæ сæрвыстой ахуыры хайады хицауæй, цæмæй фылдæр рауайа йæ пенси, уый тыххæй.

Уæд фыццаг хатт кодта ахæм бæрнон ныхас уыцы скъолайы ахуыргæнджыты астæу.

— Алчидæр æй зоны, урок хъуамæ уа аивадон уацмысы ныфыл карст — хъуамæ дзы уа бацæуæн, хъуамæ дзы уа архайды райтынг, — ома хъуамæ архайд фæхæрд кæна æмæ асины къæпхæнтыл цæуæгау цæуын байдайа уæлæмæ, байдайа цæуын æмæ урокæн йæ тæккæ цъупмæ схæццæ уа, — уыцы ран Бесæгъуыр йæ амонæн æнгуылдз ныццыргъ кодта æмæ йæ уæлæмæ ныццарæзта, æнгуылдзы фæстæ цонг æгасæй дæр ныттынг и уæлæмæ. — Гъе, уыцы хуызы куы æркæсæм, уæд азым бадарæн ис Дзахо Бардзины фырты уроктæм. Бынæй уæлæмæ амад не 'рцæуынц йæ уроктæ, цъуппамад нæ вæййынц, цъупп сын нæ вæййы. Æмæ хъуамæ цъупп уа урокæн, æмæ уыцы цъуппæй хъуамæ ракæсæн уа урокæн йæ райдианмæ дæр, акæсæн дзы уа урокæн йæ кæронмæ дæр. Гъестæй хъуамæ уыцы цъуппæй фæуырдыг кæна урок, иу къæпхæнæй иннæмæ хизын райдайа æмæ æппæты бинаг къæпхæныл балæууа. Афтæ нывæзт цы урок не 'рцæуа, уый нæ сырæзти, нæ бахъомыл и, æцæг урок дзы нæ

рауади. Урочы цъупп хъæуы, иу хатт ма йæ зæгъын, урокæн йæ райдианмæ дæр кæцæй уа ныккæсæн æмæ йæ кæронмæ дæр, ахæм цъупп. Гъе, æмæ уыцы цъупп нæ федтон æз Дзахойы урокты.

Ахуыргæнджытæ ныссабыр сты. Æвæццæгæн, Бесæгъуыр цы цъуппы кой кодта, ахæм цъупп агуырдта алчи йæ урокты. Йæ ныхасæй фæлæууыд Бесæгъуыр йæхæдæг дæр, æмæ уæд уыцы тæккæ цæстыфæныкъуылд хъæрæй загъта Гадзо:

— Тагъд цæугæ 'мæ дæ уроктæн цъуппытæ скæ! Фæкодта мын æнæцъупп уроктæ! Афтæ 'нхъæл у — ничи йæ базондзæн!

Лæгтæй чидæртæ бахудти, афтæ уæлæнгай худт, сылгоймæгтæй та пыррыччытæ фæкодтой чидæртæ. Дзахо дæр бахудт, стæй худынæй нæма банцад, афтæмæй загъта — Бесæгъуырмæ нæ дзырдта, æнæуи загъта:

— Уый, æвæдза, урокæн æнæ цъуппæй дæр ницы уыдзæн. Мæкъуыл нæу урок, хоры мæкъуыл, æмæ дзы уарыны дон нæ ахъардзæн.

Æмæ йын фæкъæпп кодта йæ ныхасмæ Бесæгъуыр:

— Ахъардзæн дзы! Афтæ дзы ахъардзæн, афтæ, æмæ ныссымæр уыдзæни дæ урок. Фæлæ йæ дæ зæрдыл дар: урочы цъупп куыд хъæуы, афтæ йæ æппындæр ницы хъæуы, — ныр та размæ фæцарæзта йæ цонг Бесæгъуыр.

Æмæ базмæлыди директор, йæ бынатæй стынмæ чи фæхъавы, уый куыд базмæлы, афтæ æмæ загъта хъæрæй:

— Дзырдæппарæн кæнын фæуадзут уæ кæрæдзимæ æмæ дæ ныхасы кой кæн, Бесæгъуыр Хъазджерийы фырт.

Директор дæр сæхи хъæуккаг нæ уыд, горæтаг уыд. Йæ бинонтæ уæд дæр уым цардысты, горæты, йæхæдæг иунæгæй царди. Ног скъолайы фарсмæ æрцæуæг ахуыргæнджытæн цы дзæбæх цыппæрдигъон агъуыст уыди, уым. Сабаты-иу фæсурокты ацыд æмæ-иу къуырисæры раджы æрбацыд. Æфсæддон лæг уыди Махар Мухары фырт — фæсхæст дæр ма дзæвгар фæци æфсады. Стæй йæ, дæлбулкъон сси, афтæмæй рауагътой. Уыдоны райкомы цыдæр куыстытæ кодта, афтæмæй бакасти институт фæсауонмæ. Куыддæр гæххæтт райста, институт кæй фæцис, уый тыххæй, афтæ йæ Суадæттыхъæуы скъоламæ сæрвыстой директорæй. Дзахо æмæ йæ Гадзо уым æрбаййæфтой, институтæй куы æрбаздæхтысты, уæд. Скъолайы дæр кител æмæ галифе хæлаф дардта. Æмæ йыл хорз фидыдтой, фæлæ йæ риуыл хæрзи-

уæджы нысанæй ницы уыд, æмæ-иу Гадзо алы хъазæн ныхæстæ кодта уый тыххæй.

Иухатт, ахуыргæнджытæ кæм бадтысты, уыцы зæронд агъуыстыл цы нарæг æмæ даргъ агъуыст бафтыдтой, уый даргъ тыргъы æрбацæйцыди. Уыцы дзæбæх фидар æфсæддон къахдзæфтæй цыди. Гадзо ахуыргæнджытæй кæимæдæрты лæууыд уыцы даргъ тыргъмæ схизæны. Бахудти æмæ загъта:

— Гъеныр уый хуызæн дзæбæх кител æмæ йын йæ риуыл иудыууæ ордены ма басадз! Тæригъæд нæу афтæмæй замманайы кител!

Ахуыргæнджытæй чи худгæ бакодта, чи сæ æнæуи бакаст Гадзомæ.

Уæдмæ кълæстæй кæцыдæры фæмидæг и Махар Мухары фырт.

— Æмæ уæ кæмæ куыд йæ зæрдæ дзуры?— бахудызмæл и, афтæмæй дзырдта дарддæр Гадзо. — Цæуылнæ æрцауыгъта йæ дзæбæх кителы риуыл хæрзиуджытæ нæ директор? Цæуылнæ, цæ, Хуыцау уын хорз ракæна, куыддæр сæ командир бардзырд радта, Киевмæ ныббырсыны æмæ горæт фашисттæй ссæрибар кæныны тыххæй, афтæ йæ бæх цæмæйдæр фæтарсти а Махарæн æмæ йæ ахаста! Ахаста йæ, ахаста йæ уыцы тарст бæх, бындарæй баззайа æмæ йæ далæ Фæсбайкалы бамидæг кодта. Уым та хæст нæ уыд æмæ дзы ордентæ дæр ничи лæвæрдта.

Уый фæстæ ныхас куыд нæ 'рцыдаид директоры хъустыл, æмæ, дам, тынг зæрдиагæй фæхудти, æмæ, дам, дзырдта, йæ худын нæ урæдта, афтæмæй:

— Гæр æмæ цавæр тарст хъуамæ фæкодтаид уыцы бæх, Киевæй Фæсбайкалмæ йæ тарст кæмæн не 'рцыди! Намæ бæх цæрæнбонты куы нæ ныххæццæ уыдзæн Киевæй Фæсбайкалмæ! — Æмæ та, дам-иу бацъæх и худæгæй. — Уымæй дæр, æз мæ цæрæнбонты дæр бæхджын æфсады никуы уыдтæн. Æз, сармадзанæхсæг уыдтæн. Стæй, Киевы хæсты дæр нæ уыдтæн.

Æрæджиау, хур дзæбæх куы акъул ис, уæд фæци се 'мбырд. Дзахо нæ раныхас кодта. Исдуг ахъавыд — зæгъа, урочы цъупп хъæуы æви дзы уд хъæуы уыдæтты тыххæй. Литературæйы уроктæм комкоммæ, æвзаджы уроктæн гыццыл иппæрдæй — сæ дыууæйы хæс дæр у, скъоладзаутæн аив дзырд бамбарын æмæ бауарзын кæнын. Уымæ арæзт уа хъуамæ урокæн йæ цъупп дæр æмæ йæ бын дæр. Хъуамæ дзы аив дзырд уа сæйраг быны-

ты ӕвӕрд ӕмӕ уымӕ здӕхт уа, урокӕн йе 'ргом цыдӕриддӕр у, уый. Тых цъуппытӕ аразын дзы ницӕмӕн хъӕуы ӕмӕ сӕм тых асинтӕ ӕвӕрын нӕ хъӕуы уыцы цъуппытӕм.

Йӕ зӕрдыл арӕх ӕрбалӕууы уыцы урок. Уӕд сӕ ахуыргӕнджытӕй иу, мӕнӕ, гом урок кӕй хонынц, ахӕм урок арӕзта, уый дӕр дзы уыд, Дзахо. Урок уыд Къостайы ӕмдзӕвгӕ «Мӕгуыры зӕрдӕ»-йӕ. Ахуыргӕнӕг цалдӕр иумӕйаг ихсыд ныхасы загъта Къостайы тыххӕй, стӕй бакасти ӕмдзӕвгӕ. Уый фӕстӕ фӕрсынтӕ систа скъоладзауты:

— Ныр ма зӕгъут — цы у сӕнар? Чи зӕгъдзӕн? Ды ма зӕгъ, Мамытджери, — йӕ къух фӕдардта ахуыргӕнӕг, йӕ разы цы саусӕр лӕппу бадти, уымӕ. Лӕппу сӕрӕн стад фӕкодта ӕмӕ загъта хъӕрӕй:

— Фаджыс куы бахус вӕййы, уӕд уый у сӕнар.

— Ӕмӕ цӕмӕн хъуыди хӕхты мидӕг адӕмы сӕнар?

— Арт кӕнынӕн.

— Раст у, тынг раст у: сӕнар хъуыди адӕмы, цӕмӕй дзы арт кодтаиккой сӕ пецты. Цымӕ, ныр та цы судзынц адӕм сӕ пецты? — Ды ма зӕгъ, йӕ къух та кӕмӕдӕр фӕдардта ахуыргӕнӕг лӕппутӕй, ӕмӕ лӕппу стгӕ-стын скъӕрцц кодта:

— Суг.

— Ноджы ма?

— Ӕвзалы.

— Раст у. Уӕдӕ кусгӕ та цы фӕкӕнынц адӕм зымӕгон бонты?

Ӕмӕ та сӕ къухтӕ фӕхъил кодтой .

— Зӕгъ-ма, Биланӕ.

Чызг сыстад, йӕ лӕгъзфаст сӕрыл йӕ тъӕпӕн арм схаста ӕмӕ загъта ӕфсӕрмыгӕнгӕ:

— Фаджыс фӕласынц.

— Раст загътай, тынг раст загътай. Зымӕгон колхозонтӕ фӕласынц фаджыс быдыртӕм. Уӕдӕ ма мын ныр зӕгъут: цымӕ, фылдӕр фаджыс чи аласы колхозы хуымтӕм? Гъа-ма, чи зӕгъдзӕн? Ӕмӕ йӕ къух дӕр не сдардта, афтӕмӕй фӕгӕпп кодта, Дзахойы фарсмӕ чи бадти, уыцы цыргъфындз лӕппу:

— Фылдӕр фаджыс аласы Саудзӕццыты Сусуби!

— Раст зӕгъыс. Саудзӕццыты Сусуби у хъӕзуатон механизатор ӕмӕ аласы бирӕ фаджыс колхозы быдыртӕм.

Стӕй куы 'взӕрстой урок, уӕд дзы ӕппӕлынтӕ ма сисой!

Ахуыргæнæджы къухы, дам, бафтыд ахъаззаджы хъомыладон куыст бакæнын. Уæды æнамонд дуг, дам, абарста нæхи Советон дугыл. Æмдзæвгæйы мидис, дам, сбаста нæхи хъæуы цардимæ. Æмæ, дам, урок уымæй бирæ фæмидисджындæр и.

Æмæ цы нæ дзырдтой!

Æмæ нал баурæдта йæхи Дзахо. Иу каст фæкодта ахуыргæнæгмæ. Уый, йæ уæхсчытыл цы стыр кæлмæрзæн æппæрст уыд, уый хæлттæй иу-цалдæр йæ армы бын бакодта æмæ та-иу сæ йæ тымбыл уæрагыл атулæгау кодта дæлæмæ. Йæ тъæпæн цæсгомыл фыссæн фæйнæгау фыстæй лæууыди, йæ урокæй куыд разыйæ баззади, уый. Æмæ йе 'взаг йæ дзыхы арæхсгæ дæр дзæбæх нал кодта фырмæстæй, афтæмæй сын фескъуыдта сæ ныхас Дзахо:

— Нæ фæмидисджындæр и, хорз адæм, æппындæр урочы мидисы мур нæ уыди! Уый фыдгæнд у — æмдзæвгæйы судзгæдудгæ рæнхъытæ цæмæн афтæ судзынц æмæ дудынц, уый ма бамбарын кæн скъоладзаутæн, фæлæ сæ, нæ колхозы трактористтæй фаджыс чи фылдæр аласы, уый хынцыныл бафтау! Хъомыладон куыст! Цы хуызæн хъомыладон куыст у уый?! Ай диссаг нæу?! Фыдæнæнгæнæгау ныллæууай скъоладзауты раз æмæ сæ æмдзæвгæйы арæнтæй мидæмæ бакæсын ма бауадзай, фыдæнæнгæнæгау сæ иуварс здахай æмдзæвгæйы хъуыдыйæ! Иунæг аив хъуыдыйад загъд ма æрцæуа аив литературæйы урочы! Цы базыдтой скъоладзаутæ ацы урочы? Саудзæццыты Сусуби колхозы быдыртæм бирæ фаджыс кæй аласы, уый, æмæ раздæр хæхбæсты сæнарæй кæй арт кодтой, уый? Æмæ цы бар дарынц уыдæттæ урокмæ?!

Ныр ницуал загъта.

Æмбырды кæрон балхынцъ кодта Махар Мухары фырт:

— Махæн, ахуыргæнджытæн, парти нæ бæрны бакодта æппæты ахъаззагдæр хъуыддаг — коммунизм аразджыты хъомыл кæныны хъуыддаг. Æмæ цас разæнгарддæрæй æвналæм нæ куыстмæ, цас нын фылдæр æмæ хуыздæр æнтыстытæ уа, уыйас тагъддæр æрцæудзæн, арæзт æппæт фæллойгæнæг адæмы бæллиц чи у, уыцы коммунизмы æрттиваг галуан.

Ахæм ныхæстæ-йедтæ-иу ракодта æмбырды кæрон Махар Мухары фырт алыхатт дæр. Æвæццæгæн, райкомы куы куыста, уæд сыл сахуыр и — хъæутæ-йедты бирæ фæкодта, æвæццæгæн, уыцы ныхæстæ, стæй йæ скъоламæ куы рарвыстой, уæд сæ йемæ

рахаста. Ӕмӕ ӕвидыц ныхӕстӕ нӕ уыдысты, стӕй сӕ ӕнадӕй дӕр ницы уыди. Уый нӕ, фӕлӕ цыма цыдӕр разӕнгардгӕнӕг дӕр уыдысты — афтӕ зынд Дзахомӕ. Ӕмӕ сыл ахуыргӕнджытӕ дӕр ӕхсызгонӕй ӕмбӕлдысты. Ӕниу сыл ахуыргӕнджытӕ, ӕмбырды кӕрон-иу кӕй уыдысты уыцы ныхӕстӕ, уый тыххӕй дӕр къаддӕр нӕ бацин кодтой. Ӕмӕ мӕнӕ клубы ӕрцыдысты загъд, уӕд сын ӕмдзӕгъд дӕр акодтаиккой. Фӕлӕ ам, ахуыргӕнджыты уаты, не сфидыдтаид се 'мдзӕгъд. Къуындӕг уыд ӕмдзӕгъдӕн ахуыргӕнджыты уат.

Ахуыргӕнджытӕ апырх сты — алчи сӕ йӕ цӕхӕрадоны куыстытӕм атагъд кодта. Скъолайы раз афтидӕй аззад. Дзахо ӕмӕ Гадзо ӕрлӕуу-ӕрлӕугӕнгӕ ӕрхызтысты асины къӕпхӕнтыл ӕмӕ йе 'рхизӕны ӕрлӕууыдысты асинӕн. Лӕууыдысты ӕмӕ сӕ лӕудӕй бӕрӕг уыд — лӕууын сӕм нӕ цыди, фӕлӕ, фӕхицӕн уой ӕмӕ фӕйнӕрдӕм ацӕуой, уый дӕр сӕм нӕ цыд. Ӕмӕ лӕууыдысты, сӕ фӕсонтӕ — скъолайырдӕм арӕзт, се 'ргом — уартӕ клубмӕ здӕхт.

Афтӕ лӕугӕ сӕ раййӕфта Парсадан. Се 'хсӕн балӕууыд, сӕ фӕйнӕ цонгыл сын ӕрхӕцыд.

— Хорз уыди ӕмӕ нӕ ацыдыстут. Мӕ зӕрдӕ уӕм уымӕй ӕхсайдта — куы ацӕуат. Махар нӕ фездӕхта Бесӕгъуыримӕ. Уым иу уырыссаг арахъхъы авг райста йе 'хгӕд скъаппӕй. Акувӕм, дам. Ахуыры азы фыццаг цыппӕрӕм хай, дам, дзӕбӕхӕй ахицӕн кодтам. Акуывтам, фӕйнӕ дзы анызтам. Ӕз уырыссаг нуӕзтыл зӕрдӕйӕ нӕ дӕн. Гӕнӕн нал и, уӕд — нӕхи нуӕзт. Ӕмӕ махмӕ мӕхи уагъд арахъхъ дӕр и, мӕхи дыгъд сӕн дӕр нӕм и. Далӕ былыл сбаддзыстӕм, нӕхӕдӕг цы дзӕбӕх фынг сарӕзтам, ууыл. Уым Хуыцау кӕсдзӕни ӕмӕ — махмӕ, — дзырдта Парсадан ӕмӕ дзургӕ-дзурын размӕ ахӕцыд лӕппутыл.

Суадӕттыхъӕумӕ куы ӕрбалыгъдысты, уӕд уал Гадзотӕм ӕрбынат кодтой. Гадзотӕ йӕ зӕронд мадырвадӕлтӕ уыдысты Парсаданӕн. Ӕцӕг сӕм бирӕ нӕ ацардысты — иу-дыууӕ къуырийы бӕрц. Стӕй фатер баххуырстой. Фӕлӕ фатеры дӕр бирӕ нӕ фӕбадтысты — цы фӕззӕг ӕрбалыгъдысты, уыцы фӕззӕг ӕмӕ уыцы зымӕг. Уалдзӕджы хӕдзар балхӕдтой.

Хӕдзар уыди даргъ, ӕмӕ йын уыди йӕхи хуызӕн даргъ тыргъ. Гом тыргъ — уартӕ хурыскӕсӕнмӕ арӕзт йе 'ргом. Цы цалдӕр цӕсты дзы уыди, уыдонӕн сӕ рудзгуытӕ дӕр тыргъмӕ арӕзт

уыдысты, æмæ къулæй рудзгуытæ æмæ дуæрттæй ницыуал зынд.

Æвæццæгæн дзы цæрæг рагæй нал уыди — къултæн æдде сæ чъырызмæст ракалд, æмæ сæ хъæдын фæрстæ разындтытæ кодтой — уыцы дæргъæй-дæргъмæ фæтæн фæйнæджытæ. Сæ уæлæ цæхгæр-мæхгæр æндзолмттæ æмæ уистæ хуыдтытæ, афтæмæй. Цæхæрадоны дæллаг кæрон былмæ хæццæ кодта, уыцы бæрзонд былмæ. Уым слæуу æмæ уартæ хуссармæ кæс! Былæн бынæй йæ рæбыны уыд цалдæр абузгæ суадоны, уым, Парсаданты цæхæрадоны бын иу кодтой æмæ, кæм иу кодтой, уым цад рауади, гъæйтт-мардзæ цад, æмæ сырхтæппал барел кæсæгтæ раленк-баленк кодтой цады. Суадæтты æдде та, уартæ фалдæр атагъайы бæсты астæуты йæ дурастæрд былыл æнхъæвзæнтæгæнгæ бырста цæугæдон.

Уалдзæг куыддæр ралæууыд, афтæ фæндаг аразын æрымысыд Парсадан — уæле былæй дæлæмæ далæ суадæттæм. Фæрабар-бабар æй кодта. Стæй йæ гæххæттыл сныв кодта — уыцы рæсугъд тæссар-мæссарæй разынди фæндаг гæххæтты уæлæ. Дзахо æмæ Гадзо кæрæдзийы къухтæй истой гæххæтты сыф, кастысты йæм æмæ йыл дис дæр кодтой æмæ цин дæр. Стæй йæ райдыдтой аразын. Цал æмæ йæм цал боны æрæвнæлдтой куы урокты фæстæ, куы — Хуыцаубон. Æмæ гæххæттыл куыд зынд, уымæй уым, уыцы уырдыджы, ноджы хуыздæр разынди. Парсадан-иу æм дæле касти уæлæмæ, цин-иу æй цыдæрхуызон сразæнгард кодта, æмæ-иу йæ ронбастыл схæц-схæц байдыдта къухтæй нæ — йæ рæмбыныкъæдзтæй. Рæмбыныкъæдзтæй ронбастыл афтæ хæцгæ æндæр никуы никæй федта Дзахо. Æмæиу æм кæсгæйæ баззади. Йæ фыды ном та Саридан хуынди. Æмæ уыцы дыууæ даргъ номы скъоладзаутæ фæд-фæдыл дзурын нæ фæрæзтой. Уæд-иу йæхæдæг тынгдæр стыхсти Парсадан. Стæй йæм канд скъолайы нæ дзырдтой афтæ — ном æмæ фыды номæй. Афтæ йæм дзырдтой хъæубæсты дæр. Уыдон таиу ын æндæрхуызæттæ скодтой йæ ном дæр, йæ фыды ном дæр. Уымæн-иу цыдæр æнкъард мидбылхудт базмæл-базмæл кодта йæ цæсгомыл, афтæмæй-иу сæм каст. Хъæубæсты уый йеддæмæ фыды номæй никæмæ дзырдтой, уый кæд уыцы хъæуккаг кæй нæ уыд, уыцы хъæумæ фыды номимæ кæй æрцыд, — ахуыргæнæгæй — уымæн афтæ уыд. Кæнæ та бæрзонд кæй уыд æмæ бæзæрхыг ноджы, уымæн уыди афтæ — афтид йæхи ном ын гыццылад куы кæна, кæд уымæй тарстысты?

Иннæ ахуыргæнджытау ыл урс хæдæттæ-йедтæ никуы федтаид лæг. Уæд, фæсхæст иу хъуымац уыди, аслам хъуымац. Æдде сау æмæ лæгъз, тынг лæгъз, мидæгæй та урсхæццæ уыди æмæ дæрзæг. Уыцы хъуымацæй-иу дзыпджын къандзолгонд æмæ уæрæхкъах хæлаф бахуыйын кодта. Æмæ-иу ын йæ къæхтæ йæ кирз цырыхъхъыты хъусты ауагъта. Афтæмæй цыд. Куы-иу ын фæзæронд сты, уæд та-иу нæуджытæ бахуыйын кодта. Стæй-иу зæрæдты цæхæрадоны куыста, нæуджыты та скъоламæ цыд.

Клубы рæзты куы бахызтысты, уæд суагъта Дзахо æмæ Гадзойы Парсадан. Дуканийы агъуысты тигъыл æхсæвгæсæн цы цыппæрдигъон хъæдынфарс къуым уыди, лæг æрмæст лæугæйæ æмæ бадгæйæ кæм цыди, уыцы къуымы гом дуары раз лæууыди дуканийы æхсæвгæс Ерыстау æмæ, йæ саджил кæрон зæхмæ кæмæн сарæзта, уыцы хъилы цъар стыгъта иу стыр хæрынкъайæ. Боныгон дуканийы ницы куыст уыди Ерыстауæн, стæй, боныгон дæр уым бада, дуканийы раз, ууыл дзырд дæр нæ уыди. Фæлæ уыцы хæрынкъа иууыл йæ къухы дардта, æмæ-иу сæ фыдсылгомау чындз йæ хъуыр-хъуырæй бæстæ хаста, сæ рæзтæ-иу куы марзта, уæд, кæм, дам, æрбада, уым, дам, бæстæ бырон фесты æмæ, дам, цыма æнцон у йæ фæстæ сæрфгæ рацу-бацу кæнын. Æмæ уæд дуканийы размæ хæссын байдыдта йæ куыст Ерыстау. Дуканийы мæрзæг уæддæр мызд иста мæрзæггаг æмæ уадз Ерыстауы бырон дæр мæрза!

— Дæ бон хорз, Ерыстау, — æххæст æм нæма бахæццæ сты, афтæ йæм хъæрæй бадзырдта Парсадан. Ерыстау, хæрынкъа йын цы къухы уыди, уымæй хураууон акодта, стæй йæ хъæр фæцыд:

— Ай Парчадан Чариданы фырт куы дæ! Ерыстау дын амæлæд!

Хуссары, Ерыстаутæ цы комы цардысты, уым афтæ уыд сæ ныхасыхъæд — кæм хъуыд æмæ кæм нæ хъуыд, уым дæр «ч» æмæ «дж» дзырдтой. Æмæ-иу бынтондæр фендæрхуызæттæ сты дзырдтæ. Уæдæ сæ фæсте чи аззадаид дзырдтæй, уый та-иу ивазгæ акодтой. Афтæ-иу æй аивæзтой æмæ-иу цалдæр дзырды дæргъæн аци.

— Иу хуынд дæ кæнджынæн, Парчадан Чариданы фырт, фæлæ йæ зон æмæ дæхи чæттæ дар. Уæдæ ныр чалдæр азы чæрыс ам æмæ нырма нæ чæхджын хойраджы хъæстæ нæ фæдæ. Ерыстау дын амæлæд.

— Бузныг, Ерыстау, цыма мæ фæхуыдтай, афтæ нымад æрцæуæд, — загъта Парсадан æмæ, цæмæй ныхас æндæрæрдæм аздаха, уый тыххæй йæ къухты цы хъил уыд Ерыстауæн, уымæ бавнæлдта. — Сагой аразынвæнд скодтай, куыд кæсын, афтæмæй.

— Чагой, Ерыстау дын амæлæд, — загъта Ерыстау, стæй хъилыл схæцыд, йæ иу цæст бацъынд кодта æмæ йæм афтæмæй акаст, цыма мигæнæн уыд, æмæ дзы кæдæмдæр хъавгæ кодта, афтæ, стæй йæ æруагъта, — йæ хъæд мын джæбæх къæдж не 'рчыд, æмæ ууыл тыхсын. Уычы джæбæх æй æртасын кодтон, бычæутæ йæм сæвæрдтон, иу-чалдæр боны ма йæ хъуыди. Уымæн йæ ингæнбарæн фæчи, нæ чынджæн æмæ йæ раппæрста, тæккæ æрбахизæны, дам, ныхъхъил и, уынгмæ, дам, зыны уычы хъилæй. Чыма кæй чы бахъыгдардта, уынгмæ зыны, уымæй?! Æмæ джы фæткуыл чагой рауадаид! Дæ мадызæнæгæн æй фысыл нæ радтаис, ахæм чагой уыдаид, гъе.

Ерыстау куы фæлæууыд йæ ныхасæй, уæд фыццаг лæппутæ базмæлыдысты, стæй базмæлыди Парсадан дæр æмæ бадзырдта Ерыстаумæ.

— Уæдæ уал мах ацæуæм нæ, Ерыстау?

— Ачæут, ачæут, Ерыстау уын амæлæд.

Куыройдоны сæрты, уартæ колхозы æфтауцырдæм цы тъæпæн хид уыд, æдде кæсгæйæ багалæджы хуызæн чи зынди, уый хъусмæ куы ныххæццæ сты, уæд Гадзо бахудти, фæстæмæ дæр акаст. Стæй бадзырдта Парсаданмæ:

— Афонмæ дын мард-дзуар нал ныууагъта Ерыстау.

— Уанцон нæу! — йæ цæуынæй фæлæууыд Парсадан. — Уый дæр акаст фæстæмæ. — Фехъуыстон æй, фехъуыстон — лæгыл, дам, фæцинтæ кæны, фæфæрстытæ йæ кæны, стæй куы ацæуы лæг, уæд, дам, æй æлгъитын райдайы. Фæлæ мæн кæд нæ ралгъитид, мæныл бирæ куы фæцинтæ кодта, иу хуынд кæнынмæ дæр ма мæ куы хъавыд.

Гадзо хъæрæй ныххудти:

— Цас фылдæр фæцин кæны, уыйас æлгъитгæ дæр фылдæр кæны. Кæрæдзийыл баст ын сты йæ цинтæ æмæ йе 'лгъыстытæ.

— Кæрæдзиуыл баст нæ, фæлæ — кæрæдзиуыл барст, — бахудти Дзахо дæр. — Фылдæр кæуыл фæцин кæны, уый æлгъитгæ дæр кæны фылдæр.

— Диссаг нæу, стыр диссаг — цæмæн афтæ кæна?! — Ногæй

та скасти дуканийырдæм Парсадан. — Цин кæуыл нæ бакæны, уыдоны не 'лгъиты, нæ?

— Уыдоны — нæ, — загъта Гадзо.

— Æмæ цымæ, цы хуызæн æлгъыстытæ фæкæны? Карз æлгъыстытæ дæр ын дзы вæййы, цымæ?

— Кæд тынг бацин кæны, уæд æлгъыстытæ дæр — карздæр. Æнæуи афтæ райдайы: «Ачу, фынджæфтыд дæ хуычау фæкæнæд!» Стæй ахизы иннæ æлгъыстытæм æмæ ма дæ хъæуы æмæ — нал.

— Уæдæ мæм митæ и! — Йæ сæр батылдта Парсадан æмæ араст и. Иу-цалдæр къахдзæфы куы акодта, уæд хъæрæй ныххудти, — Парчадан, дам, Чариданы фырт! Уæд ма мын мæ мæгуыр фыды та цæуылнæ æруадзы иу ран?! Гъеныр ма кæсут: айдагъ Ерыстауы ныхасæй дæр бæрæг у — нæ бады не 'взаджы фыдыномæй дзурын, æмæ йæ цæуылнæ ныхъхъуытты уадзæм?! Уырыссаг æвзаджы фидауы æмæ дзурæд! Мах та цы 'рсырдта?! Хъуамæ æнæмæнг уырысы фæдыл сæпп-сæпп кæнæм алы хъуыддаджы дæр?! Куы нæм уыдаид, уæд йе нæ аргъæутты нæ разындаид искуы, йе — нæ кадджыты?! Уæд Нартæ хъуамæ Уырызмæгмæ Уырызмæг Æхсæртæджы фыртæй дзырдтаиккой, куыд нæ йæм дзырдтаиккой? Æмæ йæм кæм дзырдтой?! Иу дæр æм никуы бадзырдта афтæ. Ирон адæммæ уыцы хъуыддаг бынтон æндæрæрдæм æвæрд у: фыды номмæ-иу уæд авнæлдтой, æмæ-иу цауд лæг куы уыди фыд, æмæ-иу фырты цæстмæ бадарынмæ куы хъавыдысты фыды цауд. Сырдонмæ-иу куы фæмæсты сты Нартæ, уæд-иу æм дзырдтой: «Гъæ, уæртæ Гæтæджыфырт!» Уымæн æмæ æнæрæгъыдзыд уыди Гæтæг. Æмæ, дам, ахуыргæнæгмæ афтæ дзурын хъæуы! Цæмæн æм хъæуы афтæ дзурын, цæй тыххæй?! Чи йæ сбæлвырд кодта, ахуыргæнæгмæ афтæ дзурын хъæуы, уый?!

Дзахойæн æхсызгон уыдысты Парсаданы ныхæстæ. Йæхæдæг дæр раст афтæ хъуыды кодта. Институты дæр-иу арæх æрæфтыд ацы ныхас алы æмбырдты. Быцæу-иу расайдта. Æмæ-иу уæд цалдæргай хæттыты дæр фестади йæ бынатæй — нæ уыд ирон царды ацы æгъдау, нæ дзы хъуыд, нæ дзы баззади. Сæ ахуыргæнджытæ дæр, искуы иу стæм ма уæд, уый йеддæмæ иууылдæр уыцы хъуыдыйыл лæуд уыдысты. Уæддæр нæ хæлди уыцы тыхми. Æмæ, цæугæ-цæуын Парсаданы цонгмæ куыд бавнæлдта, уый не 'рхъуыды кодта.

— Ахуыргæнæг æй цæуылнæуал хонынц, ахуыргæнæг?! Фыццаг цы ахуыргæнджытæ фæзынд, уыдоны афтæ куы хуыдтой: ахуыргæнæг. Æмæ сыл уыцы ном, мыдыл царв куыд фидауы, афтæ куы фидыдта. Уæд æй афтæ цæуылнæуал хонынц ныр?!

Парсадан дзыхълæуд фæкодта.

— Гъо! Ахуыргæнæг у, æмæ йæ ахуыргæнæг хон! Æнæуи дæр афтæ кодтой мах адæм — чи сæ цы куыстгæнæг уыд, уымæй йæ хуыдтой: уæртæ цалхгæнæг Дзаммырз, уæртæ куырд Уæппи! Æмæ сыл фидыдтой уыцы нæмттæ. Уæд скъоладзауы дзыхы «ахуыргæнæг»-æй хуыздæр цы хъуамæ сфидауа! Стæй ма дзы цыдæр фарн дæр и уыцы дзырды, ахуыргæнæгæн йæхицæн дæр æххуыс чи уа, ахæм фарн, æмæ дзы ахуыргæнæг хъуамæ æфсæрмы кæна уыцы дзырдæй!

— Сывæллæттæн дæр — æнцондæр дзурæн, — загъта ма Дзахо æмæ ауыдта — уартæ кæрты рæбынæй сæ размæ ратагъд кодта Таизæ. Йæ фезмæлдыл бæрæг у — дугъ ракæнын æй фæнды, фæлæ куыд радугъ кæна! Сывæллон нал у, чызг у ныр, стыр чызг у! Æмæ йæ уадултыл сырх тæмæн абадти. Æмæ йын афтæ фидыдта уыцы сырх тæмæн йæ уадултыл! Йæхæдæг дæр, æвæццæгæн, бафиппайдта, — йæ уадултыл сырх тæмæн абадти, къухæй сæвнæлдта йæ уадулмæ, фæлæ йын иннæ уадулмæ сæвналын нал бантыст, рахæццæ сæ размæ, æмæ сын кæртæй уынгмæ цы ныллæг каудуар уыд, уый байтыгъта йе 'ннæ къухæй. Стæй иуварс алæууыд.

Парсадан разæй бахызт, æрлæууыд æмæ бахудти Таизæмæ. Дзахо кæсгæйæ баззади Парсаданмæ: афтæ йæм фæзынд, цыма уыцы бахудт йемæ æрхаста æмæ йæ уымæн æрхаста, Таизæйæн. Мæнæ сырх фæткъуы куыд æрхæссай дæ сывæллонæн искуыцæй, афтæ, æмæ йæм Таизæйы йеддæмæ ничи ницы бар дары уыцы бахудтмæ. Æмæ йын йæ тъæпæн арм йæ уæхскыл æрæвæрдта, лæппуйы уæхскыл куыд æрæвæрынц сæ арм, афтæ æмæ йæм æрдзырдта уæле дæлæмæ, цыма йæм дæле уæлæмæ сдзырдта, уый хуызæн:

— Таизæ, бабайы къона, мах далæ былыл абаддзыстæм нæ дзæбæх фынгыл, æмæ нын ды, цыдæриддæр нæм дзæбæхагæй ис, уыдон уырдæм рахæсс. Дон дæр дæ ма ферох уæд, нæ къухтæ куыд ахсæм.

— Дон уын уырдыгæй сдавдзынæн, ног дон, уæ ног фæндагыл.

— Уый та — ноджы хуыздæр, — загъта ма Парсадан æмæ размæ ахæцыд лæппутыл.

3

Дзахо бадти æмæ тетрæдтæ раст кодта. Йæ куысты цы нæ уарзта, уый тетрæдтæ раст кæнын. Йæхæдæг сын цы фыссыны куыстытæ лæвæрдта, уыдон — нæ. Уыдон тынг æхсызгонæй касти æмæ сæ раст кæныныл дæр тынг æхсызгонæй бадти. Фæлæ мæнæ къласон куыстытæ чи сты, кæнæ, хæдзарон фæлтæрæнтæ кæм кодтой, уыцы тетрæдтæ раст кæнын — цымæ ма дунейы мидæг уымæй æдзæлгъæддæр куыст уа! Сæ фыдæбон — бирæ, сæ пайда — ницы. Чи цы рæдыдтытæ ауагъта, куыд ауагъта, цæмæн сæ ауагъта — кæсгæ дæр сæм ничи æркæны. Æмæ сæ уæд раст кæнын цæмæн хъæуы?! Нæгъ, хъæуы, дам, сæ. Æмæ раст кæн уыйæппæт тетрæдтæ! Гадзойæн цы у! Урочы пълантæ кæм фыссы, уыцы сауцъар бæзджын тетрад æмæ иу чиныг, кæнæ дыууæ чиныджы. Газеты сæ атухы æмæ сæ йæ дæларм акæны. Уый та йæ сæрак пъартфел дымстæй фæцæйхæссы — скъоламæ дæр æй дымстæй фæцæйхæссы, хæдзармæ — дæр.

— Дзахо, уæ Дзахо! — дуарыл æрбахæцыд Даридзæ.

— Цы кæныс, æдзи? — йæ размæ рауади Дзахо.

— Дæлæ хъилтыл уæле бæстыдзаг хъæдуртæ баззад æмæ сæм не 'ххæссын. Куы мын сæ фелвæстытæ кæнис, уæд сæ ратонин. Кæннæуæд сыл куыддæр ракъæвда кæна, афтæ ныззгъæлдзысты — уыцы хус хъæдуртæ! Æмæ тæригъæд сты. Мæнæ дæ фыды раздарæн абæтдзынæ. Йæхæдæг та йе стурты размæ ацыд дæ фыд. Нал æфсæдынц не стуртæ æмæ æдде лæууын куы райдайой, уымæй сын тæрсы æмæ уалæ хуссармæ схæццæ вæййы сæ размæ.

Мад дзырдта æмæ Дзахо хъуыды кодта: Цыдæр дзырдæмхиц у, ма та райдайа! Дыууæйæ аззайæнт, уыййеддæмæ дзы йæ уд рагъæнмæ хизинаг фæвæййы. Уæлдайдæр исты хабар æрыхъусæд — йе исчи фидаугæ бакæнæд, йе исчи хæсгæ кæнæд чындз — йæ рæтъузæн ныхасæй йын банцайæн нал вæййы.

Хъилтæ уыцы растæй лæууыдысты, цæхæрадоны кæрæттæ цы ахастой, уым. Уæле сыл дæргъæй-дæргъмæ кæрддзæмтæ æрзæбул сты, æмæ æдзæмæй лæууыдысты. Дзахо сыл исдуг йæ цæст ахаста, цыма сæ анымайын уыди йæ зæрды, уый хуызæн æмæ сæ райдыдта æфтауын. Арф сагъд уыдысты, æвæццæгæн

та сын сæ бынæттæ мæцъисæй ныххуынчъытæ кодта фыд. Æмæиу сыл дыууæ къухæй дзæбæх сæнцади Дзахо. Иу-цалдæр-иу дзы иумæ æрæвæрдта, алкæмæ сæ хицæнæй куыд нæ гуыбыр кæна мад, афтæ. Фæлæ сæм мад не 'внæлдта. Дзахо куыд цыд хъилтæ 'фтаугæ, афтæ уый дæр цыди, йæ къалати йæ тымбыл здыхт хъæдæй йæ цонгыл ауыгъд, афтæмæй.

— Цæуылнæ тоныс, æдзи? — æрæджиау бафарста Дзахо æмæ бахудт. — Цы боны хорзмæ ма кæсыс?

— Мæхи ныхасæй мæм куыд райдыдта дзурын, — йæ сæр батылдта мад, стæй фездæхти лæппумæ. — Æз уыдон ратонддзынæн, цас ратонинаг мын сты. Фæлæ ма акæс, акæс! Поли дæ æгасæй авд азы хистæр у, æмæ дæ йæ лæппу сæййафы. Уас йæ нана дыууæ цæфхадджын дзабыры феста йæ Болат-хъæбулæн!

Дзахо ницы дзырдта. Хъилтæ æлвæста æмæ сæ иу рæтты æвæрдта.

— Дæ дæс æмæ ссæдзæм азы бацæуай æмæ афтæ ма зæгъай — ай цы бадт фидын! — Афтæ гыццыл алæууыд, цыма джих аци, уый хуызæн, стæй ма йæхицæн дзурæгау бафтыдта йæ ныхасыл: — Кæд ныл адæм къуыппæн зарæг куы скæной, уымæй нæ тæрсын, уæд мæ абоны фыдæх уæд.

Æмæ сулæфыд Дзахо. Табу Хуыцауæн, абон уал фæци йæ хыл. Уый онг куы ахæццæ вæййы, ома къуыппæн зарæг ныл куы скæной, уымæй тæрсын, уæд æрлæууы. Уый йæ арæн у. Æмæ дзы ныр тас нал у. Ныр æм сæ тонынмæ дæр фæкæсдзæн хъæдуртæн. Хæсгæ дæр ын сæ бакæндзæн. Уартæ йын сæ мæнгагъуысты къуыммæ бахæсдзæн, иннæ хъæдуртæ кæм сты, уырдæм.

Даридзæ схæцыд хъилыл, йæ армыдзаг ратыдта хъæдуртæй æмæ фæхъил кодта йæ къух æд хъæдуртæ.

— Зæххыл чызг кæлгæ ныккодта, æмæ дзы кæд иу мах аккаг нæй, уæд нæ Хуыцау куы ралгъыста!

Дзахойæн уыцы дæргъæй-дæргъмæ хъил йæ къухты, афтæмæй кæсгæйæ баззади мадмæ. Ау, уыцы арæнæй дæр ахызти?! Æмæ йæм афтæ куы касти Дзахомæ — уымæй фылдæр æмæ фыддæр зæгъæн нал и — адæм дыл къуыппæн зарæг скæнæд!

Æмæ йæ зæрды уыд исты бадзурын мадмæ — уæдæ цавæр Хуыцау ралгъыста у! Уый онг никуы ахæццæ ис, уыцы ныхас дзы фыццаг хатт фехъуыста. Æмæ дзы йæ зæрдæ барызти. Йæ къухты цы хъил уыд, ууыл анцой кодта. Уæдæ уанцон Хуыцау

ралгъыста нæу! Фæллайгæ кæны, куыд нæ фæллайы! Фæлæ йæ фæлладыл нæ тыхсы, зынгæ дæр æм нæ кæны йæ фæллад.

— Алцæмæн дæр афон ис æмæ йæ афоныл кæнын хъæуы алцыдæр. Æнафоны ми æнæрайы ми у, æмæ æнæрайы митæ фæкæнæд нæ ницæмæ бæллæг!

Уæд та уал уалæ уæллæгтæм ссæуид æмæ уал уыдон сæфтауид. Уый уал уæдмæ адоны хъæдуртæ тонид, мæнæ кæй сæфтыдта, уыцы хъилты хъæдуртæ. Фæлæ уырдæм дæр куы ссæуа йæ фæдыл! Адон куы ныууадза æмæ куы ссæуа, уырдæм. Уæд та ма цы ми бакæндзæн.

Уыцы хъуыдытæ куыд кодта, афтæ йæ хъустыл æрцыди Гадзойы ныхас, æмæ фестъæлфыд — нырмæ йын, æвæццæгæн, Гадзойы ныхас афтæ æхсызгон никуы уыди.

— Кæдæй-уæдæй дыл дзаума сфидыдта! — Худы æмбонды æдде Гадзо, йæ къухтæ æмбондмæ систа.

Дзахойæн йæ къухты цы хъил уыд, ууыл æрæнцой-æрæнцойгæнгæ йæхи систа Гадзойырдæм.

Уæдмæ Гадзо адзырдта кауы сæрты:

— Байрйай, Даридзæ!

Даридзæ йæхиуыл схæцыд, йæ астæу куы сраст и, уæд акаст Гадзомæ.

— Райгæ бонтæ дыл фæцæуа, Гадзо! — Йæ къухы цы хъæдуртæ уыд, уыдон къалатимæ баппæрста, æмæ сæ хус дзæгъдзæгъ ссыди кæрддзæмты мидæг хъæдуртæн.

— Æвдисæн ныл бакодтай, уæлæ лæппу, æви мæнæ ацы хъилтæй иу сисон æмæ дыл æй ныббынæй-бынмæ кæнон!

— Тобæ зæгъ, Даридзæ! Хонæг нæй, хонæг! А лæг уын хонын нæ зоны æмæ ма йæхи къахæй чи цæуы!

— Хъазгæ ма кæ, уый дын йæхи къахæй æмæ искæй къахæй, фæлæ-иу æрбауай, æндæра мæ цы 'нхъæл дæ! — Уым йæ ныхас фæфæлмæндæр кодта Даридзæ. — Гæр уæдæ сихорыл дæр иумæ æрбауайут æмæ иумæ фездæхдзыстут. Сымах уалæ кæм æмæ кæм цæрут. Махæн дæр-иу æхсызгон уыдзæн йæ фыдимæ Дзахойæн.

— Бузныг, Даридзæ!

— Бузныг уæд уыдзæн.

Уыцы нæхасмæ ницуал сдзырдта Гадзо. Дзахомæ аздæхт.

— Дæ хæрзæггурæггаг — мæн, Рагнетæ дын афардæг.

Дзахо цы хъилы æнцой лæууыд, æрдæгæй уæлæмæ йыл

цалдæр хъæдуры даргъ кæрддзæмы зæу-зæу кодта, уымæй бавзыста Гадзомæ. Æмæ йæ Даридзæ куыд нæ фехъуса, афтæ йæм асæст хъæлæсæй бадзырдта:

— Куы нæ 'рлæууай, уæд дæ ахæм Рагнетæ фæуыдзæн!

— Нæ дæ уырны? Бауырндзæни дæ, райсом ын йæ урс-урсид дæллаггуырыл куы нал æруадзай дæ цæстытæ, уæд дæ æгæр дæр бауырндзæн.

Дзахо лæууыд æмæ Рагнетæ уад йæ цæстытыл.

— Кæд йæ нæуджытæ Арчилы фæуыдзысты, уæд туджы тæригъæд нæу! — Дзахо куы ницы дзырдта, уæд та йæхæдæг загъта Гадзо.

Æмæ йæ уæд бафарста Дзахо:

— Кæй нæуджытæ?

— Кæй, кæ, Рагнетæйы, æндæр кæй!

— Кæй Арчилы?

— Арчилы нæ зоныс?

— Уалæ фосы дохтыры?

— Фосы дохтыр у, бирæгъты дохтыр у, уыцы иу Арчил уыд а хъæуы æмæ нал и. Схæцыд Рагнетæйыл æмæ йæ афардæг кодта, гукк!

— Кæдæм æй афардæг кодта?

— Уымæй-иу ын йæхи бафæрс, кæд ма йыл искуы дæ цæст æрхæца, уæд. Фæлæ ма йыл ада-гъа æрхæца дæ цæст искуы.

Дзахо лæугæйæ баззад. Куыд ыл схæцыд æмæ йæ куыд афардæг кодта? Æмæ Рагнетæ ахæм чызг у, кæуыл схæцай æмæ кæй афардæг кæнай?! Æмæ, дам, ыл схæцыд Арчил! Бæрзонд, гыццыл гуыбырдзæф. Уый, бæрзонд кæй уыди, гуыбырдзæф уымæн зынд, æвæццæгæн. Йæ даргъ пъалтойы-иу фæцæйлæгæрста колхозы фермæмæ. Йæ бæзджын сау рихиты кæрæттæ бур адардтой, цыма телæй уыдысты æмæ сыл згæ фæхæцыди. Æмæ, дам, æй афардæг кодта.

— Æвгъау уыди Арчилæн, — дзуры Гадзо йæхицæн дзурæгау. — Уыцы урс дæллагхъуыр, уыцы æддæбадт тæрттæ! Куы-иу фæцæйцыд, уæд-иу цыдæр сусæг змæлд кодтой сæхи мидæг, цыма æрхъæцмæ нал хъæцыдысты. Иннæ ахæм йæ былтæ! Куы-иу бахудт, уæд-иу, ныппæртт кæна лæг, уымæ бирæ нал бахъуыд, — Гадзо дзургæ-дзурын бапъероз систа, йæ афтидæрдыгæй йæ фæтъæпæн кодта, йæ раззаг дæндæгты æхсæн цы зыхъхъыр уыд, уый дзы асхъаудта уыцы тъæпæнæй, стæй йæ

йæ дзыхы атъыста, ссыгъта йæ, æмæ йæ Даридзæ куыд нæ фена, афтæ дзы цалдæр пъæртты скодта фæд-фæдыл.

Дзахо лæууыди. Лæууыди æмæ йæ цæстыл уади Рагнетæ. Куыддæр фæзынди Суадæттыхъæуы, — зынгæ та æрæджиау фæкодта, ахуыр кæнын куы райдыдтой, уымæй цалдæр боны фæстæдæр — афтæ йæ йæ хæйрæджытæ ууыл бафтыдтой, Дзахойыл. Æмæ йæ сусæг дæр никæмæй кодта. Иу-дыууæ къуырийы бæрц куы акуыста, уæд иубон иумæ рахызтысты къласæй. Нывæдз цыппæрдигъон тыхтæй зынди йæ дæлармæй, йæ къухы æлхуыйы дæргъæн амонæн лæдзæг. Йæхи фæцæуæг кодта Дзахойы тæккæ фæрсты, бахудти æмæ йæм дзуры:

— Ацы тыргъæн кæрон куы нæ уаид, æмæ дзы афтæ куы цæуиккам фæрсæй-фæрстæм. Нæ дæ фæнды?

Дзахо йæм ницы сдзырдта. Цы йæм сдзырдтаид, сæ алыварс сывæллæттæ фæйнæрдæм гуылф куы кодтой! Афтæмæй исты дзурæнтæ и! Æнæуи йæм бакасти, йæ рæсугъд былтæ, бахудыны змæлд кодтой чызгæн, мæнæ йæ къæхтыбын исты фæци, æнæ фæкæлгæ йыл нæ фæуыдаид. Йæ сæр фæйнæрдæм банкъуыста зына-нæзына.

— Комкоммæ дæм куы бакæсын, уæд мæ зæрдæ йæ тыррыкк-тыррыккæй нал фенцайы. Цы дæ, цы?!

Иннæ хатт та ахуыргæнджыты уаты скъæрцц кодта, кæимæ лæууыд, уыцы чызг-ахуыргæнджыты æхсæн:

— Мæнæн та Дзахо цæуы мæ зæрдæмæ.

Уый размæ цы дзырдтой, уыдонæй ницы фехъуыста Дзахо — уæд бахызти мидæмæ. Уый сæ астæу лæууыди чызг-ахуыргæнджытæн иу-цалдæрæй, цыма сæ балхон уыди, уый хуызæн зынди. Йæ бигæ кофтæйы тæрттæ размæ дыууæ къуыппы дардтой, иу дзæбæх уæлвæзы дыууæ кувæндоны куыд уа фæрсæй-фæрстæм, афтæ. Йæ урс дæллагхъуыр бæрзонд фæцыд уæлæмæ кофтæйы æнгом хъуырæй уыцы æмдымбыл æмæ уыцы урс-урсидæй.

Стæй йæ цæстыты раз фегом ис уыцы изæр, хурыскæсæн куыд фегом уа лæджы раз, афтæ. Уый æрæджы уыд, хæрз æрæджы уыд уый. Октябры бæрæгбонмæ цæттæ кодтой. Ахуыргæнæгæй — скъоладзауæй уыцы даргъ тыргъы змæлыдысты. Уым сыл æрталынг. Цæуынхъус куы уыдысты, уæд йæ разы алæууыд Дзахойæн.

— Ныххизын мæ кæндзынæ нæхимæ. Иунæгæй нæ ауæнддзынæн уыцы талынг уынгты.

Цæргæ дæллаг уынджы кодта, атагъайы сæрмæ былыл цы

уынг уыд, уым, уартæ рæбынæй, Годжиаты хæдзары. Стыр хæдзар уыди Годжиатæн, стæй скъоламæ — хæстæг, æмæ-иу сæм алы аз дæр исчи царди ахуыргæнджытæй. Уый размæ дæр ма йæ ныххæццæ кодта кæддæр, æмæ йæм куы ныххатид, цом, дам, мидæмæ. Цай, дам, бацымæм, стæй, дам, ацæудзынæ. Уæдæ цыма æндæр цы ми кодтаид стæй? Нæ бацыди. Куыд бацыдаид! Уый иунæгæй цæры, чызг у æмæ, æмæ йæм ды басхъæл у, лæппу дæ, афтæмæй! Æмæ цы хъуамæ загътаид, чи дæ федтаид, уый, уымæн йæхицæй дæр, Дзахойæ дæр æмæ уымæй дæр, Рагнетæйæ дæр. Уымæн та йыл йæ зæрдæ бахудти, чызгæн. Ирон царды цы фæтчы æмæ дзы цы нæ фæтчы, уыдæттæн цы зыдта!

Цалынмæ æддæмæ цыдисты, уæдмæ кæцæйдæр æнахуыр сау мигъы тымбылтæ æрбакалди æмæ арвæй арвы хуызæнæй ницуал аззади. Æгасæй дæр схала-мула ис. Ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзаутæй алчи йæ сыхæгты агуырдта æмæ къордтæ-къордтæй тагъд кодтой фæйнæрдæм. Рагнетæ ма кæмæндæр цыдæр адзырдта чызг ахуыргæнджытæй æмæ æрбауад Дзахомæ.

Дзахо кæм лæууыд, уыцы ранæй чысыл æддæдæр лæууыди дыууæ æндæрджы — стырдæр æндæрг æмæ гыццылдæр æндæрг. Куы иу фæзындысты, куы та-иу талынгимæ аиу сты. Дзахо зыдта: уыдон Парсадан æмæ Таизæ уыдысты. Фæлæ ма цымæ цæмæ лæууынц, цæуылнæ ацæуынц? Æмæ йæм æрбайхъуыст Парсаданы ныхас:

— Цæмæ ма лæууæм? Нæ уыныс, ныртæккæ ныккалдзæн?!

— Ныккалæд, кæд кала, уæд, — загъта Таизæ.

— Гъомæ цæмæн хъуамæ ныккала, куы ныххуылыдз уæм, уæд хуыздæр у?!

— Цом тагъддæр, — дзуры йæ тæккæ раз лæууы, афтæмæй Рагнетæ, йæ комулæфт уыцы рæууон сыгъдæгæй хæццæ кæны лæппуйы цæсгоммæ æмæ йын æхсызгон хъыдзы кæны йæ цæсгом. — Æз тæрк къæвда нæ уарзын.

Æмæ уый хæдуæлвæд та Таизæйы ныхас фехъуыст Дзахомæ:

— Уæдæ афтæ ацæуæм ацы уынджы дæлæмæ, стæй далæ уæлбылы уынгты базилдзыстæм нæхи уынгмæ.

Æмæ афтæ фæзынд Дзахомæ: куыддæр не сразы уа Парсадан, афтæ йын хъæрæй æнæ ныккæугæ нæй. Æмæ бадис кодта — цæуыл тыхса афтæ Таизæ?! Стæй йæ ам дæлæмæ цæуын цæмæн фæнды?!

— Гъомæ ма ацы уынджы кæдæм цæуæм дæлæмæ! — ба-

бустæ кодта Парсадан. Æмæ та ууыл дæр бадис кодта: Уæдæ Парсадан уа æмæ бустæ кæна, уымæй дæр — Таизæйыл! — Чидæр йæ фæскъæбутты йæ хъусмæ куыд æвнæлдта, уыйау.

— Ауылты ныццæудзыстæм æмæ ууылты баздæхдзыстæм, — фыдæнæнгæнæгау йæ фæндыл фидар лæууыд Таизæ.

Кæд ма ноджыдæр истытæ дзырдтой уæддæр, уыцы цæстыфæныкъуылд, арв цыма хъæнтæ фæхауд, ахæм къæр-къæр ныккодта, æмæ йæ хъустæ айдзаг сты уыцы къæр-къæрæй Дзахойæн. Стæй цæуыныл фесты. Уыдон кæуылты ацыдысты, Парсадан æмæ Таизæ, уый нæ базыдта.

Афтеччы къулмæ куыддæр ныххæццæ сты, афтæ Рагнетæ йæ къух Дзахойы дæларм фæцавта, йæ цонг ын йæхимæ афтæ æрбалхъывта, æмæ йæ тымбыл риуы фарсыл банцади йæ цонг. Дзахойы уæнгтыл ризæг ацыди кæрæй-кæронмæ, æмæ æрцæйлæууыди, цæмæ æрцæйлæууыди, уый не 'мбæрста, афтæмæй. Фæлæ та уæд арв тынг ныкъкъæр-къæр кодта, æмæ нал æрлæууыд. Уынг дæллаг уынгмæ кæм фæкъул, уырдæм куыддæр ныххæццæ сты, æмæ ныр фæуырдыг кæной куыд загътой, афтæ сыл фæсте ныддымдта, æмæ сæ йæ разæй ахаста — сæ къæхтæ ма зæххыл кæм аныдзæвдысты, кæм — нал.

Бынæй лæнчы, къæвдайы дон-иу кæдæм бамбырд и, æмæ-иу дæлæмæ дæлбылмæ кæцæй агуылф кодта, уыцы ран фæрсæйфæрстæм лæууыди дыуузæ ставд æфсæйнаг хæтæлы. Уыцы сыхы цæрджытæ сæ кæцæйдæр æрластой, хъуамæ сæ уым авæрдтаиккой, дон уыдоны мидæг куыд цыдаид æмæ дæлбылмæ ныццæуæн фæндаг куыд нал хордтаид, афтæ. Фæлæ сæ авæрой, уый сын не 'нтыст, æмæ ныр дыккаг аз уым лæууыдысты хæтæлтæ. Куыддæр ныххæццæ сты хæтæлтæм, афтæ цыдæр æнахъинон дымгæ фæмидæг и хæтæлты, æмæ сæ дыуузæ хъæлæсæй ахæм ниугæ уынæргъын атахт æмæ йæ сонт гыбаргыбур уартæ хуссары къуыбыртыл дæлгом-уæлгомгæнгæ йæхи хойынæй нал æнцад. Рагнетæ ма иу хъæр фæкодта: «Уоу, æна!» æмæ йæхи Дзахойыл баппæрста. Йæ цæнгтæ йыл ныттыхта, йæхи йæм нылхъывта æмæ æрлæууыди Дзахо. Йæ къах ма размæ айстаид, уый амал ын нал уыди. «Æз тæрсгæ кæнын!», «Æз тæрсгæ кæнын!» — дзырдта æмæ дзырдта, Рагнетæ йæ зонд кæмæн фæцæуа, уый хуызæн æмæ йæ ризгæ уæнгтæ тынгæй тынгдæр æлхъывта Дзахомæ. Æвиппайды ныссæх-сæх кодта. Ахæм сæх-сæх ныккодта, æмæ хæтæлы æмбу бæстæ йæ сæрыл

систа. Арв нæрыд æмæ кæмдæр уæззау риуыгъдтытæ кодта. Годжиаты хæдзар нырма уартæ кæм уыд! Бæргæ адугъ кæн æмæ иу дугъæй кæрты фæмидæг у, фæлæ уый гæнæн нæ уыд. Æмæ уыцы сæх-сæхы бын йæ сæры фæмидæг ис иу æнахуыр хъуыды Дзахойæн æмæ, куыддæр фæзынди уыцы хъуыды, афтæ йæ скъæрцц кодта:

— Хæтæлы амбæхсæм!

Æмæ уыцы тæккæ ран фæгуыбыр кодтой æмæ сæ сæртæ хæтæлы фæцавтой.

Æдде бæстæ сæх-сæх æмæ гыбар-гыбур сси. Исдуг гуыбырæй лæууыдысты хæтæлы хуылфы. Разæй — Рагнетæ, фæсте — Дзахо. Куыд æм бахызтысты, афтæ, æмæ авнæлдта фæстæмæ Рагнетæ, Дзахойы цæнгтæ йæ уæхсчы сæрты æрбайста, йæ риуыл сæ æруагъта, йæ цæнгтæ сыл дзуарса æвæрд æрбакодта, æрбалхъывта сæ йæхимæ æмæ дзы сирвæзти:

— Æз тæрсгæ кæнын! Æрбахъæбыс мæ кæн!

Дзахо уыцы нæргæ-уынæргъгæ æмбуйы ницуал хъуыста, ницуал уыдта. Æрмæст ма йæ цæстыты раз лæууыд чызджы урс-урсид дæллагхъуыр æмæ йæм йæ былтæ бахаста. Чызг исдуг базыр-зыр кодта, стæй уыцы тæлфгæ-хæлбурцъгæнгæ аздæхт лæппумæ, йæ пиджачы тæрттыл ын ахæцыд фæстæмæ, фæлæ уыцы гуыбыр лæудæй пиджак раласынæн ницы амал ардта. Уæд уыцы талынджы кæрæдзиуыл хæцгæ сæ зонгуытыл æрлæууыдысты. Уым фелвæста пиджак, йæ фæстæ йæ хæтæлы быныл айтыгъта, стæй цыдæр ризгæ уынæргъыд ныккодта, афтæмæй дзы сирвæзт:

— Уæддæр бæстæ сæфы!

— Фынæй бадæ æви уадзыг фæдæ? — Худы Гадзо, æмбондыл йæхи æрбауагъта, афтæмæй. — Стæй йæ бапъерозы кæрон ратахти зывзывгæнгæ æмæ йæ тæккæ раз абадти Дзахойæн. — Цом-ма мемæ?

— Кæдæм? — Цыма хæтæлы хуылфæй нырма ныр рахызт, уыйау арф ныуулæфыд Дзахо.

— Дæлæ мын Тараты лæппу æртæ боны скъолайы нæ уыд, æмæ дзы Маха Мухайæн бæрæгдзырд схæссон, — директорыиу хъазгæйæ Маха Муха хуыдта Гадзо. Стæй бадзырдта Даридзæмæ: — Даридзæ, бамидæг у æмæ баулæф. Мах Дзахоимæ иу ранмæ ныууайдзыстæм, уайтагъд фæстæмæ фездæхдзыстæм æмæ дын дæ хъилтæ дæр сласдзыстæм æмæ дын дæ хъæдуртæ

дæр æртондзыстæм.

Фæлæ Даридзæ не сразы.

— Нæ, нæ, æз сымах цыдтытæ хорз зонын. Хъилтæ мын фелвасут, стæй ацæут. Кæдæм уæ фæнды, уырдæм. Æцæг-иу фæстæмæ ауылты раздæхут. Æз уын истытæ фендзынæн уе ссыдмæ.

Гадзо азылди Дзахомæ.

— Хизон ма дæм æмæ ма дæм цæй номыл хизон! Дæхæдæг сæ фелвæстытæ кæн.

Дзахо хъилтæ сæлвæстытæ кодта, мидæмæ бауад, йæ хæдзарыдаргæ хæлаф раивта, йæ пиджак йæ къухы райста, афтæмæй рахызт уынгмæ.

— Нæ, ай Бодзæн кæрц нæу, — загъта Гадзо, уынджы тигъыл дæлæмæ куы ныззылдысты, уæд. — Гъеныр мах хуызæн лæгты хъуамæ Маха Муха адæмы сывæллæтты фæстæ рарвитбарвит кæнид, æмæ мах фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæ сæпп кæниккам?! Уый сæрмæ хæссинаг у махæн? Нæ, уый сæрмæ хæссинаг нæу махæн, æмæ — фæци!

Дзахо зыдта: Гадзойæн институты зæрдæ бавæрдтой. Мæнæ ног аз куыддæр ралæууа, афтæ рагдунейы кафедрæйы ассистенты бынат байгом уыдзæн, æмæ йæ уырдæм хъуамæ айсой. Уым уал исты практикон куыстытæ-йедтæ кæндзæн студенттимæ, уæдмæ аспирантурæмæ бацæудзæн. Æмæ йæхи цæттæ кодта Гадзо. Дзахо та тыхсгæ кодта — цы уыдзæн иунæгæй, Гадзо куы ацæуа, уæд?! Ау, ныр дыууæйæ цы уынгты рацубацу кæнынц, уымыты уæд иунæгæй рацу-бацу кæндзæн? Æмæ цы фидаугæ скæндзæн иунæгæй уыцы уынгты, цы сæ ахадгæ скæндзæн?! Науæд скъолайы уыйæппæт ахуыргæнджыты æхсæн хъуамæ иунæгæй змæла? Макæимæ хъазæн ныхас скæна, макæмæн йæ зæрдæйы зæгъинаг зæгъа?!

Скъола иумæ фесты, институтмæ иумæ бацыдысты, фатеры иумæ цардысты. Сæ гæххæттытæ куы лæвæрдтой институтмæ, уæд æм цас фæхатыд Гадзо — уый дæр сæ историйы факультетмæ раттæд, Дзахо дæр. Иумæ куыд ахуыр кæной, афтæ. Дзахо æмдзæвгæтæ фыссы, Дзахойы литературон факультет хъæуы — уыдæттæ дæр-иу дзы ферох сты, куы фæхицæн уой, уый тасæй. Æмæ уæд иубон æнæнхъæлæджы куы скъæрцц кæнид Дзахо:

— Стæй нын иу скъолайы уыйбæрц историйы уроктæ кæцæй æрхæсдзысты?!

Æмæ уæд фæсасти Гадзо: цæйнæ фæлтау фæйнæ-фæйнæ скъолайы кусой, фæлтау ахуыр кæнæнт фæйнæ факултеты!

Цæугæ-цæуын æм бакаст Гадзо.

— Дæ институт ацы аз фæуыдзынæ, нæ?

Дзахо æмбæрста, цæмæн та йæ фæрсы, уый æмæ цыбырæй загъта:

— Гъо.

— Декабры мæйы?

— Гъо.

— Дæ чиныг та рацæудзæн фидæнмæ.

— Хъуыддæгтæ мæнæй ды хуыздæр зоныс. Æз хъуамæ дæу фæрсин, ды та мæн фæрсыс, — бахудæгау кодта Дзахо.

— Афæдзы мидæг — кæд? — Дзахойы ныхасмæ йæ хъус ницы бæрæг æрдардта Гадзо.

— Йæ райдиан афæдзæн. Фыццаг æртæ мæйы у йæ рацыды æмгъуыд.

Æмæ Гадзо фæлæууыд йæ цæуынæй.

— Гъемæ, гъеныр дæ иу дæларм Горькийы номыл литинституты диплом, де 'ннæ дæларм де 'мдзæвгæты чиныг, афтæмæй хъуамæ Суадæттыхъæуы иу цъыф дæр ма баззайа, ды кæй нæ ныннæмай, ахæм! Æфсæрмы дæр нæ кæндзынæ уыцы диплом æмæ уыцы чиныгæй?! — Уым тæргайгæнæгау размæ цæуыныл фæци. Æмæ та иу каст фæкодта цæугæ-цæуын Дзахомæ. — Æниу ды ард куы бахордтай, хъæуыл дæ зæрдæ кæй никуы сивдзынæ, уый тыххæй. — Стæй йæ дыууæ цонджы дæр размæ айтынг кодта æмæ райдыдта искæй фæзмæгау:

*Æз дæуыл мæ сонты бонтæй баст дæн,*
*Уо, мæ сæнтты рухс авдæн, мæ хъæу.*
*Дунейы рæсугъд горæтты астæу*
*Равзæрстон цæрæн бынатæн дæу.*

Дзырд куы фæци, уæд йæ сæр æртхъирæнгæнæджы æнкъуыст бакодта.

— Уый дын бæрæг уыдзæн — мæнæ уал дзы мæхæдæг фæфидар уон, стæй кæд мæ фарсмæ дæ тъæпп нæ фæцæуа!

Уыцы ныхасæй тынг тыхсти Дзахо.

Хъæууон лæг уыди. Йæ уд ам уыди, хъæуы. Мæнæ-иу аргъæутты уæйгуытæн сæ удтæ арф кæмдæр куыд уыдысты æвæрд æдас ран, афтæ. Æмæ Мæскуыйы куы вæййы, фæлварæнтæм куы ныццæуы, уæд æм цыма ныххæццæ вæййы

йæ уд æмæ йын йемæ хъæууон фæздæджы ад ныххæссы, уыцы æнæфæздæг ранмæ. Æмæ уæд, цыма йæ тых йæхимæ æрцæуы, афтæмæй бараст вæййы Герцены хæдзары дуармæ — институт кæм ис, уый кæддæр Герцены хæдзар уыди, номдзыд фыссæг æмæ хуыздæр æхсæны цардыл тохгæнæг Герцены хæдзар. Æмæ уынгтæ куы базмæлынц, хъæуы уынгтæ хъæууон змæлд куы бакæнынц райсом, уый та! Уыцы змæлдæй хуыздæр змæлд ис дунейы мидæг?! Уый удыхос у, уыцы змæлд, фæлæ йæ адæм иууыл нæ зонынц, иннæ хостæ куыд нæ зонынц иууыл, афтæ. Стæй Гадзо цы рæнхъытæ радзырдта, уыдоны бын цы цыппар рæнхъы ис, уыдон йе 'взагыл абадтысты кæрæдзи фæдыл æмæ сæ йæхинымæр йæхицæн радзырдта:

*Амыдтой мын колхозонтæ кусын,*
*Рæгътыл кодтон фыййæуттимæ арт.*
*Боброны ыскастмæ уарзын хъусын*
*Уасджыты æрдхæрæйнаджы зард.*

Æмæ бон цæугæ дæр уасджыты уасынмæ куы æркæны. Æмæ уæд, уасджытæ кæм нæ ныззарой, уырдæм куыд æрцæуыдзæни бон?! Стæй куы æрцæуа, уæддæр куыд хъуамæ сфидауа бон?! Æмæ цы хуызæн бон уыдзæни, æниу! Хуссармæ ма скæс æмæ хуссарæй ма ракæс. Хъæууынгты ма арадав-бадав кæн дæ цæстытæ, стæй сæ скъолайы фæзыл ма æруадз! Уыцы фæндагыл сæ ма схæсс, уыцы тæссар-мæссар фæндагыл! Парсадан ын йæ ныв куыд скодта гæххæттыл, уымæй ныр йæхæдæг хуыздæр куы фидауы уыцы къул æрцæуæны! Таизæ йыл йæ афтид бедра ахъеллау-ахъеллаугæнгæ куы æрцæйзгъоры донмæ — уый та?! Стæй — æдзи! Мæскуыйы куы вæййы, уæд йæ цæстытæ автобусы æрлæууæнмæ куы ныуурс вæййынц! Уый Мæскуымæ нæма ныххæццæ вæййы, Дзахо, афтæ йæм уый та æнхъæлмæ кæсын райдайы — нæма æрцæуы?!

Цыди Гадзойы фæдыл æмæ йæ нал фæндыди цæуын — фæстæмæ цæхæрадоны куы фестадаид æмæ уыцы даргъ хъæдурыхъилтæ куы 'лвæстаид, сæ цъуппытыл уыцы даргъ кæрддзæмтæ куы зæу-зæу кодтаиккой. Æмæ уæд йæ хъустæ уыцы сонт къæркъæрæй айдзаг сты, фæстæмæ фæкæса, уый бон дæр æй нал фæци: Агаги йæ мотоциклыл сæ алыварс æрзылди, цыма зиллакк арæзта, уый хуызæн, стæй цæхгæр фæлæууыди сæ разы.

— Сбадут! — фæйнæ касты бакодта Гадзо æмæ Дзахомæ.

— Кæдæм цæуæм, уымæй уал нæ бафарстаис, — бахудти

Гадзо.

— Кӕдӕм фӕнды цӕут — бадын уӕ нӕ хъӕудзӕн? — йӕ цӕстытӕ фӕдзагъул кодта Гадзомӕ.

— Ӕмӕ уӕд та Уырысмӕ цӕуӕм! — Суадӕттыхъӕуы афтӕ дзураг уыдысты: иу иннӕйы афарстаид — кӕдӕм цӕуыс? Ӕмӕ иннӕмӕн ӕхсызгон нӕ уыдаид, кӕй йӕ афарста, уый, уӕд ӕндӕр ницы загътаид: Уырысмӕ!

Гадзо йӕ фӕсарц абадт Агагийӕн, Дзахо бӕлӕгъмӕ бахызт.

— Гъеныр, кӕд Уырысмӕ нӕ, фӕлӕ Мысырыбӕстӕм цӕут, уӕддӕр ӕй зӕгъут.

— Уӕдӕ нӕ дӕлӕ Тараты Тӕуботӕм ныддав, — бадзырдта йӕм Гадзо.

— Ӕмӕ уӕ цы хъуыддаг и мӕ бавӕййӕгтӕм?

— Цы дын бавӕййынц?

— Ме стыр мадырвадӕлтӕ нал сты?

— Алӕ!

— Уый дын алӕ 'мӕ булӕ! Тӕубойы фыдыхо мӕ фыдымад нӕ уыди?! — Агаги та йӕ мотоцикл иу зылд ӕркодта йӕ мидбынаты, стӕй йӕ размӕ фӕцарӕзта.

Агаги иу кълас дӕлдӕр ахуыр кодта уыдонӕй. Бӕрзонд, даргъкъах ӕмӕ даргъцонг лӕппу. Сывӕллонӕй дзӕгъӕлтӕ кӕнын байдыдта машинӕты фӕдыл. Уроктӕй фервӕзӕд, ӕндӕриу колхозы гаражы балӕууыд. Шофыртӕ йӕ ииуылдӕр зыдтой: чи-иу ӕй йӕ фарсмӕ авӕрдта, чи-иу ын исты цуматӕ акодта, ӕмӕ-иу сырӕзти лӕппу.

Уайтагъд балӕууыдысты Тӕуботы раз. Уым дӕр та иу тымбыл зылд ӕркодта мотоцикл ӕмӕ ӕрлӕууыд. Уый йӕм цы ӕгъдау уыди! Хъуамӕ кӕцӕй цыдаид, уым дӕр иу зылд ӕркодтаид ӕмӕ — кӕм ӕрурӕдтаид, уым дӕр. Ӕнӕуи нӕдӕр цӕугӕ акодтаид, нӕдӕр лӕугӕ ӕркодтаид. Ныр куыддӕр ӕрлӕууыд, афтӕ йӕ даргъ къахыл схӕцыд, фӕлӕ уӕдмӕ Гадзо нӕма рахызт ӕмӕ йӕ къах хъилӕй баззад, цалынмӕ Гадзо хызти, уӕдмӕ.

Тӕубойӕн сӕ мӕнгагъуысты къулмӕ бадӕн арӕзт уыд, уырдыгӕй растад, сӕ размӕ рацыд, йӕ рахиз къахимӕ йӕ лӕдзӕг ӕмист кодта ӕмӕ-иу куы ӕрӕвӕрдта лӕдзӕг, уӕд-иу ыл дзӕбӕх ӕрӕнцади зӕхмӕ. Ӕмӕ-иу уӕд йӕ риуыл йӕ дыууӕ майданы базмӕлыдысты, сӕхи-иу батылдтой цыма сӕ лӕппутӕ куы нӕ феной, уымӕй тарстысты. Лӕппуты къухтӕ райста Тӕубо, дзӕбӕх сын фидар ӕрхӕцыд сӕ къухтыл ӕмӕ загъта хъӕрӕй:

— Гъеныр мæ сыхæгтæй лæгдæр чи у, уый рацæуæд! Уæдæ, куыд нæ мын æрфистæг и уыдоны дуæрттæм дæр ай хуызæн æртыгай уазджытæ! — Стæй хæдзарырдæм аздæхт æмæ ахъæр кодта: — Гамхетон!

Гамхетон, цыма дуары тæккæ рахизæны лæууыд æмæ йæм кæд бадзурдзæн Тæубо, уымæ каст — уайтагъд уынджы балæууыд. Йæ узæлæн ныхас йæ разæй фæци:

— Гъæ, Хуыцау уæ сараза, сыгъдæг Хуыцау, махмæ чи фездæхти!

Æмæ уæд Агаги дзуры хъæрæй, цыма фыдæнæн дзуры афтæ хъæрæй, уый хуызæн:

— Цафон-иу уæм æрцæуон? Талынгæй, æви ма-иу рухс гыццыл куыд тыбар-тыбур кæна, афтæ?

Æмæ йæм Тæубо йæ лæдзæг фæхъил кодта.

— Ахæм æрцæуон дæ фæуыдзæн, æмæ дæ мæджитты гыбаргыбурмæ хъæуы куыйтæ сæ гъай-гъойæ нал æнцайдзысты. Ацы лæдзæгæй мæнæ, гъай!

— Мæн колоннæмæ суайын хъæуы. Комбайнтæ райхалинаг сты.

— Комбайнтæ нæ, фæлæ кæд, уæ хæдзары фисын у райхалинаг æмæ æнæхæлдæй зайдзæн, уæддæр дæ цæуыны кой куыд нæуал фехъусон, афтæ бакæн!

— Абабау! — фездæхти Агагимæ Гамхетон. — Æмæ ма искуы уый дæр æрцыди — де 'мбæлтты уæзæджы къæйыл фæуадзай æмæ дæхæдæг лидзынмæ фæуай!

Æмæ ныхасыл йæхирдæм ахæцыд Тæубо:

— Уымæй дæр кæй дуарæй! Дæ мадыфсымæры дуарæй, де стыр мады æфсымæры! — Æмæ та фездæхти Агагимæ: — Сыбыртт дæр дæ куыд нал фехъусон, афтæ бакæн!

— Уæдæмæ ма мидæмæ цом! Мæн æхххуысгæнæг куы хъæуы, уæд ма нæ цардхæрæфыртæй хуыздæр æхххуысгæнæг кæм ссардзынæн!

Агаги фыццаг йæ иу цонг фæхъил кодта, стæй — йе 'ннæ цонг, цыма йын цæй дæргъæн цæнгтæ ис, уый æвдисынмæ хъавыд, стæй аразгæ стыр санчъехтæй бараст и дуары бахизæнмæ.

Дзахо Тæубомæ аздæхта йе 'ргом.

— Хуыцауы хатыр бакæнут æмæ уæхи ма стыхсын кæнут.

— Æппындæр нæ ницы тыхсинаг и Хуыцауы бын, — загъта Тæубо æмæ йæ бынатмæ бараст и. Æмæ йын Дзахо йæ цæстытæ

ærхаста йæ бадæн бынатыл. Уыцы бæстон арæзт уыди! Дзæбæх фæхс æрбадæн. Йæ къæхтæ зæххы къуырд, йæ фæрстæ, сæ цъар стыгъд кæмæн уыд, ахæм цонджы стæвдæн хъæлтæй дзуарсæвæрдтытæ. Йæ фæстæмæ анцайæн лæгъзгæнæнæй лæгъзгонд дзæбæх фæтæн фæйнæг. Æддæмæ урс дардта. Йæ сæр цыдæр зесты гæппæлтæй биноныг агъуыст, къæвда йыл куыд нæ цæуа, стæй йæм хур дæр æгæр куыд нæ кæса, афтæ.

— Дæ бадæн дзуарбадæнæй уæлдай нæу, — йæ цæстытæ ærхаста бадæныл Гадзо дæр.

— Гуы, — йæ сæр разыйы æнкъуыст бакодта Тæубо. — Уас мын адæмы куы аййафид йæ саразæг! Ам-иу куы цæуыл æрбадтæн, куы — цæуыл. Æмæ уæд ма февнала иу æнцойбон æмæ йæ афтæ ма ацараза!

— Уый — уæхи лæппу?

— Уый, уый, нæ гуырд, уæдæ!

Тæубо æмæ Гадзо æрбадтысты. Дзахо лæугæйæ баззад. Бандонæн йæ фæстæмæ анцайæн фæйнæджы лæгъз кæрон кæд чидæр хурсудзæнæй не скодта чызджы ныв. Худæджы ныв уыди тынг. Йæ хъуыр даргъ, тынг даргъ, йæ иу уадул — къуыпдæр. Йæ цæстыхаутæ — стæвдтæ æмæ дæргътæ, сæ иутæ — хæрдмæ хъил, сæ иннæтæ уырдыгмæ ныццарæзтой сæхи. Ныв кæнын чи нæ зыдта, ахæм чидæр æй скодта, уый иу бакастæй дæр бæрæг уыди. Фæлæ дзы уæддæр цыдæр уыди, чи зоны, æддæмæ чи нæ зынд, фæлæ мидæгæй кæмдæр чи уыд, афтæмæй лæджы цæстæнгас йæхимæ чи здæхта. Æмæ-иу æм Дзахо куы худгæ бакодта, куы та-иу æм æнæуи базылдта йæ цæстытæ.

— Тæубо, зæгъ æфсинæн, æмæ йæхи ма тыхсын кæна. Мах не 'вдæлы. Мах лæппуйы тыххæй æруадыстæм, — дзуры Гадзо. — Ныр æртыккаг бон скъолайы нæй, уый зондзынæ.

— Куыд нæ йæ зонын, уæдæ ма цы зонын! Æмæ уый ахæм лæппу у, æмæ ис æмæ гæнæг уæвгæйæ, иу урок дæр чи рауадза! — Загъта Тæубо æмæ йæ лæдзæг фæхъил кодта. — Нæ холлæгтæ æнæласт уыдысты, æмæ мæ уды лæбырдтытæ цыди, исчи нын сæ куы фæласа, уый адæргæй. Ныр нæм æрхауди трактор æмæ дзы знон æмæ æндæрæбон дыууæ ласты æркодтой. Мæнæ йæм йæ мадыфсымæры лæппутæ фæкастысты. Кæрдынмæ дæр ын уыдон феххуыс кодтой, уæдæ цы æнтысы иу цæвæгæн?! Уымæй дæр — хъуыдыды лæппу. Нырма йе 'хсæрдæс азы дæр кæм и уартæ! — Тæубо уыцы адджынæн дзырдта, æмæ йæм хъусыныл фæци Дзахо. Цин

кодта лæг — хостæ кæй æрластой, ууыл дæр цин кодта, лæппу кусынхъом кæй фæци, ууыл дæр, йæ мадыфсымæры лæппутæ йæм кæй фæкастысты, ууыл дæр. Афтæмæй фæстæмæ хæцыди йæ цинылм— ииуыл разына йæ цин, уый йæ нæ фæндыди. Æфсæрмы кодта, йæ цин иууыл куы разына, уымæй æмæ йын цыма не 'мбары йæ цин, афтæ лæууыди Дзахо. Уымæ дæр-иу бакаст, стæй та-иу нывмæ дæр базылдта йæ цæстытæ. Æнæуи дæр æм кæйдæр хуызæн кæсын байдыдта ныв, æмæ дис кодта Дзахо — нывы хуызæн куы нæ у, уæд æм искæй хуызæн цы хуызы кæсы?!

— Иу ласт ма сын дзы уыди, æмæ йæм абон фæцыдысты. Кæд Хуыцауы фæнда, уæд къухы бафтдзæн уый дæр, æмæ уæд ирвæзт стæм холладжы мæтæй. Æмæ-иу хæхты афтæ дзырдтой: хорхъуаг, дам, иу мардæрцыд у, холлагхъуаг — дыууæ мардæрцыды.

Æмæ та нывыл æрхæцыдысты Дзахойы цæстытæ. Уыцы ставд цæстыхаутæ! Æвæццæгæн сын лыстæгдæр аразæн нæ уыд — хурсудзæн иухуызон судзы алыран дæр. Касти нывмæ, æмæ йæм уырдæм хъуысти Гадзойы ныхас:

— Хъæууон хæдзарæн йæ куыстытæ никуы фæуыдзысты, æмæ йæ алы куыстмæ куы скъæфай, уæд йæ ахуыр ныккъкъуылымпы уыдзæн. Æмæ дæ рох ма уæд — дæсæмты ахуыр кæны дæ фырт, дæсæмты!

Дзахомæ уæлдай зындысты Гадзойы ныхæстæ. Уæдæ хъуыддаг бæрæг у — сæ хостæ ласт нæ уыдысты æмæ уый тыххæй рауагъта дыууæ боны. Ныр абон фæуыдзысты ласт, æмæ райсом скъолайы балæудзæн лæппу. Ныхас кæнын ма дзы цæмæн хъæуы! Намæ бадгæ дæр цы скодта — уыцы бæстон бадт! Лæппуйы хабар базыдтай, азил æмæ афардæг у. Фистæгæй цæуын дæ нæ хъуыди! Æртæйæ дæр куы ныллæуыдаиккой цæуыныл — чи сæ бауръдтаид!

Уæдмæ Агаги фездæхти мидæгæй. Тæубойы раз алæууыд.

— Мидæгæй хъуыддæгтæ сойыл цæуæгау цæуынц: аг уæларт гъæйттæй пæлхъ-пæлхъ кæны. Чъиритæй чи пецы бамидæг, чи та арынджы зилдух-зилахарыл бафтыд. Гъеныр мæ ауадз, нæ? Æз трактористты комбайнтæ халыныл бафтаудзынæн æмæ ам мæ тъæпп фæцæудзæн.

— Гæр æмæ мах æд фынг, æд æндæр дæумæ æнхъæлмæ кæсдзыстæм?!

— Цæмæ мæм кæсдзыстут! Сбадут-иу.

Уым Тæубо йæхи фæмæстыхуыз кодта.

— Дыууæ уазæгимæ бадын мæм нæ цæуы уæд та, æртæ уазæгимæ бадын мæм цæуы, уæд та! Гъæ-гъа!

Æмæ йын уæд Агаги дæр йæ хæдоны риумæ йæ къух фæцарæзта æмæ йæхи фæмæстыхуыз кодта уый дæр.

— Æмæ, уæд мæнмæ та дыууæ майданы кæмæн ис, ахæм фысымимæ бадын нæ цæуы. Мæнмæ та æртæ майданы кæмæн ис, ахæм фысымимæ бадын цæуы, гъæ-гъа!

Тæубо йæ риумæ æркаст, цыма йæ майдантæ æрмæст дыууæйы йеддæмæ кæй нæ уыдысты, уый базонынмæ хъавыд, стæй йæ хъæлæс æрхауд, афтæмæй загъта:

— Гъе, мæ лымæн лæггаг, уыдон дыууæйæ цæмæн баззадысты, уый куы зонис, уæд ахæм ныхæстæ нæ кæнис. — Стæй иудзæвгар ницуал сдзырдта, иу арф улæфт ныккодта, дыккаг улæфт æрдæгыл аскъуыд. — Æмæ адон мæ риуыл уый тыххæй куы баззадысты ауыгъдæй, æмæ сыл æртыккаг кæй нæ бафтыди, кæй сæм нæ фæхæццæ и.

Тæубо æрлæууыд йæ ныхасæй æмæ афтæ зынд — ныр ма йæ фæнды фæрс, фæнды — ма, ницуал зæгъдзæн. Фæлæ уæдмæ Агаги йæ разы дзуццæджы æрбадти — йæ даргъ зæнгтæ йæ быны дзæбæх нæ цыдысты — æмæ бафарста:

— Куыд сæм нæ фæхæццæ?

— Нæ сæм фæхæццæ, — йæ къух йæ уæрагæй фесхъиуæгау кодта Тæубойæн, — йæ фæндаг басыгъди.

— Куыд басыгъди?

Тæубо Агагимæ бакасти, стæй йын йæ тъæпæн арм йæ уæхскыл æрæвæрдта, йæ иннæ къухæй та йæ лæдзæджы къадзони суагъта æмæ дзы Гадзойы цонгмæ бавнæлдта.

— Уæд Украинæйы зæххыл хæцыдыстæм. Уым иу стыр цæугæдонæн йæ ардыккаг фарс мах уыдыстæм, йæ фаллаг фарс та уыдон, немыц. Ныр нæм дзырд æрцыди, хъуамæ фаллаг былмæ бабырсæм æмæ дзы нæхи æрфидар кæнæм. Куыддæр æрталынг и, афтæ хъæд калын байдыдтам — уыцы дæргъæй-дæргъмæ бæлæсты зæнгтæ фæрсæй-фæрстæм фæбастам, тъиуитæ сæ фæцарæзтам. Æмбисæхсæв уыдаид, афтæ сæ донмæ æруагътам. Æмæ нæ слæууын кодта командир. Дзуры нæм:

— Раззаг тъиуийыл бадынмæ бархионтæ кæд ис — иу къахдзæф размæ ракæнæнт.

Æмæ дын æз иу къахдзæф нæ, фæлæ дыууæ дынджыр

къахдзæфы куы ракæнин. Мæ къух ме 'рфыджы сæрмæ куы сыскъæфин.

— Бар радт мæнæн, æмбал капитан!

Мæ фæстæ базмæлыдысты иннæтæ дæр. Фæлæ командир мæнмæ ма фæуа! Йæ хъæбысы мæ ныккодта, стæй йæ хъуыры цыдæр цин абадт, нынныхъхъуырдта йæ цин æмæ загъта:

— Райгуырæн бæстæйæ рох никуы уыдысты йæ хъæбатыр фырттæ!

Мæнæн иу-цалдæр гранаты мæ роныл ауыгъд, автомат мæ къухы, афтæмæй басæррæтт кодтон тъиуимæ æмæ йæ тæккæ фындзыл æрбадтæн. Куыддæр донæн йæ астæумæ бахæццæ стæм, афтæ ныл нызгъæлстой. Дæттæй, мæ зынджы хай бахуысса! Цыма хъызт сыстади фурдыл — тъиуийæ, уылæнæй-иу хъен куы ныллæуыдысты, стæй-иу сæ кæрæдзиуыл сæ дзæхст куы фæцыди, афтæмæй-иу куы фæцæйхастой кæрæдзийы, уæд загътон — мæнæ бæсты сæфт æрцыди:

— Цæф уым фæдæ? — Куыддæр йæ ныхасæй фæлæууыд, афтæ йæ афарста Агаги.

— Нæ, цæф уым нæ фæдæн. Цæф уый фæстæ фæдæн, уартæ Польшæйы зæххыл фæдæн цæф. Уæд та цæф нæ, фæлæ цъæррæмыхст дæр нæ фæдæн. Мах тъиуи чи уыди, уый æнæуи дæр аирвæзти. Бирæ нæ нæ фæхъуыди. Иннæ тъиуитæй ма кæмæй æрдæг баззади, кæмæй — æрдæг дæр нал. Фæлæ махæн уыйас ницы уыд.

— Уый дын — лæг! Иу къахдзæф, дам, æмæ иу къахдзæфы бæсты дыууæ санчъехы! — Уыцы дзуццæджы бадгæйæ йæ цæнгтæ фæхъил кодта Агаги.

— Дыууæ мын цæмæн рауадысты, уый зоныс? Дыууæ мын уымæн рауадысты, æмæ тæрсгæ фæкодтон — исчи куы фæразæй уа, уымæй фæтарстæн.

— Цæмæй дзы фæтарстæ!

— Худинагæй, худинагæй. Æндæр цæмæй! Худинагæй фылдæр ма лæг цæмæй фæтæрса!

— Ды дзы куыд фæтарстæ, адæм дзы иууылдæр афтæ куы тæрсиккой!

— Гуы, — загъта æнцад-æнцойæ Тæубо.

Дзахо Тæубомæ фездæхт — кæдæй нырмæ нал фехъуыста уыцы дзырд! Æмæ йæ ныр дыккаг хатт куыд дзæбæх загъта Тæубо! Уæд та-иу æй арæх хъуыста, тынг арæх-иу æй хъуыста

уæд. Йæ фыды фыд Хъыбо искæимæ истæуыл сразы уыдаид, уый йеддæмæ æндæр ницы загътаид — гуы! Æмæ-иу сфидыдта сæ ныхас. Ныр æй ничиуал дзуры. Диссаг у — Бардзин та йæ куыд нæуал дзуры: уæдæ дæ фыд цы дзырдта, уый мауал дзурай! Æмæ сæфы цыкурайы фæрдыджы хуызæн дзырд. Дзырдуæтты йæ фæцагуырдта Дзахо — иунæг ран дæр йæ кой нæй.

— Æмæ æрфидар стут стæй былыл? — бафарста Гадзо.

— Уæдæ цы кодтам! Фæсырдтам сæ. Райсомæй нæм булкъон æрбахæццæ. Фæарфæтæ нын кодта, стæй фæрсы капитаны:

— Былмæ раздæр чи рахызти?

Æмæ йæ разы сах лæуд акодта капитан.

— Сержант Тарайы-фырт, æмбал булкъон!

— Хæрзиуæг! — Фæцæлхъ кодта булкъон.

Уым фæцарæзтой гæххæттытæ, кæм лæугæйæ, кæм дзуццæджы бадгæйæ — нывыл кæм æрбадтаиккой, ахæм бынат дæр дзы нæма уыди. Стæй капитан дæр йемæ абадти булкъонæн æмæ дæлæ фæуайы сæ машинæ был-был. Уыцы рæстæджы, мæнæ дзæгъæл нæмыг куыд рацæуа, афтæ рацыди кæцæйдæр минæ — куыд рацыди, кæцæй рацыди, а дунейы мидæг ын ничи ницы базыдта. Рацыди, рацыди ниугæ-дзыназгæ æмæ йæ быны смидæг и машинæйæн. — Тæубо фæлæууыд йæ ныхасæй. Йæ лæдзæджы къадзонийыл йе 'нгуылдзтæ æрбатыхта, уыцы ставд æнгуылдзтæ, æрбалхъывта йæ, барызтысты æнгуылдзтæ.

Лæппутæ аздæхтысты Тæубомæ, йæ цæсгоммæ йын сарæзтой сæ цæстытæ. Æмæ загъта Тæубо, йæ хъæлæс барызти, афтæмæй:

— Фæхаста сæ машинæйæ дæр, лæгæй дæр, гæххæттæй дæр.

Æмæ йæм кæсгæйæ баззадысты лæппутæ, цымæ ма дзы æндæр исты ныхас фехъусынмæ хъавыдысты — зæрдæ кæуыл фæлæууа, ахæм ныхас: нæннæ, фæхаста сæ, фæлæ сын ницы уыди. Фервæзтысты. Фæлæ Тæубо ницы дзырдта, æмæ уæд иугай-иугай сæ цæстытæ зæхмæ аздæхтой. Агаги зæхмæ кæсын нæ бафæрæзта цыма, фæстæмæ сзылдта йæ цæстытæ Тæубомæ.

— Цы дæттынмæ дын хъавыдысты, уый дæр нал базыдтай?

— Нал æй базыдтон. Кæм ма йæ базыдтаин?..

— Орден уыдаид, æвæццæгæн.

— Йæ бон у æмæ уыдаид орден дæр.

Агаги бавнæлдта Тæубойы риумæ, майдантыл йæ уырзтæ æрхаста, цыма сын тæригъæд кодта, уый хуызæн, стæй цыма уыдонæн дзырдта, майдантæн, афтæ загъта:

— Æмæ стæй дыууæйæ баззадысты. Се 'мбал сæм не 'рхæццæ, минæ йын басыгъта йæ гæххæттытæ, æмæ басыгъди йæхæдæг дæр. Басыгъди хæсты, салдат куыд басудза, афтæ. Адон та æвдисæн сты, кæй басыгъди, уымæн. Ацы дыууæ дзæбæх зыланггæнаг майданы.

Дзахо лæууыд, ныхæстæм хъуыста, фæлæ сæм дзæбæх хъусын нæ фæрæзта. Уыцы ныв йæ хъуыдыйæ нал хицæн кодта. Æмæ та-иу ыл, иннæтæ йæ куыд нæ 'рхатыдтаиккой, афтæ йæ цæстытæ æрхаста. Третьяковы ныврављрæнты дæр никуы фæкаст иу нывмæ уый бæрц. Иу дæр æм дзы афтæ нæ бахъарыд — цыма нырма дæр хъарм у, цыма хурсудзæны хъарм йæ уæлæ баззад æмæ, йæм хæстæг куы бацæуид, йæ армы тъæпæн æм куы бадарид, уый йæ æрфæндыд. Ныв нæ уыди, афтæмæй æнахуыр ныв уыди!.. Диссаг нæу — чи йæ кодта æмæ йæ цæмæн кодта?! Цымæ, кæй хуыз уади йæ цæстытыл, кæй хуыз сынвæндынмæ хъавыди уыцы фæйнæджы лæгъз кæроныл?!

Гадзо бадти. Йæ иу къух йæ уæрагыл, йæ иннæ къух йæ пиджачы дзыппы — æвæццæгæн, тамако сисынмæ нывнæлдта йæ дзыпмæ, стæй фефсæрмы кодта Тæубойæ æмæ нал систа тамако. Тамако нал систа, æмæ уал къух дæр уым баззад, дзыппы.

— Кæйдæр лæппуты уæзæджы къæйыл ныддардтай, уæртæ лæг! — райхъуыст Гамхетоны æнæвдæлон ныхас, æмæ фесхъиудта Дзахо, æппындæр æй нæ фæндыд мидæмæ ацæуа, уый. Уыцы ран афтæ лæууыдаид, хъуыстаид Тæубо æмæ Агагимæ, рæстæгæйрæстæгмæ-иу йæ цæстытæ æрхастаид уыцы æнахуыр нывыл дæр. Ноджы йæм кæд нæ байдыдта кæйдæр хуызæн зынын. Æмæ йæм кастаид. Чи зоны, кæй хуызæн æм байдыдта зынын, уый дæр æрхъуыды кодтаид.

— Уæ, Хуыцауы зæрдыл дзæбæхæй фæлæууай, мах ма чи æрхъуыды кодта! — бахудти Тæубо æмæ йæхиуыл схæцыд.

Раст уыцы рæстæджы фæцыди тракторы хъæр æмæ уайтагъд тигъæй æрбазынд, йæ сырхахуырст кæмæн ссыд, фæлæ уæддæр сырхбын чи дардта, ахæм «Беларусь!» йæ фæстæ уæззау ласта дæргъæй-дæргъмæ уæрдон хосамадæй.

— Гъа, цомут, æфсин махмæ кæсы, — батагъд кодта лæппуты Тæубо.

— Нæ, Тæубо, — раст слæууыд Гадзо, йæ пиджак фелвæста, йæ уæхсчытыл æй фæдыдагъ кодта æмæ йæ бадæны фæстæмæ æнцайæн фæйнæгыл авæрдта, стæй йæ хæдоны дыстæ счъил

кæнынмæ фæци. — Фæллад лæппутæ ам сæ туг калой, мах та уым нæ зæрдæйы дзæбæхæн фынгыл бадæм — цæхæр нæ ацæудзæни ахæм гуыбынты!

— Аба-бау! — йæ лæдзæг та фæхъил кодта Тæубо. — Кой дæр ма скæнут уыцы хъуыддаг.

Фæлæ уæдмæ иннæтæ дæр фелвæстой сæ пиджактæ æмæ сæ Гадзойы пиджачы фарсмæ рæгъ-рæгъы авæрдтой.

Уæдмæ трактор цæхæрадоны æмбæрзты æмбуар бацыд, иуцалдæр тыхулæфты ма скодта æмæ æрлæууыд.

— Ныр сымах мидæмæ бахизут æмæ йæ уым æрбæстон кæнут, — тракторы раз барджынæй хæлиу лæуд кодта Агаги, афтæмæй дзырдта тракторырдæм хъæрæй. — Æппаргæ уæм æй мах бакæндзыстæм.

— Уоу, мæнæ Хуыцауы диссæгтæ, мæнæ! — Йæ лæдзæгæй фыццаг зæхх æркъуырдта Тæубо, стæй йыл фенцой-фенцойгæнгæ трактормæ æввахсдæр балæууыди.

4

Уæддæр ам бадти Дзахо. Уыцы æмдзæвгæйы рæнхъытæ рабар-бабар кодта кæрæдзиуыл. Урочы ма уыд, афтæ змæлын райдыдтой йæ зæрдæйы бын. Куы-иу кæрæдзийы сæрмæ абадтысты, куы-иу сæрмæ-сыдзтæ фесты кæрæдзимæ, куы та-иу сæхæдæг нал фæзындысты, фæлæ-иу сæ азæлд пæр-пæр кæнын систа йæ алыварс,æмæ-иу урок дыгъуыл-мыгъуылтæ кæнын райдыдта. Стæй куыддæр дзæнгæрæг ныццагътой, афтæ йæ пъартфел ахуыргæнджыты хатæнмæ бадавта æмæ æнæхъыппæнæсыпп ардæм цæуыныл фæци. Хорз уыди, æмæ йыл ничи амбæлди, ныхасмæ йæ ничи æрурæдта, радзур-бадзур кæнын æй никæимæ бахъуыд, æмæ, рæнхъытæ куыд змæлыдысты, уый ничи бахъыгдардта. Куы æрхæццæ и æмæ ам куы æрбадти, уæд гæххæтты уæлæ уайтагъд æмдзæвгæйы хуызæнæй разындысты.

*Мæн сæ фæстæ хизын кодтой бæлæстæм,*
*Цом æмæ, дам, цъиуы ахстон фенæм.*
*Стæй-иу рындзæй рахъæр кодтой: мæнæ стæм*
*Æмæ цом æхсæр тонынмæ немæ!*

Сабибонты кой цыди рæнхъыты. Сонт сæ хуыдтой æмæ фыдуаг, фæлæ, дам, сæм зæрдæ нæ хъæбæр кæны. Æмæ сæм куыд хъуамæ фæхъæбæр уыдаид зæрдæ?! Искуы ма искæй зæрдæ фæхъæбæр и сабибонтæм?!

Йæ дыууæ уæраджы къоппайы кæрæдзимæ бангом кодта, уыдоныл æрæвæрдта фыссæн чиныг, багуыбыр æм æмæ йæм бавнал-бавнал кодта хæдфысгæ ручкæйы фындзæй. Хатт-иу йæхиуыл схæцыд æмæ-иу хъæрæй бакаст, фыст чи æрцыд, уыцы рæнхъытæ, стæй та-иу сæм багуыбыр ис æмæ та-иу кæм рæнхъыл кæрæй-кæронмæ ауагъта ручкæ, кæм-иу хицæн дзырд фæхахх кодта — йæ зæрдæ ради — æмдзæвгæйы змæлд цыди. Йæ цæстытæ дæр-иу æрцъынд сты. Стæй та-иу ферттывтой цæстытæ, йæ нуæрттæ дæр-иу фæтынг сты.

*Стæй сæ уæд хылæй ныууагътон хъæд' астæу*
*Æрдузы кæрдо бæласы цонгыл.*

Иуафон ауыдта — йæ цæстытæ гæххæттæй куыд фæхицæн сты, уый нæ рахатыдта, Парсаданты цæхæрадоны былмæ куыд скаст, цæмæн скаст, уый нæ бамбæрста — былæй фæхицæн æмæ уыцы тæссар-мæссар фæндагыл ратæхы дæлæмæ Таизæ. Йæ сырх халат цы у, уымæй сырх пиллон фестади йæ уæлæ, йæ урс бедра йæ къухы уыцы хъæлдзæг хъеллау кæны — куы йæ фæстæ аззайы хъеллаугæнгæ, куы йæ разæй фæвæййы чызгæн, æмæ йæ урс тæмæнтæ акæлынц бедрайæн фæйнæрдæм.

Дзахо йæм кæсгæйæ баззад. Хорз фидыдта уыцы тæссар-мæссар фæндагыл афтæ згъоргæйæ. Йæ сырх халат ноджы сырхдæр уыд йæ къабайæ. Стæй уæгъддæр, уæгъддæр æмæ даргъдæр. Уæгъдызмæлд кодта йæ уæлæ, пиллоны хуызæн уымæн зынд згъоргæзгъорын. Æмæ-иу куыддæр æрцыди скъолайæ, афтæ-иу фелвæста, æвæццæгæн, йæ сырх къаба æмæ-иу йæ сырх халат акодта. Æмæ-иу цалынмæ йæ сырх халат кодта, уæдмæ-иу афтид хæдоны, урс-урсид хæдоны, дæр фидыдтаид. Кæсæны дæр-иу акастаид, йæ тæрттыл-иу бахæстытæ кодтаид, йæ астæуыл-иу авæрдтаид йæ къухтæ æмæ-иу афтæмæй кæсæны раз æрзылдаид. Афтæтæ фæкæнынц сылгоймæгтæ, æмæ афтæтæ кодтаид уый дæр. Стæй уæд акæны йæ сырх халат, цæмæй пиллоны хуызæн зына, сырх пиллоны хуызæн.

Æмæ цыма цæугæ нæ кодта, дугъ нæ кодта уыцы тæссар-мæссар фæндагыл, фæлæ йæ цыма уадымс хаста, йæ урс бедра дæр-иу куы йæ разæй уымæн фæци, куы та-иу йæ фæстæ уымæн аззади.

Рæсугъд ныв уыди уый, æнахуыр рæсугъд ныв — афтæ йæм кæс æмæ кæс! Æмæ йæм кæсгæйæ баззади Дзахо. Кæм уыд, уый дæр дзы байрох, цы ми кодта — уый дæр.

Рæбынмæ ма йæ гыццыл хъуыд, иу фæзилæны, æвæццæгæн,

йæ къахæй иннæ къах скъуырдта, йе цы уыди — ныззылди уыцы згъоргæ-згъорын æмæ йæ сынæг зæххы ацавта. Нал сызмæлыд, афтæ дыдагъæй баззад. Бедра йæ къухæй феуæгъд æмæ тулынмæ фæци уыцы тæссары.

Дзахо фестъæлфыд. Афтæ фестъæлфыд, æмæ йæ ручкæ дæр æрхауд æмæ йæ фыссæн чиныг дæр. Стæй лæугæйæ аззад. Фæлæ уый уыди иунæг цæстыфæныкъуылд, стæй та фестъæлфыд æмæ йæхи размæ аппæрста. Згъордта, йæ развæндаг нæ уыдта, афтæмæй, йæ цæстытæ уырдæм арæзт уыдысты, уартæ уыцы тæссар-мæссар фæндагмæ. Цæугæдоны былмæ куы бахæццæ, уæд уæлæмæ иу каст фæкодта — хид уалæ кæм æмæ кæм уыди — æмæ, донæй цы дуртæ зынд, уыдоныл иуæй иннæмæ гæпгæнгæ фæраст и доны сæрты. Фаллаг фарсмæ йæ бирæ нал хъуыд, афтæ фыццаг йæ иу къах фæбырыд дуры фарсыл, æмæ уыцы къах фæтъыста доны, стæй та йе 'ннæ къах фæбырыд, æмæ уæд та уыцы къах фæтъыста доны æмæ атагъайы уырыл куыд згъордта, афтæ дон æнхъызти йæ туфлиты кæмттæй. Рæбынмæ бирæ нал хъуыд Дзахойы, афтæ базмæлыди чызг — йæ цæстытæ ацахстой Дзахойæн, куыд базмæлыди, уый — йæ рæмбыныкъæдзтыл рабадæгау кодта, йæ халаты бынтыл ахæцыд, æвæццæгæн, йæ уæрджытæ гом уыдысты æмæ уыдон æмбæрзта. Куы йæм схæццæ, уæд йæ цæстытæ уыдысты цъынд, йæ былтæ кæрæдзимæ — æлхъывд æмæ фæлурс, йæ ныхыл сурхиды лыстæг æртæхтæ.

Дзахо йæ разы дзуццæджы æрбадти. Йæ зæрдæ гуыпп-гуыпп кодта æмæ тæрсгæ дæр кодта уыцы гуыпп-гуыппæй æмæ æфсæрмы дæр. Бадти афтæ дзуццæджы æмæ æдзынæг касти чызджы цъынд цæстытæм, стæй йæ бафарста:

— Цы кодтай, цы, Таизæ?

Уый йæ цæстыты уæлтъыфæлттыл схæцыд, æмæ айтынг сты йæ цæстытæ, афтæмæй ныккомкоммæ сты Дзахомæ. Æмæ та уæд ногæй бафарста Дзахо:

— Кæлгæ фæкодтай, Таизæ?

Уый ницы дзырдта. Йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ уыцы хъилæй цыдæр æнæрхъæц фæтæпп-фæтæпп кодтой, цыма фæдис хъæр кодтой, уый хуызæн.

— Цы ныццавтай, Таизæ?

Чызг нæ йæ фарсыл хуыссыд, нæ уæлгоммæ. Йæ иу зæнг зынди халаты бынтæй, фæтасæн кæм и, уырдыгæй дæлæмæ.

Иннæ зæнг уыди халаты мидæг, æрмæст зынди йæ къах, йæ уæлæ мидæгдаргæ хæцъил дзабыр къахæн. Æмæ фæфæнд кодта Дзахо — рахæца йын йæ зæнгыл, йæ быны куыд нæуал уа, афтæ. Рараст ын æй кæна æмæ хъавгæ нывнæлдта, халаты мидæг фæтасæн кæм уыд, уырдæм. Куыддæр халатмæ ныххæццæ йæ къух, афтæ фесхъиудта чызг, стæй фæхъæр кодта, цыдæр цыбыр хъæр фæкодта, цыма дзы йæ риссаг иууыл нæ бацыд æмæ тыхыскъуыд аци.

— Дæ уæраг ныццавтай, æвæццæгæн, нæ, — загъта Дзахо. — Фæрсгæ нал бакодта, æнæуи загъта. Стæй уæлæмæ скасти, уалæ былмæ. Бæргæ, сæ бинонтæй исчи куы разынид. Фæлæ чи разына сæ бинонтæй, уый афтæ нæ зæгъдзæн: æмæ ды та ам цы ми кæныс?! Æфсымæртæй ничи ницы зæгъид, бæргæ, дыууæ æфсымæрæй, нырма лæппутæ сты, скъоладзау лæппутæ æмæ цы хъуамæ сфæразой сдзурын сæ ахуыргæнæгмæ. Парсадан йæхæдæг дæр, чи зоны, ницы зæгъа. Зæгъгæ, чи зоны, ницы кæна, фæлæ хъуыды дæр ницы акæндзæн? Мад чи у, уый та, йæ бон у æмæ зæгъа истытæ. Уый мад у. Æмæ зæгъа истытæ, йæ бон у. Ома дæ дæ хæйрæджытæ уыцы чызгыл бафтыдтой, уæртæ лæппу? Æмæ, ома, уый нырма сывæллон чызг куы у, ды та, ома... æмæ цæмæйзон цы ма зæгъдзæн!

Фæлæ уæдæ куыд? Кæдмæ хъуамæ лæууа уыцы дыдагъæй уымæл зæххыл?! Йæхæдæг не ссæудзæн — уый бæрæг у. Бинонтæй цалынмæ исчи ардæм цæуа! Æмæ сæ уæд та ничи цæуы ардæм! Иу каст ма скодта былмæ, стæй йæ иу уæраг зæхмæ æруагъта æмæ ныггуыбыр кодта, рахæцыд чызгыл, рабадæгау кæнын æй кодта, уый фæстæ йын йæ цæнгтæ йæ быны бакодта æмæ йæ систа. Куы йæ сцæйиста, уæд, æвæццæгæн, хауынæй фæтарст — йæ цонг атыхсти Дзахойы æфцæгыл. Фæлмæн цонг уыди, уый рахатыдта Дзахо, стæй феуæгъд и æфцæгæй цонг æмæ йæ уæлæ æрхауди Таизæйæн, цыдæр æнарæхст хауд æркодта, цыма йæ æппаргæ æрчынди.

Дзахо йæ цæнгтыл æддæмæ ахæцыд, чызг йæ риуыл куыд нæ ныдзæва, афтæ æмæ араст и уыцы тæссар-мæссар фæндагыл уæлæмæ. Чызг æмбæрста, афтæ йæ йæ цæнгтыл хæсса, уый зын у Дзахойæн. Йæхиуыл-иу бахæцыд рæбынмæ. Фæлæ-иу уæд Дзахо ноджы æддæдæр ахæцыд йæ цæнгтыл. Æмæ та-иу æм кæсгæйæ аззад. Æмæ æмбæрста, куыд нæ æмбæрста, чызгмæ афтæ кæсæн нæй. Уый нырма скъолайы чызг у, уый нырма

ахæм чызг нæу, æмæ дæ, куыд фæнды, афтæ кæмæ кæсай. Стæй, кæй чызг у, уый дæр хъуамæ ма уа рох. Фæлæ кæм лæууынц цæстытæ! Æддиæутты азилынц, дæрдтыл кæсæг скæнынц сæхи, стæй хæстæг-хæстæг æрбайсынц сæхи уыцы нывы хуызæн цæсгоммæ æмæ йыл афæстиат вæййынц, фæиппæрд дзы уой, уый сæ нал фæфæнды. Иу тæссары рæбын фæлæууыди, йæ цæнгтæ йæ уæрагмæ æруагъта, чысыл аулæфа. Æмæ та кæсгæйæ аззади чызгмæ. Æмæ уæд куы базмæликкой чызджы хъуырмыз былтæ. Кæрæдзийæ куы фæиртæсиккой, æмæ йæ хъæлдзæг ныхас куы фæзæлланг кæнид Таизæйæн.

— Дунейы бикъыл ахæм фæндаг нæй.

Дзахо йæм фæкаст, æхсызгон ын уыд кæй сдзырдта, уый. Фæлæ цыдæр æнахуыр ныхас загъта. Дунейы бикъыл, дам, ахæм фæндаг, дам. Уыцы ныхас та кæцæй æрхаста — дунейы бикъ?! Зæххы бикъ и — зæххы бикъ æмæ комы дæгъæл фæдзурынц, фæлæ — дунейы бикъ. Æмæ æндæр куы никæмæй фехъуыста уыцы ныхас нырма. Æрмæст æй уымæй фехъусы, Таизæйæ. Парсаданæй дæр æй никуы фехъуыста. Уæд æй кæцæй æрхаста! Æмæ цæй фæндаг хъуамæ уа дунейы бикъыл?!

— Хорз фæндаг у?

Чызг уайтагъд нæ фæци дзуапп дæттынмæ. Æрæджиау та базмæлыдысты йæ былтæ.

— Тæссар-мæссар фæндаг, уалæ мах цæхæрадоны былæй дæлæмæ цæуы, далæ суадæтты рæбынмæ, сырхтæппал кæсæгтæ кæм ленчытæ кæны, уыцы суадæтты рæбынмæ. Стæй уыцы тæссар-мæссаргæнгæ уæлæмæ здæхы, уалæ былмæ. — Чызг иу цыбыр худт бакодта, рыстæмбæхсæн худты хуызæн уыд, фæлæ цыма йæ ныхас æгæр хуымæтæг кæй уыди, уый æмбæхсыныл дæр архайдта.

Дзахойæн æхсызгон уыд чызджы ныхасмæ хъусын.Ноджыдæр ма куы загътаид исты. Æмæ йæм æрдзырдта — уæле йæм æрдзырдта.

— Хорз фæндаг у, тæссар-мæссар фæндаг!

— Гъо!

— Æмæ зæххы бикъыл ахæм фæндаг нæй, нæ?

Таизæ æнахуыр сонт змæлд бакодта уыцы ныхасмæ, йæ халаты тæрттæ кæрæдзийæ фæиртæстысты, æмæ тæртты зыхъхъырæй ауыдта Дзахо урс-урсид къуыпп агъуд. Стыр къуыпп нæ уыд, фæлæ уæддæр дзæбæх къуыпп дардта, иунæг ныдзæвд ыл

акодтой йæ цæстытæ æмæ фæцъынд сты, цыма сæ судзгæ бакодта уыцы урс-урсид агъуд, æмæ лæг йæ фæндагæй куыд адзæгъæл уа, æндæрæрдæм цæуыныл куыд фæуа, афтæ фæци Дзахо.

— Былмæ дæ схæсдзынæн æмæ дæ уым чылауиты бын нæууыл æрæвæрдзынæн, нæ?

Таизæйы цæстытæ уыцы дзагъырæй баззадысты Дзахомæ. Йæ цæстыхаутæ лыстæг рызтæй рызтысты, цыма сæм цыдæр дзуринаг уыд æмæ йæ радзурой, уымæ сæ ныфс нæ хастой, æнæуи та æрхъæцмæ нал хъæцыдысты. Стæй йæ цæстыхаутæ сæ ризын нæ ныууагътой, афтæмæй базмæлыдысты йæ былтæ.

— Æвæццæгæн тымбыл дур фæци мæ къахы бын æмæ атылди мæ къахы бын.

— Æмæ дæ зæнг дæ быны фæци, æвæццæгæн.

— Гъо, фæдыдагъ и æмæ афтæмæй фæци мæ быны.

Æмæ йæм Дзахо ницуал сдзырдта. Йæ цæнгтыл схæцыд æмæ араст ис уæлæмæ. Уæллаг фæзилæнмæ куы схæццæ, уæд та йæ цæстытæ æрхаста чызджы цæсгомыл.

— Уым дæ чылауиты бын нæууыл æрæвæрдзынæн, нæ? — загъта та йе 'рдæбоны ныхас.

— Гъо, — сдзырдта Таизæ, цыма йын уæлдай нал у, кæм фæнды йæ æрæвæрæд, ахæм хъæлæсы уагæй.

— Мæхæдæг ауылты раздæхдзынæн.

— Гъо, — загъта та Таизæ.

— Уæдмæ уæ бинонтæй исчи рацæудзæн дуармæ æмæ уымæ бадзурдзынæ.

— Кæд ничи цæуа нæ бинонтæй, уæд чылауиты бын хъилтæ ис, иу хъил дзы сисдзынæн æмæ уый æнцæйтты бацæудзынæн хæдзармæ.

— Бафæраздзынæ хъилы æнцæйтты цæуын?

— Гъо.

— Уæдæ хорз.

Ныр абон æртыккаг урок куы фæци æмæ — стыр улæфт кæй хонынц, уый куы уыди, уæд Парсадан иуварс ахæцыд Дзахо æмæ Гадзойыл.

— Рацæут-ма, рацæут, æз уын, цы къалиутæ бафтыдтон, уыдон равдисон, кæддæра куыд хорз ныххæцыдысты. Кæд мын балæгъстæ кæнат, уæд уын, чи зоны, амонгæ дæр бакæнон...

— Цы нын бацамондзынæ? — бафарста Гадзо.

— Цы, нæ, фæлæ бæласыл къалиу куыд æфтауын хъæуы, уый, — йæ тъæпæн арм фæдардта Гадзойырдæм Парсадан. Йæ цæстытæ цыдæр хъæлдзæг змæлд кодтой, æвæццæгæн та йæ, сæ цæхæрадоны кæрон былыл уыцы дзæбæх бадæны куы абадиккой, уый дæр фæндыди. Æмæ мын, ома, уый æфсон мæхирдыгæй фæуой, стæй мæ къухы нæ уыдзысты, ома.

Дзахойы зæрдæмæ фæцыди уыцы фæндон — хъæууон лæг хъæууон куыстытæ цæуылнæ хъуамæ зона! Стæй æнæуи дæр бæлæстимæ архайын — уый йæ сонты бонты бæллиц у. Хæхбæсты, кæм цардысты, уым дыргъ нæ зади. Афтæмæй-иу сæ хъæды кæрдо талатыл бафтыди. Æмæ-иу дис кодта — кæцæй æрцыдысты?! Æнæуи та-иу талайы хуызæн нæ уыдысты, уайтагъд-иу фæкъутæргонд сты. Уæддæр-иу сæ скъахта, сæ дæлбыл туттыргъан кæм зади, уыцы хъал быны-иу сæ ныссагъта, дониу сыл кодта, сæ фарсмæ-иу зæххыл бадти æмæ-иу сæм тæригъæдгæнгæ каст — уæлæмæ цæуылнæ рæзы, бæлас куыд фæрæзы уæлæмæ, афтæ? Къутæр цæмæн кæны фæйнæрдæм?! Æмæ, йæ мæнæ æмдзæвгæтæ фыссыныл нæ бафтыди, уæд агрономы куысты йеддæмæ ницæуыл сахуыр кодтаид.

Æмæ нырма дæр нæ фæхицæн йæ удæй уыцы цыбæл — бæласы дуне бамбарыны цыбæл, бæласы удмæ ныккæсыны цыбæл.

— Æз уæм фæстæдæр зындзынæн, — загъта Гадзо. — Æз уыцы куыстытæ мæ фондз къухау зонын. Цалынмæ сæ Дзахойæн амонай, уæдмæ уал æз нæхимæ суайон.

— Фæлæуу, æмæ кæм базыдтай уыцы куыстытæ дæ фондз къухау? — бахудти Парсадан.

— Ацы уæлгоммæ дунейы цы нæ базондзæни мæ хуызæн зæрдæргъæвд лæг! — бахудти Гадзо дæр.

Парсаданмæ ма уроктæ уыд æмæ уроктæм ацыд. Гадзо — сæхимæ. Дзахо атагъамæ ныйиста йæхи. Уым атагъайы рæбын уыцы гуыбыр фæрвы бын абада. Уым уыди йæ иугæндзон бынат. Уым-иу бадт, æмдзæвгæтæ-иу фыста, чингуытæ-иу касти, æмдзæвгæты чингуытæ. Хъæрæй-иу сæ касти.

Ныр фысгæ дæр ницы кодта, кæсгæ дæр. Йæ зæрдæ дзырдта йæ фыссыны куыстимæ, æмæ ууыл рахъуыды-бахъуыдыйæн бахъуыд. Афонмæ йæ хъуамæ æрвитгæ акодтаид, уый та йæ фыссын дæр нæма райдыдта. Æнцонæй кæй афыссай, ахæм куыст нæу: «Никъолоз Бараташвили æмæ нырыккон гуырдзиаг поэзи». Бирæ чингуытæ фæрафæлдах-бафæлдах кодта, фæлæ

уæддæр, фыссыныл æрбада, уымæ нæ хæссы йæ ныфс. Æнæуи та цыдæр æхсызгон æвзæрста Никъолозы фыстытæй, цыдæр хиад ын кодтой. Цыма ирон лæг уыд, афтæ йæм дзырдта йæ зæрдæ. Æмæ йæм, афтæ цæмæн дзырдта йæ зæрдæ, уыцы хъуыддæгтæ-иу нымадта æмæ нымадта йæхицæн. Фыццаджыдæр уыцы мыггагæй чи уыди, уыдон иууыл гуырдзиагау нæ фыстой сæ мыггаг. Йæхи фыдыфсымæр чи уыд Никъолозæн, Михаил, уый дæр фыста йæ мыггаг уырыссагау — Баратаев. Баратавтæ чи фыста, ахæмтæ дæр сæ уыди. Æмæ йе 'рдз гуырдзиаг кæмæн уа æмæ ноджы стыр Калачы чи цæра, уый цæуылнæ хъуамæ фысса йæ мыггаг, гуырдзиагæн куыд æмбæлы, афтæ — гуырдзиагау? Æмæ ма гуырдзы, æрцæуæг адæмыхæттытæ дæр сæ мыггæгтæ гуырдзиагау куы фыссиккой, ууыл сæ уд куы хъарынц! Уæдæ-иу Чысангоммæ куыд цингæнгæ цыд! Йæ хо уымы Ерыстауты чындз уыди. Æмæ иухатт йæ мадыфсымæр Захар Орбелианимæ цы гæххæтт арвыста, уым комкоммæ диссæгтæ куы фыста! Уыдыстæм, дам, Анеуыхъæуы. Диссаджы дзуарыбон, дам, уыд Ахегорæй дыууадæс версты мидæгдæр бæрзонд хохыл. Æмæ, дам, нæхи сылгоймæгтимæ иронау заргæ сфардæг стæм кувынмæ. «Иронау заргæ сфардæг стæм кувынмæ», — уыцы дзырдтæ комкоммæ ист сты йæ фыстæгæй. Æмæ гуырдзиæгтæ сæ дзуарыбынмæ цæугæйæ цæмæн кодтаиккой ирон зарджытæ?! Къатыбон куы уа, уæд ма — гъо, цы нæ вæййы, базарæд иронау дæр, фæлæ дзуарыбон, дзуарыбынмæ цæуа, афтæмæй, гуырдзиаг удыхицау чи у, уый гуырдзиаг зарæг нæ, фæлæ æндæр адæмы зарæг зара — зын бауæндæн у, тынг зын бауæндæн у ууыл. Стæй алы гуырдзиаг — уымæй дæр сылгоймаг куы уа уыцы гуырдзиаг, уæд — кæд зыдта ирон зарджытæ кæнын?! Уæдæ Чавчавадзейы чызг чи у, Екатеринæ, поэт Александр Чавчавадзейы чызг, йæ хистæр хо Нинæ Грибоедовы ус куы уыди, уый Бараташвилийы раз цавæрдæр Дадианийæн кæй радтой, уый дæр, чи зоны, æнæуи афтæ нæ рауад. Кæд, мыййаг, номдзыд гуырдзиаг хæдзарвæндаг ахæм зондыл хæст уыд: нæ чызджытæй иу уæддæр фæцæуа гуырдзиаг хæдзармæ?! Уæдæ Бараташвилиты хæдзар дæр æнæнымад нæ уыди. Йæ фыд Мелитон кæд хъæздыг нæ уыд, уæддæр бæрæг дардта йæ алыварс цæрджыты æхсæн йæ парахат зæрдæ æмæ йæ нæртон удыгъæдæй. Йæ мад Ефимия уыди паддзах Ираклийы чызг Еленæйы байзæддаджы байзæддагæй. Æмæ уый тыххæй,

ӕвӕццӕгӕн, уыдоны хӕдзарӕй чи нӕ ракасти гуырдзыйы уӕздӕттӕй, ахӕм сӕ нӕ баззади. Ӕмӕ сӕ чи нӕ зыдта! Уӕдӕ Никъолоз йӕхӕдӕг, хиуӕттӕ йӕ Тъотъо хуыдтой — цӕхӕры хуызӕн лӕппу, нывыл куыст кӕй нӕ ардта, Нахичевантӕ ӕмӕ Гандзаты кӕй рахау-бахау кодта, уый дӕр, чи зоны, бынтон дзӕгъӕлы афтӕ нӕ уыд.

Хур хъӕуы сӕрты атылд йӕ таучел тылдӕй. Суадӕтты рӕбын аууон ӕрбадт, цыма сыл уӕле былӕй рафӕлдӕхти, уый хуызӕн. Хицӕн кодта уӕлбылы рухсӕй. Дзахо фестад. Парсадан ӕм ӕнхъӕлмӕ куы кӕса! Куыддӕр былы аууон кӕм хицӕн кодта, уырдӕм бахӕццӕ, афтӕ ауыдта: уалӕ цӕхӕрадоны былӕй уыцы тӕссар-мӕссар фӕндагыл уырдыгмӕ йӕхи рауагъта Таизӕ. Йӕ къухы урс бедра, йӕ фарс ферттивы бедрайӕн, уалӕ йыл былӕй цы рухс сӕмбӕлы, уымӕ, ӕмӕ афтӕ фӕкӕсы Дзахомӕ, цыма бедрайӕн йӕ фарс фӕсте аззайы, йӕхӕдӕг Таизӕ та ӕхсидавы хуызӕн зынди йӕ сырх халаты: цыма чызг нӕ уыд, фӕлӕ ӕхсидав уыд цыма. Уалӕ уӕле ратахти былӕй сырх-сырхид пиллонкалгӕ. Уадымс ӕй рацахста ӕмӕ йӕ рахӕсс-бахӕсс кӕны — куы йыл иуӕрдӕм аулӕфы ӕмӕ йӕ уыцырдӕм ахӕссы, куы йыл иннӕрдӕм ӕрбаулӕфы ӕмӕ йӕ уӕд та иннӕрдӕм ӕрбахӕссы, бынӕй йӕ быны фӕндаг куыд тӕссар-мӕссар арӕзт у, афтӕ йӕ рахӕсс-бахӕсс кӕны уадымс дӕр.

Дзахо ӕрлӕууыд тӕккӕ аууон рухсы арӕныл ӕмӕ йӕм уӕлӕмӕ касти. Касти йӕм ӕмӕ тарсти — уыцы сонт тахтӕй та куы фӕкӕла айразмӕ куыд фӕкалди, афтӕ, ӕмӕ та йӕхи куы ныццӕва! Уӕд тӕхгӕ кӕдӕм кӕныс, уыныс — фӕндаг уырдыг у, ӕмӕ дзы цӕугӕ ракӕн, адӕм куыд фӕцӕуынц уырдыджы, афтӕ. Кӕдӕм рауагътай дӕхи! Фӕлӕ цады был цӕхгӕр фӕлӕууыд чызг, Дзахо ма дис дӕр бакодта — уӕдӕ уыцы уырдыг тӕссӕртты афтӕ ратӕх ӕмӕ стӕй афтӕ фӕлӕуу!

Уый ӕрлӕууыд, ӕмӕ Дзахо фезмӕлыд. Ауууоны бауад. Цыди ӕмӕ кӕсгӕ йӕ къӕхты бынмӕ кодта, афтӕмӕй уыдта, нӕ, уынгӕ нӕ кодта, — йе 'ппӕт буарӕй хатыдта: уымӕ кӕсы! Лӕууы кӕсӕгты цады был, гъӕйттӕй улӕфы ӕмӕ кӕсы. Йӕ бедра ӕрӕвӕра, уымӕ дӕр нал фӕцарӕхст, кӕнӕ йӕ ӕвдӕлгӕ нал ракодта уымӕ — йӕ хъӕдыл хӕцы бедрайӕн ӕмӕ йӕ зӕнгыл ӕрбатулӕгау кӕны бедра, стӕй та йӕ фӕстӕмӕ дӕр атулӕгау кӕны ӕмӕ кӕсы, кӕд ӕрбахӕццӕ уыдзӕн Дзахо. Кӕд ӕрлӕудзӕни ам кӕсӕгты цады был. Дзахо та тӕрсгӕ кодта уыцы кастӕй,

цæмæй дзы тарсти, ууыл хъуыды кæнын дæр нæ фæрæзта уыцы тасæй. Æмæ йæм нæма бахæццæ, афтæ йæм бадзырдта:

— Парсадан нæма 'рцыд?

— Уымæн фыццаг йæ цæстытæ базмæлыдысты — фæхъоппæг сты йæ цæстытæ, стæй йæ сæр батылдта, æмæ афтæ зынд — цæстытæ кæй фæхъоппæг сты, сæр уымæй базмæлыд: нæ бафæрæзта, цæстытæ афтæ кæй фæхъоппæг сты, уымæн. Æмæ загъта:

— Нæма.

Æмæ йæ афтæ бамбæрста: æхсызгон ын у, кæй нæма æрцыди Парсадан, уый. Исдуг лæугæйæ аззад, стæй йæ сахатмæ æркасти. Сахатмæ кæсыны сæр дзы ницæмæн хъуыд, фæлæ цы ми кодтаид, уый нæ зыдта æмæ уымæн æркаст йæ сахатмæ. Стæй йæм иу хъуыды фæзынди — кæд, мыййаг, хæдзармæ нæ баздæхт, кæд, мыййаг, уыцы иу цыдæй рацыд бæлæсты бынмæ æмæ йæ уымæн нæ федта Таизæ?

Уый, æвæццæгæн, бамбæрста, Дзахо цы ахъуыды кодта, уый. Йæ сæр та батылдта.

— Нæма æрцыди. Æвæццæгæн ыл исчи амбæлд æмæ йæ ныхасмæ æрурæдта. Бабайы арæх æруромынц ныхасмæ.

— Æвæццæгæн. — Сразы и йемæ Дзахо. Æцæг афтæ уыд — чи фæнды йæм бадзырдтаид, хистæр уа, кæстæр уа, хъуамæ йæм уаг æмæ æгъдауыл æрлæууыдаид æмæ йæм хъусыныл схæцыдаид. Æмæ йæ сæры фæмидæг Дзахойæн: ацæуа! Уæлæмæ ссæуа уалæ уæлбылмæ æмæ йæм уым банхъæлмæ кæса. Æндæр æм ам дæлбыл куыд хъуамæ æнхъæлмæ кæса! Æмæ йæм цæмæн хъуамæ æнхъæлмæ кæса ам, дæлбыл? Уым-иу мæм æнхъæлмæ кæс ын куы нæ загъта, мыййаг. Уым æм банхъæлмæ кæсдзæн, кæд уым нæма уа, уæд. Бæлæстыл цы къалиутæ бафтыдта, уыдонмæ дæр уал скæсдзæн. Иуæй-иу бæлæстыл цалдæргай къалиутæ дæр бафтыдта, алы 'мæ алы мыггаг бæлæсты къалиутæ. Æмæ уал уыдоныл разил-базил кæндзæн, кæсдзæн уал уыдонмæ. Стæй йæм уæдмæ ма æрбалæгæрда йæ уæззау цырыхъхъыты, йæ уæлхъус ма æрлæууа, уый гæнæн нæй. Æмæ, гъа, ныр фæзила æмæ фæхæрд кæна уыцы тæссар-мæссар фæндагыл, афтæ йæм куы ныззилид Таизæ, йе 'ргом æм куы фездахид! Гъо-гъо, уый æгæр æргомыздæхт уыд — æгæр цæхгæр, æгæр знæт, æгæр фыдæнæн. Цыдæр тас абадти йæ зæрдæйыл уыцы фездæхтæй Дзахойæн æмæ сагъдау аззади. Уый уæддæр лæууыди уыцы ссудзын æввонгæй — хъуамæ ссудза æмæ ба-

судза хъуамæ! Афтæ лæууыди, стæй, цыма не ссудздзæн, уый базыдта — иу зылд ныккодта, цæхгæр зылд, знæт зылд, фыдæнæнгæнæджы зылд æмæ æд бедра уартæ суадоны фыцæны балæууыд. Уым фæгуыбыр кодта æмæ, бедрайæн йæ хуылфæй цы къус фелвæста, уымæй йæм райдыдта æвгæнын суадоны дон. Йæ алы фезмæлд дæр — знæт æмæ суцца. Æмæ æндæр ницуал уыд дунейы мидæг — уыди ма дзы чызг æмæ бедра — уыцы сырх халат æмæ уыцы урс тасмачъи бедра. Æмæ сыгъдысты, чызг дæр сыгъди æмæ бедра дæр. Æмæ диссаг куыд нæ уыд — цæмæй сыгъдысты?! Куы нæ сыл хуры рухс æмбæлд дæлбылы аууонмæ, куы нæ сæм æндæр исты рухс хæццæ кодта.

Æмæ-иу фæтасыд уыцы судзгæ-судзын чызг, æмæ-иу уыцы знæтæй фæмидæг и къус суадоны фыцæны. Стæй-иу дыууæ æлвæст цъæтау фестъæлфыдысты йæ быны йæ зæнгтæ, æмæ-иу къус сонт фæлдæхт фæкодта бедрайы хуылфмæ. Æмæ нал æмæ нал æнцади уыцы иугæндзон тæрк змæлд.

Æдде бакæсгæйæ афтæ зынд, цыма тæссонд сты, уыцы сырх халаты мидæг цы уæнгтæ змæлы, уыдон. Цыма нæма æрбадтысты сæ бынæтты. Фæлæ æппындæр нæу уый афтæ. Чызджы уæнгтæ цыдæриддæр вæййынц, уый сты. Уæдæ, уæд афтæ куы бадон уыдаиккой йæ цæнгтæ уыцы бон! Æниу уый йæхи аххос уыди, йæ цæнгтæ кæй бафæлладысты, уый. Уæдæ йæ хæссыс æмæ йæ, хъæбысы куыд фæхæссынц, афтæ ахæсс! Æрбахъæбыс æй кæн! Хъæбысы хаст уымæн хуыйны. Уый та йæ йæ цæнгтыл хаста. Мæнæ чи амæлы, уый дæр ма афтæ фæхæссынц иу ранæй иннæ ранмæ! Гъомæ йæ хъæбыс дæр куыд æрбакодтаид?! Чызг у, чызг, сывæллон чызг нæ, чызг цы вæййы, уый.

Æмæ йæ зæрдыл æрлæууыд, уæд уæлæ уым кæмдæр иу фездæхæны куы æрлæууыд æмæ йæ цæнгтæ йæ уæрагмæ куы æруагъта. Уый та змæлгæ куы бакодта йæ цæнгты уæлæ. Уыцы змæлдæй йæ халаты тæрттæ кæрæдзийæ куы фæиртæстысты, æмæ уым мидæгæй уыцы урс-урсид агъуд къуыппæй куы аззад. Уыцы дзæбæх тымбыл къуыппæй. Кæсын æм куы нæ бафæрæзта, цъындæй куы аззадысты йæ цæстытæ. Цалынмæ лæугæ кодта, уæдмæ куы нал ракасти йæ цæстытæй. Æмæ уыцы цъындæй, уыцы гуыбыр лæугæйæ афтæ куы хъуыды кодта: ацы сырх дарæсыл æй цы бафтыдта? Йе скъолайы къаба дæр — сырх, йæ хæдзары халат дæр — сырх. Цыма сырх къаба æмæ сырх халат кæй дардта, уымæн бафæллади! Иннæ чызджытæн

игæрхуыз сты се скъолайы къабатæ, уымæн игæрхуыз нæу, уымæн игæрхуызæй сырхдæр у. Æмæ бæрæг дары иннæ чызджыты æхсæн. Къласы дæр бæрæг дары, уынджы дæр.

Ныр лæууы. Йæ бедра йæ фарсмæ йæ тæккæ селф дзагæй. Æмæ, цымæ, цæмæ лæууа, уырдæм лæбурæджы цыд куы бакодта! Цæуылнæ сисы, цымæ, йæ бедра уыцы тæккæ дзагæй æмæ йæ цæуылнæ рахæссы мæнæ ауылты! Кæд æвгæнынæй бафæллад? Уыцы сонт æвнæлд кодта æмæ!

Ныр уый куы сисид бедра — куы йæм бараст уаид æмæ йæ куы сисид. Уый йæ куы рахæссид мæнæ цады былты-былты. Уалæ йæ цæхæрадоны былмæ куы схæссид, стæй йæ былæй фалæмæ йæхæдæг куы бахæссид, уæд цы кæны! Доны бедра у, уæззау бедра æмæ йæ тала чызджы бæсты схаста ацы тæссармæссар фæндагыл — цы дзы и æвзæрæй! Æмæ фæфæнд кодта — бацæуа-бацæуа бедрамæ, куы йæм бахæццæ уа, уæд æм нывнала æмæ йæ фелваса. Фæлæ уыцы цæстыфæныкъуылд фезмæлыд чызг. Йæ сæрыл бæрзонд схæцыд, йæ галиу къухæй цады был цы донхæрис тала уыд, уый зæнгмæ бавнæлдта, цыма куы фæцуда, уымæй фæтарсти, уый хуызæн. Йæ рахиз къух систа æмæ йæ йæ ныхыл сæвæрдта, афтæ йæ сæвæрдта йæ ныхыл, æмæ йæ рахиз цæст дæр къухы бын фæци, рахиз æрфыг дæр, стæй ма ноджы галиу æрфыгæн дæр йе 'рдæгмæ æрбаххæстысты æнгуылдзтæ. Йæ халаты уæгъд дыстæ фæбырыдысты чызджы гом цæнгтыл, сæ рæбынты абадтысты цæнгтæн. Æмæ фæстæмæ фæлæууыд Дзахо. Æвæццæгæн ма иннæ æрфыджы æрдæгмæ дæр кæй æрбахæццæ сты æнгуылдзтæ, уымæн афтæ уыдаид — чызджы цæсгом цæхгæр фенкъард и, мæнæ хуры æрдæг мигътæ куы бацахсынц, уæд дуне куыд фенкъард вæййы, афтæ. Æмæ йæм кæсгæйæ баззади Дзахо.

Æмæ уым чызджы бæсты йæ разы фестади уыцы ныв, йæ зæрдæйы тугтæ кæмæй ныттæдзы, уыцы «Хъыггæнæг зæд». Йæ цæсгом, дам, ын Поповты чызджы цæсгомы хуызæн сныв кодта, Аннæйы цæсгомы хуызæн. Уый, æвæццæгæн, зæд кæй никуы федта, уымæн афтæ бакодта — йæ цæсгом ын, бирæ хæттыты кæй федта, уый цæсгомы  хуызæн сарæзта. Æмæ цас хъыг ис уыцы цæсгомы, цас хъизæмайраг хъыг! Куыд ис уый гæнæн, æмæ уыйбæрц хъыг иу цæсгомыл бацæуа?! Фæлæ зæд зæд у, æрвон цæрæг у, зæххон цæрæг нæу, æмæ, æвæццæгæн, сæ хъыг дæр æндæр у зæдтæн, сæ гæнæнтæ дæр æндæр сты.

Ӕмæ касти зæды нывмæ æмæ хъуыды кодта — нæ, хъуыды нæ кодта, сæхæдæг ралæуу-балæуу кодтой кæмдæр йæ хъуыдытæ, лæгтæ фæндаггон арæзтæй куыд фæралæуу-балæуу кæнынц фæндаджы размæ, афтæ: цымæ уый та цæуыл хъуамæ хъыг кодтаид, зæд та?! Уый та цы хъыггæнинаг уыд! Ӕви зæдты цард дæр адæмы цардау фыдбын æмæ фыдæххæлтæ у! Афтæ уыдзæн — уыдзæни зæдты царды дæр, цæуыл батыхсой æмæ цæуыл бахъыг кæной, ахæм истытæ. Уæдæ кæм и æнæ батыхст æмæ æнæ бахъыг дуне? Уарзт цы у, уый дæр зондзысты æмæ, æнæуынон цы у, уый дæр. Ӕмæ уæд æнæ батыхсгæ нæй, æнæ бацингæнгæ куыд нæй, афтæ.

Фæлæ уый кæдæмдæр цæуын куы хъуыди. Хъуамæ уыцы уысм куы фæхæрд кодтаид, æмæ йæм уæд куы фездæхта йе 'ргом. Ӕнахуыр æргом фездæхт куы уыди, тынг æнахуыр. Ӕмæ йæ уый куы ныуурæдта, уыцы фездæхт! Йæ цæстытæ былыл æрхаста уæле, æмæ йæ уæнгтæ барызтысты: уæле былæн йæ тæккæ ныхыл лæууыди йæ раст, йæ фидар лæудæй Парсадан. Лæууыди æмæ къухаууонæй касти кæдæмдæр. Уыдонмæ нæ касти, сæ сæрты касти уыдонæн, æмæ бацин кодта Дзахо, уыдонмæ кæй нæ касти, фæлæ уыдонæн сæ сæрты кæй касти, ууыл. Ӕмæ таиу йæ цæстытæ сзылдта былмæ, сзылдта-иу йæ цæстытæ æмæиу куы ауыдта Парсаданы, куы-иу æй нал ауыдта. Ӕмæ йыл дис æфтыдта — цы фæвæййы Парсадан, куы нæуал æй ауыны, уæд?! Ӕмæ, цыма кæй афæрса, уый агуырдта, уый каст фæкодта Таизæмæ. Уый лæууыди йæ бынаты, раздæр йæхæдæг кæм лæууыди, стæй зæд кæм фестади, хъыггæнæг зæд, уыцы тæккæ ран. Ноджы йæ ныхæй йæ къух æриста, йæ цæсгом иууыл разынди æмæ рухс кодта дæлбылы аууоны, йæ сау цæстытыл афтæ фидыдтой иумæ, æмæ йæ цин йæ хъуыры фæцæйбадти Дзахойæн. Уæд суагъта донхæрисы зæнг Таизæ æмæ йæ гыццыл йе 'нæнкъуысгæ къахдзæфтæй рараст и, Дзахо кæм лæууыд, уыцырдæм. Цыди æмæ цыди æмæ-иу хатт афтæ фæкасти Дзахомæ — йæ развæндаг нæ уыны æмæ æрмифицаугæйæ цæуы. Ӕмæ дзы цæмæйдæр тæрсын байдыдта Дзахо. Цас æм хæстæгдæр цыд, уыйас дзы йæ тас тынгдæр кодта. Цæмæй дзы тарсти, уый не 'мбæрста, кæй дзы тарсти, уый æмбæрста. Мæнæ ма цалдæр ракæндзæн уыцы гыццыл къахдзæфтæй æмæ йæм æрбахæццæ уыдзæн. Ӕмæ йæм куы æрбахæццæ уа, уæд та ма цы ми кæндзæн?! Кæдæм ма цæудзæни уæд та?! Намæ йæхæдæг цы ми кæндзæни

Дзахо, куы йæм æрбахæццæ уа, уæд?! Æмæ та былмæ фездæхта йæ цæстытæ. Был уыди афтид. Æмæ афтид кæй уыди был, уымæй ноджы тынгдæр фæтарсти, уымæн æмæ дзы ныртæккæ Парсадан ралæудзæн — ма дзы ралæууа ацы тæккæ, уый гæнæн нæй. Æмæ йæ ам куы фена Таизæимæ! Æмæ ма лæугæ дæр куы кæниккой, афтæ куы лæууиккой æнæуи, фæлæ уый лæугæ кæны, Дзахо, уый та йæм цæугæ æрбакæны, Таизæ. Ноджы йæм цæугæ дæр цыды хуызæн куы æрбацæйкæнид! Фæлæ уыцы æнæрцыды цыдæй æрбацæуы æмæ. Стæй йæ бедра дæр уым ныууагъта. Уым, уартæ суадоны фыцæн кæм и, уыцы тæккæ ран, былыл. Æмæ йæм фæрсæджы каст фæкодта. Уымæн цыма йæ цæстытæ цъынд уыдысты, афтæ йæм фæзынд æмæ фæтарсти — йæ къах куы скъуыра истæуыл, куы фæцуда, куы ахауа! Исты йæм сдзурын хъуыд — йæхи æрæмбара. Фæлæ цы?! Уæд æрдæбон уартæ гуыбыр фæрвы бын йæхицæн цы æмдзæвгæйы рæнхъытæ дзырдта, уыдон дзурыныл куы схæцид!

Чызг фæлæууыд йæ цæуынæй æмæ йæм комкоммæ касти. Æмæ хъуыды кодта Дзахо — цæмæн æрлæууыд æмæ йæм афтæ комкоммæ цæмæн кæсы?!

Стæй фæци æмдзæвгæ, цыбыр æмдзæвгæ уыди æмæ фæци, уæдæ цы ми кодтаид! Уæдмæ йæм йæ къух бадардта Таизæ.

— Цæмæ æрлæууыдтæ?

Æмæ йæм Дзахо дæр бадардта йæ къух.

— Уæдæ цы ми кæнон?

— Дзур!

— Цы дзурон?

— Цы дзырдтай, уый.

— Æмæ цы дзырдтон?

— Дзырдтай цыдæр. Æмдзæвгæ дзырдтай — бæрæг уыд, æмдзæвгæ дзырдтай, уый. Дæхицæн æй дзырдтай, фæлæ йæм æз дæр хъуыстон. Хъуыстон æм æз дæр.

Дзахо йæ сæр бауыгъта.

— Цыбыр уыди, кæнæ та йæ кæронмæ нæ радзырдтай. Дæхицæн æй дзырдтай æмæ. Ногæй-ма йæ радзур. Ныр та йæ мæнæн радзур. Æмæ йæм дæхæдæг мауал хъус. Æрмæст æм æз куыд хъусон.

— Куыд æй радзурон?! — Цы дзырдта, уый дзæбæх нал ахста Дзахо.

— Дæхицæн æй куыд радзырдтай, афтæ, — йæ цæстытæ

ферттывтой чызгæн, йæ былтæ уыцы худынарæзт змæлд бакодтой, æмæ дзурын куыд байдыдта уыцы рæнхъытæ, уый не 'рхъуыды кодта Дзахо.

*Ды дæ Хуыцауы диссæгтæн сæ тæмæн,*
*Дæ рæсугъдæй хæрзсæфт кæндзынæ мæн.*
*Нæ бинонтæ цы уыдзысты æнæ мæн, —*
*Нæ хæдзары æз иу лæгбындар дæн?*

*Æз дæн æргом лæг. Ис-бисыл нæ тыхсын, —*
*Нымæт мæ уæд æмæ мæ хъама уæд.*
*Фæлæ ды мемæ ку' анывгъуылис пыхсы,*
*Æгас дуне мæн уаид демæ уæд!*

Стæй лæууыд, цыма ницы радзырдта, уый хуызæн. Таизæ дæр исдуг лæууыд, цыма ницы фехъуыста, уый хуызæн. Стæй йæ сæр зына-нæзына батылдта фæйнæрдæм, исты хорз кæуыл æрцæуы, уый куыд батилы йæ сæр, афтæ, йæ цæстытæ ферттывтой, æмæ сæ сау цæхæртæ акалди фæйнæрдæм. Уый фæстæ базмæлыдысты йæ хъырмызахуырст былтæ.

— Дæхæдæг æй ныффыстай?

— Нæгъ.

— Уæдæ?

— Бараташвили.

— Куыд хорз æмдзæвгæ у, нæ?

— Гъо.

— Дæхæдæг æй ратæлмац кодтай, нæ?

— Гъо.

— Уырыссаг æвзагæй?

— Гъо.

— Уырыссагау дæр æй зоныс?

— Гъо.

— Радзур-ма йæ, кæддæра уырыссагау дæр афтæ хорз у.

— Уырыссагау, нæ?

— Гъо.

— Уырыссагау ноджы хуыздæр у. Бирæ хуыздæр. Пастернакы тæлмац.

— Пастернакы, нæ?

— Гъо.

— Алæма, кæддæра йæ уый та куыд ратæлмац кодта, Пастернак та.

Ӕмӕ та йӕ райдыдта дзурын уырыссагау дӕр. Цыма йӕхӕдӕг нӕ уыд Дзахо, цыма ӕндӕр чидӕр уыд. Цыма кӕмдӕр лӕууыд ӕмӕ дзырдта уыцы зонгӕ рӕнхъытӕ, уый та сӕм хъусгӕ кодта, Дзахо. Ӕмӕ загъта Таизӕ, ӕмдзӕвгӕйы рӕнхъытӕ куы фесты дзырд, уӕд, йӕ сӕр дӕр та батылдта фӕйнӕрдӕм, йӕ сау цӕстытӕ дӕр та цӕхӕртӕ акалдтой:

— Хорз у уырыссагау дӕр. Фӕлӕ иронау хуыздӕр у. Тынг хорз тӕлмац у дӕуӕн.

— Хорзӕй хуыздӕры ӕхсӕн уый бӕрц хӕхтӕ ӕмӕ быдыртӕ ис, ӕмӕ сын кӕрон нӕй.

— Нӕ, нӕ, — ферхӕцыди Таизӕ.

Ӕмӕ, куыддӕр ферхӕцыд йӕ ныхас, афтӕ фезмӕлыди йӕ бынатӕй ӕмӕ фӕцӕуыныл. Хорз уыди ӕмӕ гыццыл къахдзӕфтӕ кодта ӕмӕ йын ницы ӕнтысти. Фӕлӕ гыццыл къахдзӕфтӕ кодта ӕмӕ. Стӕй, чи зоны, гыццыл къахдзӕфтӕ дӕр нӕ кодта. Чи зоны, ӕппындӕр нӕ кодта къахдзӕфтӕ. Уӕддӕр цыди, нӕ лӕууыди йӕ цӕуынӕй. Ӕмӕ уӕд уӕле былӕй чидӕр ныхъхъӕр кодта, ӕмӕ нӕргӕ рацыди йӕ хъӕр уым дӕлӕмӕ:

— Гъе-гъе-гъе-е!

Дуне уыцы хъӕры бын фӕци. Ӕмӕ уӕлӕмӕ, былмӕ кӕсгӕйӕ, баззади Дзахо. Был уыди афтид — нӕдӕр дзы Парсадан зынди, нӕдӕр ӕндӕр исчи. Ӕмӕ уӕдӕ кӕцӕй рацыди уыцы тыхджын хъӕр? Афтӕ тыхджын ныхъхъӕр кӕнын ӕрмӕст Парсаданы бон уыди. Ӕмӕ, кӕд Парсадан нӕ уыди, уӕд чи уыди уӕдӕ?! Ӕвӕццӕгӕн сӕ ӕруыдта уӕле былӕй, уый лӕугӕ кодта, уый та йӕм цӕугӕ фӕцӕйкодта, ӕмӕ рахъӕр кодта. Ӕмӕ куыд нӕ рахъӕр кодтаид!

Ӕмӕ былӕй йӕ цӕстытӕ нал иста Дзахо: цы фӕуыдаид Парсадан?! Ӕмӕ йӕм уым иу хъуыды ӕрцыди — кӕд Парсаданы хъӕр нӕ уыд? Уӕдӕ Парсадан афтӕ ралӕууа ӕмӕ рахъӕр кӕна! Нӕгъ, нӕ рахъӕр кӕндзӕн Парсадан афтӕ. Ӕмӕ уӕдӕ чи уыдаид?! Йӕ нӕрынӕй куы нал ӕмӕ куы нӕуал ӕнцади. Кӕд, мыййаг, дуне йӕхӕдӕг ныннӕрыди! Дуне йӕхӕдӕг нӕ зоны нӕрын? Куыд нӕ зоны! Ӕмӕ ӕмбисонд дунейы нӕрын куы у. Дуне зоны, кӕд нӕрын хъӕуы, уый ӕмӕ цӕуыл нӕрын хъӕуы, уый дӕр. Фӕлӕ цӕмӕн хъуамӕ ныннӕрыдаид дуне?! Ӕмӕ кӕд дуне дӕр нӕ ныннӕрыд, ӕмӕ кӕд Парсадан дӕр нӕ рахъӕр кодта былӕй: кӕд, мыййаг, йӕхи зӕрдӕйы бынӕй фӕцыд уыцы хъӕр, ӕмӕ кӕд уырдыгӕй ацыд нӕргӕ, йӕхи зӕрдӕйы

бынæй?!

5

Лæбырд кувæндоны хуызæн зынди хъæумæ, урс кувæндоны хуызæн. Уыцы урс-урсид лыстæг змис дзы згъæлди. Ивылди йæ уæлæ, йæ бынмæ æмæ уым, уыцы цæппæлгъты обæуттæй лæууыди — стыр æмæ гыццыл обæуттæй. Урс обæуттæй. Йæхæдæг уыцы фæтæн уæлвæзы рæбынæй касти, урс-урсид дардта хъæумæ. Афтæ зынди, цыма лæбыргæ дæр уымæн æркодта уыцы рагъ, æмæ мидæгæй афтæ урс кæй у, уый равдисыныл æрхъæцмæ нал хъæцыд.

Лæбырды бын уыцы тæрфджынæй рацыд, радаргъ ис æмæ далæ атагъайы рæбынмæ ныххæццæ и. Хуссарæн йæ рагъы нуары хуызæн чи зынд, уыцы фидарарæзт суанг. Суанджы рагърагъ фæрсæй-фæрстæм цыдысты уырдыгмæ Дзахо æмæ Гадзо. Цыдысты æмæ-иу куы, æхсæртæ къæрццытæ кодтой, куы таиу се ’хсæртæ къæрццытæ кæнын фæуагътой æмæ-иу ныхас кæнынмæ фесты. Хъæу сæм хуссары бæрзондæй армы тъæпæныл æвæрдау зынди. Хæдзæрттæ цыма бæлæсты бынæй сæхиуыл æддæмæ рахæцыдысты, уыйау сæ кæмæн йæ фылдæр æрдæг зынди, кæмæн ма сæ æрмæст, йæ кæрон цы ныллæг агъуыстытæ ис, уыдон аззадысты бæлæсты бын. Уынгтæй иутæ раст æмæ тынгæй лæууыдысты, иннæтæй, кæройнаг уынгтæй, чи къæдз æрбаци, чи сæ тасгæ акодта, цыма истæуыл куы схæца, кæнæ хъæуæй æддæмæ куы азына, уымæй тарстысты.

Далæ скъолайы агъуыст. Хъæуы астæу лæууы. Фæзмæ йе ’ргом сыздæхта. Йæ къултæ сырх агуыридурæй, йæ сæр — æгъуыз урс шиферæй. Бирæ йын фæхъавыдысты йæ аразынмæ, афтæмæй сын фæгыццыл и. Нæ дзы бацыдысты кълæстæ, æмæ ма уæд зæронд агъуыстытæй дыууæ баззади æнæхæлдæй — иу, ахуыргæнджытæ сæхæдæг кæм бадтысты, уыцы рагон цыппæрдигъон агъуыст, иннæ, йæ фарсмæ цы ныллæг дæргъæццон агъуыст уыди, уый.

Ахуыргæнджыты агъуыст чи уыд, уымæй иу цæсты цыдæр дуканигонд бакодтой æмæ дзы макъаронтæ-йедтæ уæй кæнынц ахуыргæнджытæн. Иннæ цæстытæй кæм библиотекæ ис, кæм, цæстуынгæ æрмæг кæй хонынц, ахæм цыдæртæ. Дæргъæццон агъуысты та хистæр кълæстæ ахуыр кæнынц. Уым раздæр дæр хистæр кълæстæ ахуыр кодтой, ног скъола куы нæма саræз-

той, уæддæрты. Тыргъ нæй уыцы агъуыстæн, æмæ къласæй йæ къах чи равæра, уый, кæд къæвда уа, уæд тæдзынджытæ кæдæм тæдзынц, уыцы дæргъæй-дæргъмæ кулы фæтъысдзæн йæ къах. Далæ цыппæрдигъон агъуыст чи у, раздæр-иу ахуыргæнджытæ кæм бадтысты, уый уæллаг фисынæй адаргъ и уыцы рагон сусхъæд бæлæсты рæгъ. Сæ быны — сис. Уый хуссармæ нæ зыны, уыцы сис, фæлæ йæ Дзахо æмæ Гадзо хорз зонынц — ныммæстæг, афтæмæй лæууы, кæм ын хъуына рахæцыд йæ фарсыл, кæм дзы дур рахауд æмæ къусчы хуызæн афтидæй баззади дуры бынат.

Бæлæстæн сæ кæройнаджы бинаг хихыл, мæнæ, поезды вагæттæ кæрæдзийы куыд нæ схойой, уый тыххæй се 'хсæн цы тымбылсæр æфсæйнæгтæ вæййы, уыдонæй иу ауыгъд. Раздæр уый дзæнгæрæг уыди. Ныр ног скъолайы электрон дзæнгæрæг ис. Фæлæ уый дæр баззад афтæ ауыгъдæй. Йæ фарсмæ ауыгъдæй лæууы, дзæнгæрæг-иу куы цагътой, уæд-иу уыцы æфсæйнагыл дæнг-дæнг цы дæргъæй-дæргъмæ дзомсгондæй ралæууыдысты, уый дæр. Æрдаргъ и дæлæмæ. Зæхмæ ма йæ гыццыл хъæуы. Уымæй иу куы ралæууыдысты æфсæйнаджы тымбыл сæрыл, уæд-иу йæ уæззау зæлланг-мыллунг нæргæ рацыд скъолайы раз уыцы фæзы сæрты æмæ-иу йæхи ахаста далæ хъæуыбынырдæм. Ныр æй нал цæгъдынц. Фæлæ уæддæр ауыгъдæй лæууы. Уый дæр лæууы ауыгъдæй, æфсæйнаг дæр, æмæ йæ, кæмæй цагътой, уыцы дзомсгонд дæр. Лæууынц уыцы æдзæм-æнæсыбырттæй æмæ адæймаджы цыдæр æнкъард хъуыдытыл æфтауынц. Чи зоны, зæлланг кæй кодтой, æмæ уыцы зæлланг кæй аскъуыди, уый тыххæй. Уæдæ зæлланг кæн — бон цалдæр хатты цæуæд дæ зæлланг-мыллунг, стæй ныссабыр у, æдзæм-æндзыгæй баззай. Æмæ ма уымæй дæр искуы зæххыл куы лæууиккой, фæлæ — ауыгъд, бæласы хихыл ауыгъд. Сæ иу иу хихыл ауыгъд, иннæ — иннæ хихыл, ауыгъд сæ дыуузæ дæр. Æмæ æдзæм. Æмæ касти Дзахо хъæумæ. Йæ хъустыл-иу ауад уыцы зæлланг-мыллунг, фыццаг сындæггай, стæй-иу йæхиуыл схæцыд, сыстад-иу уылæнгæнгæ, йæхи-иу рахаста скъолайы фæзы сæрты, рацыд-иу уыцы нæргæ-уыраугæ æмæ-иу æм хъусынтыл фæци Дзахо. Æмæ-иу афтæ зынд, цыма сидгæ кæны уыцы зæронд дзæнгæрæджы хъæр, адæммæ сиды, дард кæдæмдæр сæм сиды, уым кæмдæр цыдæр æрцыд, æмæ сæм уырдæм сиды. Æмæ æрлæууыди Дзахо. Цæмæ æрлæууыд, уый нæ базыдта æмæ ку-

ыддæр æрлæууыд, афтæ куы райдаид Гадзо. Цыма уымæ хъусынмæ æрлæууыд Дзахо, уый хуызæн:

*Ам дæ риуыл аивæзтон мæ уæнгтæ,*
*Хуры тынтæй арæзтон хæдзар.*
*О дæ хæмпæл хъолоджын фæндæгтæ*
*Сты мæ царды рухс бонты бульвар.*

Арæх-иу дзырдта уыцы æмдзæвгæйæ исты рæнхъытæ æмæ-иу æппæлыд æмдзæвгæйæ, хорз, дам, у, де 'ннæ 'мдзæвгæтæ, дам, ай аргъ не сты. Дзахо-иу æм кæнæ хъуыста, кæнæ — нæ. Куы-иу æм сдзырдта исты, куы — нæ. Ныр дæр æм ницы сдзырдта. Ныр ма йын хъыг дæр уыди, уыцы зæронд дзæнгæрæджы зæлланг-мыллунгмæ йæ хъусын кæй нæ бауагъта, уый тыххæй. Йæхæдæг дæр æндæр ницы загъта Гадзо, уыцы цыппар рæнхъы радзырдта æмæ æхсæртæ къæрцц кæныныл фæци. Дзахо ма гыццыл алæууыд уыцы æдзæм лæудæй, фæлæ йæм дзæнгæрæджы зылланг-мыллунг куы нæуал хъуыст, уæд йæ дзыппæй æхсæртæ систа уый дæр.

Лæбырды бын уыцы цæппæлгътыл бахызтысты, уым йæ тæккæ дæллаг хъуыр лæбырдæн иу къутæрыл бамбæлдысты. Æвæццæгæн æм уыцы фыдрæтты бацæуын йæ ныфс ничи бахаста æхсæрдзаутæй. Йæ цæнгтæ нæ урæдта, афтæ зад уыди. Сæ агъудтыл ма æфсоны хæст кодтой æхсæртæ. Уыцы арæхстгай сæм февнæлдтой, афтæмæй сæ фæтыдтой. Уым сæ иу тъæпæн дзæнхъа дурыл ныццамадтой, стæй йæ фæйнæ фарс æрбадтысты дурæн æмæ сæ ныссатæг кодтой. Æниу ма сæ частæ хъуыди сатæг кæнын дæр! Нæма-иу сæм бавнæлдтой æмæ-иу армы аззадысты уыцы дзора æхсæртæ. Уым сæ къандзолгæндты дзыппытæ байдзаг кодтой æмæ къæрццытæгæнгæ рацыдысты. Тагъд нæ кодтой. Сæ цыд дæр — æвдæлон, сæ лæуд дæр — æвдæлон лæуд. Æнæуи дæр хуссар бирæ уарзтой. Урокты фæстæ дæр-иу уым балæууыдысты æмæ-иу сæ сæ къах нал хаста хъæумæ. Афтæмæй-иу сыл талынг дæр баци иуæй-иу хатт. Талынджы бынтон диссаг уыди хуссар. Ныссабыр-иу ис æмæ-иу адæймагмæ цыдæр æбæрæг тас бавналбавнал кодта уыцы стыр æмæ æнæкæрон сабырæй. Æрмæст ма-иу дзы, кæмдæр чи бафæстиат æмæ ныр йæ ахстонмæ чи тагъд кодта, ахæм маргъы базырты фæлмæн пæр-пæр ацахста хъус. Искуыдæй-искуыдмæ-иу фæцыдаид гакк-гуччы уасын, цыма хуссары кæй баталынг, уый дард кæдæмдæр хъусын кодта. Бæлæстæ 'мæ къутæртæ-иу сæхи мидæг багыццылтæ сты, афтæмæй-иу сыл

рæдзæ-мæдзæйы хуызæн цыдæр бафтыд.

— Нæма бакастæ, кæй дæм радтон, уый? — Гадзо æхсæры гага йæ уырзты ’хсæн аратул-батул кодта æмæ йæ йæ дзыхы баппæрста.

— Рефератæй мæ фæрсыс? Гъæйттæй йæ кæсын.

— Æмæ уæдæ дæхи цы ныхъхъус кодтай?

— Зæгъын æй æххæст фæуон.

— Бирæ рæдыдтытæ дзы ис?

— Æддаг рæдыдтытæ æнцон срастгæнæн сты, мидæггаг рæдыдтытæ дзы ма разынæд, уый йеддæмæ.

— Æмæ дзы мидæггаг рæдыдæй цы хъуамæ разына! Архивтæ цы амонынц, уымæй уæлдай дзы цы и!

— Цыдæр дзы и. Цы дзы и, уый зоныс? Цыма йæ ирон лæг нæ ныффыста, фæлæ йæ æндæр адæмыхаттæй исчи ныффыста, мæнæ-мæнæ зæрдæйæ чи нæу ирæттыл, ахæм исчи, ахæм цыдæр хъуыды дзы æрбады зæрдæйы бын. Цыбыр ныхасæй ирæтты фыдæлтæ рагæй-æрæгмæ кæрæдзийы не ’мбæрстой, талф-тулф митæ кодтой, хæцын нæ зыдтой. Ау, æмæ сын дунетæ сæ цæст куы æрæвæрдтой сæ хæстарæхстыл, уæд куыд нæ зыдтой хæцын?!

— Хæцын афтæ нæ зыдтой, æмæ сæ зонд нæ иу кодта. Мæнæ бамбырд уой сæ хæстон балцы размæ, сæ гæнæнтæ сбарой æмæ иу хъуыдыйыл ныллæууой — уый сæм нæ уыди. Æнæуи сæ алчи дæр лæг уыди хицæнæй, хæстон лæг, фæлæ лæгæй-лæгмæ хæст кæд уыди?

— Гъомæ кæд афтæ æнæджелбетт митæ кодтой, уæд ма сæ мыггаг куыд баззад?!

— Æмæ ма сæ цы баззад?! Чингисханы ныббырсты размæ дыууæ милуанæй фылдæр уыдысты! Уæдæй цас рацыди уартæ, цал æнусы æмæ ма милуаны ’рдæг сыстæм тыхтæ-мæ фыдтæй. Æмæ сын уый, æвæццæгæн, фыдæй баззад — кæрæдзийы не ’мбарын, «æз дæн» кæнын. Уартæ нæ рагфыдæлтæ кæй хонæм — скифтæ ’мæ сæрмæттæ — уыдон иу туг — иу стæг уыдысты. Афтæмæй сæ, куыд фæзæгъынц, сæ кæрæдзийы кæрдтыл бафтыдысты, кæрæдзийы цæгъдгæ фæцыдысты æнусты дæргъы.

— Уый диссаг уыд, стыр диссаг уыд уый, æз дæр кæмдæр кастæн иу чиныджы. — Йæ сæр ныттылдта Дзахо. — Сæ кæрæдзийы-иу цагътой æмæ-иу сæ иутæ дæр хъæр кодтой «маргæ!» æмæ — сæ иннæтæ дæр. Уæд æндæр ницы, фæлæ уыцы хъæр дæр нæ хъуыстой?! Æмæ сæ куыд нæ урæдта уыцы

хъæр, кæд æй хъуыстой, уæд?! Æви къуырма уыдысты?!

— Бакъуырма-иу сты. Хæстмондаг-иу сæ бакъуырма æмæ бакуырм кодта. Сау къуырма æмæ иу сау куырм баисты, æрмæст ма туг ныккалой, бирæ туг, уый йеддæмæ-иу сæ ницуал хъуыди ацы дунейы мидæг. Афтæ уыдысты æмæ сæ афтæ фыссын. Уый истори у, уый æмдзæвгæ афыссыны хуызæн нæу. Уым алцыдæр хъуамæ æрмæринæй барст уа.

Æмæ та йæ сæр ныттылдта Дзахо.

— Фæцыди уыцы æбуалгъ дзырд æнусты дæргъы. Нæ адæмæн се'мдзу фæкодта, цыма, сæ дзуарæй кæй рахастой, уыцы æрхъис уыди, уыйау, æмæ ма абон дæр цæры. Дунейы дзæбæх дзырдтæ фесæфтысты, уый цæры. Мæ фыдыфыд Дзудзула фæмæсты уыдаид, уый йеддæмæ — йе фосмæ фæмæсты уыдаид, йе æнæуи искæмæ — æндæр ницы схаудтаид йæ дзыхæй: маргæ йæ кæ! Фæлтæрæй фæлтæрмæ йæ фæлæвæрдтой сæ дамгъæйау, сæ тырысайау.

— Ссардтой мын, цы лæвæрдтаиккой фæлтæрæй-фæлтæрмæ, уый! — йæ ныхас æм баппæрста Гадзо.

— Науæд уыцы тыгъд быдыртæ бæз-бæз куы кодтой уыцы цæугæцардгæнæг адæмтæй, уæд-иу сæ кæрæдзиуыл кæдæм фæцыди сæ тъæпп?! Бæстæ сыл баруади?!

— Уый тыххæй æз афтæ хъуыды кæнын — чи зоны, уæлæнгай у мæ хъуыды. Фæлæ — кæд сæ алыварс цы адæмтæ цоппай кодта, уыдонæй дзæбæх хæстхъом ничи уыд, сæ ныхмæ чи фæлæуууыдаид, ахæм дзы ничи уыд æмæ та-иу уымæн фæцыди сæ тъæпп сæ кæрæдзиуыл! Тых тых агуры. — Гадзо тамако систа, йæ кæрон ын фæтъæпæн кодта æмæ куыд кодта, афтæ дзы йæ уæллаг дыууæ дæндаджы 'хсæн цы зыхъхъыр уыд, уый асхъауæгау кодта, йæ дзыхы йæ фæцæйтъыста, фæлæуыд. — Æмæ ма уыдон — гъо! Скифтæ 'мæ сæрмæттæ. Уæд ма адæм хъæддагдзæф уыдысты, уартæ незаманты. Фæлæ алантæ та, алантæ! Чингисхан сæ сухты цагъд кодта, уыдон бамидæг сты æмæ дыууæ дихы куы фæуиккой, стæй уыцы дыууæ дихæй иу Чингисханы роны куы абырид! Уалынмæ Тамерлан æрбабырста. Æмæ та уæд дæр — афтæ. Сæ иу хай та уый æвварс фæци, Тамерланы æвварс. Уæд Тамерлан, Сызгъæрин орда кæй хуыдтой, Чингисхан æй куы сарæзта æмæ дзы хицæуттæй йæ дæлдæртæй кæйдæрты куы ныууагъта, уымæ куы ныббырсид. Афтæмæй иуæрдыгæй дæр — алантæ, иннæрдыгæй дæр —

алантæ, æмæ кæрæдзи цагътой. Гъе, ахæм алантæ уыдысты — нæ адæмы хъæр æмбæрстой, нæ сæ кæрæдзийы хъæр. — Æмæ, дам, цыма ирон нæ дæ! Ирон кæй дæн, мæсты ууыл кæнын. Æмæ мын уыцы маст, мæхæдæг æй нæ бафиппайдтон, афтæмæй кæцæйдæрты рахъарыди мæ куысты. Уæдæ ма исчи афтæ æнæджелбетт митæ кæны! Чингисханы æфсад зæххыл уæз кодта, æмæ кæд хæцыс йемæ, уæд æрæмбырд кæн дæ тыхтæ, иуæрдæм дæр абар, иннæрдæм дæр анымай æмæ иуæрдыгæй æрлæуу йæ ныхмæ. Куыннæ стæй! Кæм-иу æм иу комæй ралæбурдтой, кæм-иу ыл иу хъæуæй фæхæпп кодтой, æмæ та-иу сæ рацагъта уый дæр. Хуыргæрчыты куыд рацæгъдай, афтæ-иу сæ рацагъта раст.

— Гъомæ уæдæ нартæ афтæ куы нæ кодтой. Лæгрæгъауæйиу куы фæцæйбырстой, сæ цирхъыты зæлланг-иу сæ сæрмæ куы сыстад.

— Нартæ! Нартæ адæм нæ уыдысты, уый нæ зоныс? Нартæ миф сты. Æндæр ницы сты. Скифтæ ’мæ сæрмæтты мифологон фæлгонц сты нартæ. Æмæ уыцы фæлгонц чи арæзта, ома таурæгъгæнджытæ, уыдон зондджындæр уыдысты. Бирæ фæархайдтой, цæмæй уыцы хъуагæй хызт уой таурæгътæ, бечъебинау сыл ма баззайа, фæлæ сæ бон нæ баци. Уымæн æмæ уæд уыдоны фæлгонц нал рауадаиккой нартæ, ома скифтæ ’мæ сæрмæтты фæлгонц, æмæ сæ разынди уыцы хъуаг. Нартæ дæр мæнæ-мæнæ æмзонд æмæ æмвæндæй никуы бырстой сæ фосфæкæнæн балцыты. Уæдæиу сæм сæхи ’хсæн дæр куы рауади быцæутæ. Хæстытæ дæр-иу сæм уыди. Æхсæртæггатæ ’мæ Борæты хæст нал хъуыды кæныс? Куы-иу Уырызмæджы хъавыдысты марынмæ, куы-иу Хæмыцыл фæндтæ кодтой. Сæ лæгдæрты нæ уарзтой, алчи дæр сæ йæхи кодта лæгдæр. «Æз дæн» кодтой æмæ «æз дæн» кæм кæной, уым иу зонд уа, уый гæнæн нæй. — Гадзо æрлæууыд, йæ къухтæ йæ дзыппыты æрцæйтъыста, фæлæ дзыппыты къух æртъыссæн нал уыди æхсæртæй æмæ уæд йæ синтæм айста йæ къухтæ. — Гунтæ сæм куы ныббырстой, уырдæм нæма ахæццæ дæ?

— Гунтæм нæма ахæццæ дæн. Кæддæр куы хæцыдысты гунтимæ дæр алантæ, нæ?

— Хæцыдысты цы хоныс, хæцыдысты! Гунтæ сæм æрбабырстой, уый уартæ цыппæрæм æнусы уыд. Аланты зæххыл дур дурыл нал ныууагътой, басыгътой йæ, фæнык æй фестын кодтой. Уыдон бамидæг сты, алантæ, æмæ ма сæ хæцынхъом æмæ

цæуынхъом чи уыди, уыдон сæ бæхтыл сбадтысты æмæ семæ афардæг сты.

— Кæимæ, гунтимæ ацыдысты? — сонт фарст акодта Дзахо. — Уæдæ куыд афардæг сты знæгтимæ, кæдæм афардæг сты?! Ацы æбуалгъ хабар куыд никуы фехъуыста, кæд æцæг уыди, уæд?!

— Гунтимæ ацыдысты, уæдæ, зæрæдты загъдау, мæ мæрдтимæ ацыдысты! — загъта Гадзо æмæ мæсты худт бакодта.

— Кæдæм ацыдысты?! — Ныр æрмæст дис нæ уыди йæ фарсты Дзахойæн, — ныр дзы тас дæр уыди, цыма искуы æнæраны-ранмæ куы бахауой æмæ исты знаггад куы ракæной сæхицæн, уымæй сын тарсти.

— Кæдæм ацыдысты, уымæн сæхæдæг дæр ницы зыдтой, уæд ма йын мах цы хъуамæ зонæм! Ацыдысты, цæмæй сæ сæ сыгъд хæдзæртты бæсты æндæртæ аразын ма хъæуа — фервæзой хæдзæрттæ аразынæй. Уый бæсты ацу æмæ искуы хæц! Кæимæ хæцыс, цæуыл хæцыс — уыдæттыл хъуыды кæныны сæр дзы ницæмæн хъæуы. Ацыдысты æмæ фесæфтысты. Батадысты адæмты æхсæн. Гунтæ сæхæдæг дæр батадысты, алантæ дæр батадысты.

— Æмæ бирæйæ ацыдысты, цымæ?

— Цас уыдысты, уый чи зоны! Фæлæ гыццыл нæ уыдаиккой. Ныххæррæтт кæнын — уый сæ туджы уыд. Мах туджы дæр ма куы и. Мах дæр ма куы ныххæррæтт кæнæм. Ахæм ма мардæрцыды гæрах искуы æрцыди! Дæ хæдзар дын чи басудза, дæ бинонты дын чи ныццæгъда, уыимæ цæдис скæнай æмæ йемæ ацæуай, кæдæм цæуыс æмæ дзы цæмæ цæуыс, уымæн мацы зонай, афтæмæй! Ныр, дам, далæ хуссар Африкæйы кæмдæр цыдæр ирон хъæуты хуызæн хъæутæ ис, цыдæр ирон æвзаджы хуызæн æвзагыл, дам, дзурынц. Фæлæ чи сты æмæ цы сты, уый бæрæггæнæг нæй. Нæхицæн нæ бон ницы у, хъæугæ та мах никæй кæнæм. — Уым цæхгæр ныззылд Гадзо Дзахойырдæм. — Зонгæ дæр нæ ничи кæны, зонгæ! Дæлæ нæ Мæскуыйы дæр нæ зонынц. Уый диссаг нæу! Фарон уым куы уыдтæн, уæд иу фынгмæ бахаудтæн, æмæ, дам, кæрæдзийы базонæм — чи кæцон у. Æз дæр загътон: ирон. Æмæ, дам, гуырдзиаг? — фæрсы мæ фынджы хистæр. Æз та ногæй загътон: ирон. Æмæ, дам, ирон гуырдзиаг нæу? Æмæ дын æй æз дæр ма бафæрсон: уырыссаг гуырдзиаг у? Æмæ, дам, уырыссаг куыд хъуамæ уа гуырдзиаг? Æмæ уæдæ, зæгъын, ирон куыд хъуамæ уа гуырдзиаг? Æмæ, дам, æз ирон никуы фехъуыстон. Гуырдзиаг, дам, фехъуыстон. Кæсыс — гуырдзиаг фехъуыста, фæлæ

ирон нæ фехъуыста. Афтæмæй Гуырдзыйæн сæ кой дæр никуыма уыд, мах фыдæлтæ та зæххыл нæ цыдысты.

— Сæ кой куыд никуы уыд, ома?

— Сæ кой афтæ нæ уыд, æмæ уæд Кавказы нæ цардысты.

— Кавказы нæ цардысты? Уæдæ кæм цардысты?

— Кæм цардысты, кæ, — æвиппайды дзуапп дæттынмæ фæци Гадзо, — далæ цæугæдæттæ Тигр æмæ Ефрат кæм сты, уыцы ран, уыцы дыууæ цæугæдоны æхсæн уыцы атагъаты рахау-бахау кодтой. Адæмтæй сæ сæхимæ æвваxс ничи уагъта, сæ мæнгард æмæ сын сæ тыхтона базыдтой æмæ-иу сæ хъиладзагъдæй фæтардтой сæ зæххæй. Стæй сæ нæ фыдæлтæ æррæвдыдтой — фæтæригъæд сын кодтой. Сæ зæххыты хуыздæртыл сæ æрцæрын кодтой. Куырды куыст сын амыдтой, зæххы куыст сын амыдтой, хæстон хъуыддæгтыл сæ ахуыр кодтой. Исчи-иу сæ исты куы баджиздардта, уæд-иу сæ кæрдтæ фæхъилтæ кодтой а нæ фыдæлтæ, æмæ-иу фæлыгъдысты джиздарджытæ — тас уыди уæд алайнаг карды.

*Уыдзæн ма*

# КАСАТЫ БАТРАДЗ: 60 АЗЫ





*Батрадз æмæ Къадзаты Станислав.*

*КАСАТЫ Батрадз*

# КÆДДÆРЫ РУХС КЪÆСÆР

* * *

**Ныййарæг мад!**
**Фæллад уадзынмæ — нæ,**
**Рынчынмæ дæр**
**Куыд никуы равдæлд дæу**
**Дæ зæнæджы мæт,**
**Сагъæстæ, хъуыдытæй.**
**Рынчын та-иу куыд нæ кодтай,**
**Фæлæ**
**Йæ равдисыны бар**
**Нæ лæвæрдтой дæуæн**
**Ныййарæджы бæрн,**
**Уарзт æмæ егъау ныфс.**
**О, уыдæттæ дын**
**Чи бамбардзæн, чи,**
**Дæхи тыхст удæй дарддæр?!**
**Хæссиккой судзгæ хурау хъуамæ**
**Дæ сабитæ**
**Дæ сыгъдæг фарн**
**Мыггагмæ.**

## БЫНДАРЫ САГЪÆС

**Ивгъуыдæй рухс хæссæг бонтæ**
**Райгуырынц ног цинтæй зæрдæйы,**
**Цыма нæ сыхбæсты ус-таурæгъонтæ**
**'Лвисынц сæ хабæрттæ цалх-мæйæ.**

Ӕмæ сæ фарсмæ æрбакъул дæн,
Бадын, сæ ныхас мын — сойдзырдау.
Таурæгъы къуыбылой халджытæн
Нуазын сæ арф хъуыды сойдзыдау.

Ехх, фæлæ царды фæзилæнты
Афтæ ныссуйтæ мæ къуыбылой, —
Сæрымагъз бандзыг йæхи мæты,
Нал цæуы иу рухс мæ къуыдырæй.

Афтæмæй царды фæзилæнтæн
Таурæгъон фæлмæн ус цас зыдта!
Уый-иу изæры фæмилцæстæн
Уайтагъд йæ рухсгæнæн базыдта.

Уæдæ цæмæн нынкъард адæргæй
Абон нæ кæддæры рухс къæсæр, —
Уый кæд фыдæлты фарн атæргай,
Йе кæд нæ фæдæн аккаг кæстæр...

## ХÆДДЗУ

У цъити зæдбадæн, сыгъдæг,
Ӕрзæбул дзыккуйау æхсæрдзæн,
Дзæбидыры фезмæлд йæ фæрсты — цæрдæг,
Ныффæд кæны коммæ æхсырдон.

Ам къæдзæхты фæхстæ — æнгомвидар риу,
Тæдзы сæ æлутон, мæ мады æхсырау,
Ам царды сыгъдæгдзинад æрдзимæ — иу,
Зыны дзы рæстдзинад мæсыгау.

Хæддзу лæг, дæрдбæлццон, мæ фарсмæ лæууы,
Йæ цæсгомыл ивылы рухс цин,
Нæ хъæуы сæрмæ та сармадзан нæры,
Нæ сыхæгтæй рабырсы туг-зин.

Нæ тыхст уавæр зоны нæ уазæг бæлвырд,
Уынаффæтæй фестад куырыхон,
Æрмæст нæу хæрзæргом йæ хъуыды, йæ дзырд,
Нæ йын у уæлдай, æз куырм уон, йе къуылых уон.

Уæддæр цыма судзы, мæ рыстæй тыхсы,
Йæ дзыхы дзырд нал кæсы коммæ,
Ыстæй мæ фæстагмæ лæгъстæйау фæрсы:
«Æвыдæй куыд ныххизон коммæ?»

Тызмæг æмæ карз у хæхбæсты æгъдау.
Хатыр мын, мæ хæлар, мæ уарзон.
Æрхæссин дæ митæм æз гъеуæд дæр фау,
Куы фестис мæ тугæй, мæ фаззон.

Кæд ацы хуымæтæг фæлварæн бынат
Дæу катайы, сагъæсы ‘фтауы,
Уæд адæмы судзгæ зын царды фæндаг
Дæ «куырыхон» зондмæ куыд хауы!?

## СЫЛГОЙМАДЖЫ САГЪÆС ЗЫНГХУЫСТ ÆМГАРЫЛ

О, ме стъалы!
Кæд атахтæ, уæддæр ма
Мæ риуы арфы
Рухстаугæ цæрыс.

Мæ уæлхъус-иу
Мæ зын рæстæг фæзындтæ,
Ныр дæр ма мын
Цæрыны ныфс хæссыс...

Дæ зарæг та...
Уæларвон тыхтæй ратгæ,
Уæллагкомы æхсæрдзæнтау — сыгъдæг.
Зæрдæйы тæгтæм

Арæхстгай æвналгæ,
Нæ уагъта уый
Дæ иу фезмæлд сындæг...

Дæ фæндырцагъд!
Нæ йæ нымадтай уагыл,
Фæлæ уый махæн
Цинхæссæг уыди.
Йæ рæсугъд зæлтæй
Цас зæрдæтæ ради,
Ныр уымæн дæр
Йæ уаз хъæлæс фæци...

Рæстуд æмгар!
Цæмæн у царды афтæ,
Цыбыр йæ — хорзæх,
Дардыл та— фыдæх?
Рæсугъд æмбал!
Дæ разæй цыд дæ арфæ,
Уæд дæ куыд баурæдта зæхх?
Цæмæн фæкалд
Лæгъз фæндагыл дæ бæх?..

Бæрзонд арвыл
Фыццаг стъалы куы ссудза,
Куы-иу ракæса
Дзир-дзургæнгæ мæй,
Уæд-иу дæ хæрзтæ,
Царды зын фæрсудзгæ,
Дæ байзæддæгтыл
Разилæнт фæрнæй...

* * *

Мæ сабийæ дзырддзуаныл фæцалх дæн,
Нæ мын лæвæрдта й' агурын æнцой.
Куы-иу йæ уидæгтæм ныххызтæн,
Куы та йæ зæлангæй — сæргой...
Æрттивгæ дзырдтæ — здæхтой мæ фæндагæй,

Сæ маст сæ цинæй уыд фылдæр,
Мæ фæндаг кодтой абухгæ, зындæр,
Æмæ-иу баззадтæн дзырддагæй.
Фæлæ нæ састи фидар зæрдæ,
Фæлæ нæ састи зондæн туг.
Йæхи фыдвæндтæ домдта дуг,
Дзырды фарн ивта æмæ ивта.
Мæн кодта сау галæй дæлдæр,
Мæ фæндаг — мигътарæй фыддæр,
Афтид, бынтон афтид — мæ рифтаг...

* * *

Афтид, бынтон афтид, мæ рифтаг
Куы разыны, куы айсæфы мæ фæд, —
Сæ уæлныхты мæ рацæйхæссынц мифтæ,
Фæзыны стъалы бонцъæхты уæлвæд.
Цæуын йæ дзир-дзургæнаг рухсмæ,
Æз нал фæхатын зæрдæйы æнкъард,
Мæ разæй лидзынц хин æмæ мæнгард,
Мæн нал феппары царды денджыз хусмæ.
Уæлæрвтæй райсын тых æмæ хъару,
Фæхатын сонтæй — дун-дуне мæн у,
Æмæ рæхджы æрцахсдзынæн Æрфæны.
У афтæ алыхуызон цард,
Фæтых вæййы кæуыныл зард,
Æмæ та ног цæрыны ныфс æрцæуы.

* * *

Æмыр — мæ хъæлæс, агурын дзырдтæ,
Сæ тых у уазмыртæй бæрзонддæр,
Цыма дзырдбæстыты куырд дæн,
Æз архайын æхсæв уа, бон дæр.
Æнæвгъау туджы æхсад зæхх
Нытталынг æхсæвы мæйдары,
Мæ адæмæй цы стыр хæс дарын,
Уый рагон хъæнтыл зæры цæхх,
Æмыр хъæлæсы судзгæ уазал.
Мæн судзы рагбæллицты азар.

Хæрз сабийау æнæхин æмæ уарзтæй
Æз байгом кодтон дунетæм мæ риу.
Кæсы тызмæгæй урссæр хох Хъæриу,
Цыма у дзаг мæ цин æмæ мæ мастæй.

* * *

Ызмæст дуне æнахуыр тыхст кæны
Рæзгæ фæлтæры иугæндзон хъæрахстæй...
Зæйраскъуыдау мæ удыл маст кæлы
Æнахуыр диссæгты æрхастæй.
Ныр нал зонын, цы зыдтон уый дæр,
Мæ бæллицтыл ныддæлгом кодтой дур.
Æмæ ма уый фæстæ Хуыцауæй хорзæх кур?!
Кæд бамбæрстай — кæуыл худтæ, гъе уый дæ.
Фæдзурынц иу, хъуыддагæй та — æндæр.
Фыдæлты фарн ныффынæй ис кæмдæр,
Нæхи ма йын йæ æхсидæвтæй тавæм.
Кæстæрты раз — æнæкæрон нæ хæс, —
Сыгъдæг удæй йæ, гъæй-джиди, фæхæсс, —
Кæй бон баци?!... Æрмæст сæ фидæн давæм...

* * *

— Дæ райсом хорз, мæ буц сыхаг!
— Æнæнизæй фæцæр! —
Фæлмæнбыд дзырдты арфæтæй
Нæй, ницы ис хуыздæр...

Уæлдайдæр та, æнæхинæй
Сыгъдæг зæрдæйы уаг
Куы æнкъарай цæстæнгасæй,
Æргом цинтæ — дæ фаг.
Зæххон цæрджытæн цин дæттгæ,
Ныфсы хъару, æгæрон тых,
Бæллиццаг фæндтæй рухс зæдтæ
Куы рæвдауой дæ уарзон сых...

Зæрдæфæндаджы арф фæдæй
Фæхъуысы: «Хорзæй цæр!»
Сыгъдæгзæрдæйы арфæтæй
Нæй, ницы ис хуыздæр!

* * *

Ног æнус нын диссæгтæ æрхаста,
Царды къуымтæ уисойæ æрмарзта.
Иутæ бухъцардæй цæрынц,
Иннæтæ къæбæрамал кæнынц.

Ацы дуг — гуыбынæн æмæ мастæн,
Баппæрстой йыл амалджынтæ сахсæн.
Ацы дуджы адæймаг нæ зыны,
Нал зоны, кæмæ дзура йæ зыны.

Ацы дуг — бæгънæг æмæ бæгъæввад —
Рухс зæрдæтæм сарæзта йæ фæндаг.
Ног æнус нын диссæгтæ æрхаста,
Уды хæрзты тугты зæй фæласта...

Бонæн диссаг — сайд æмæ æфхæрд.
Бирæгътæ ‘мæ куыйтæ
сты æмвынг, æмхæрд.

* * *

Хохаг нæртон хъæуыл рахатт Хуыцау —
Хуыссæнæй нал хизы зæронд фыййау.
Мидбылхудт цæсгомæй алыгъд тæргай,
Цæстыты уазалæй рухс уат фæхай.
Сыхæгтæ, къабæзтæ, бинонтæ — ‘нкъард...
Хæдзары карз тох... Мæлæт æви цард.
Агуры цæстытæй зæронд кæйдæр...
Уарзон, уæздан чындз... гъе уый ма уæддæр...
Фæлæ уæздан чындз — æнхъæлцау хуыссы,
Хæдзармæ катай дывæрæй бырсы.
Æхсæв йæ тæмæны бацыдис, афтæ
Хæдзары фисынæй — халоны хъуахътæ.
Зæронд æрæнцад... Дзæнæт ын — бынат.

**Адæмы мароймæ мæй дæр нынкъард.**
**Сау æхсæв тайы, æрбахæстæг бон,**
**Бауасыд хæдзармæ уасæг æргом.**
**Чындз та фæтыхсти... Адæм — æмыр.**
**Сау хъæу ныррызти,**
**Райгуырди тыр!**
**Айхъуыст æгас хъæуыл царды цъæхахст,**
**Айста тыхст адæмы рыст æмæ маст.**

*БИАЗЫРТЫ Кромвел*

# ЦАУÆЙ-ЦАУМÆ

* * *

**Уастырджиау**
**цауæй-цаумæ,**
**æвæджиау**
**сæйраг сахар**
**Дзæуæджыхъæуы**
**цæрын.**

## ИСБОН

**Стыр нымадæй**
**мæнмæ исбонæй ис**
**æртæ «ИС»-ы:**
**мæхи сæйраг сахар**
**Дзæуæджыхъæу,**
**мæхи цæугæдон**
**Алондон,**
**мæхи зæххарв**
**Ирыстон.**

## УÆЗДАН

*Цхуырбаты Ибрагимæн*

**Амæйразмæ...**
**мæ размæ чи царди**
**нартæй,**
**дæн уыдон æвзагæй**
**уæздан:**

амæйразмæ...
мæ размæ чи царди
нартæй,
зонын уыдон æвзагæй
кувын Хуыцаумæ;

амæйразмæ...
мæ размæ чи царди
нартæй,
уыдон æвзагæй куывд
уæлæрвты
Хуыцауы къæсæр ссары;

амæйразмæ...
мæ размæ чи царди
нартæй,
уыдон æвзагæй
зонын
дзурын Уастырджимæ;

амæйразмæ...
мæ размæ чи царди
нартæй,
уыдон æвзагæй зонын
дзурын
сылгоймагимæ;

амæйразмæ...
мæ размæ чи царди
нартæй,
уыдон æвзагæй зонын
ард хæрын;

амæйразмæ...
мæ размæ чи царди
нартæй,
уыдон æвзагæй зонын
æрдхорд уæвын;

амæйразмæ...
мæ размæ чи царди
нартæй,
уыдон æвзагæй
уарзын
Райгуырæн Зæххарв.

## ПЛАТАНТÆ — ДЗÆУÆДЖЫХЪÆУЫ ПÆЛÆЗТÆ

*Цопанти Танйайæн*

1

Рельсытыл
платаны цæнгты аууæттæй
цæхгæрмæ арæзт
нарæг
æмæ тъæпæн
гæрæнтыл
тулы
æмæ тулы
зымæгон трамвай.

Кæм фесæфти,
фронтæй æрвыст фыстæгау,
ныффæстиат и уалдзыгон трамвай.

2

Раджы...
æмæ раджы кæддæр
Дзæуæджыхъæумæ æрбафтгæ
тарæрфыг Мигъдау
Алондойнаг Рæсугъды куы федта
æмæ иудзæвгар
джихæй куы аззади,
уæд йæ къæвдайы дæгъæл
æрбайсæфта
Алондойнаг дурты æхсæн
кæмдæр.

**Уыцы Рæсугъды фенынмæ бæлгæ,**
**уæдæй нырмæ йæ дæгъæл агурыны æфсон,**
**Мигъдау Дзæуæджыхъæуы арæх фæзыны:**
**æмæ дзы уадидæгæн**
**Дзæуæджыхъæуы рæсугъд сылгоймæгтæ**
**ныгъуылдæй сæ хурауyæтты бын фембæхсынц.**

**3**

**Парахат**
**афон йæ бакастæй**
**бæрæг у:**
**уалдзыгон**
**Дзæуæджыхъæуы**
**бæрзонд æмæ уæрæх**
**пæррæстытæй**
**æфсиниуæг кодта**
**базырджын**
**платан.**

**Мады Хохы зæрдæ**
**мæ сахары уалдзыгон зарæгæй**
**барухс и.**

## УАЛДЗÆГ

**Дидинæг фестади**
**Дзæуæджыхъæуы**
**урс сабæлутимæ æмрæстæг**
**урс акъаци:**
**дæлæмæ ауыгъд**
**цырагъдарæн**
**цупæлттæ**
**дарынц**
**мæ сахары чызджытæн**
**зæрдæрухс;**
**судзынц**
**уæлæмæ арæзт**
**сабæлуты цырагъдарæн**
**цупæлттæ**

мæ сахары сагсур
тырынты уæларвон
цæдисæмбал
Уастырджийы цæуæнтæн.

* * *

Уыди
маргъарæх
Дзæуæджыхъæуы
хурбон,
иу иннæйы хуыз исгæ
дидинджытæй
дардта
уалдзыгон
лолаты сæвджын сквер
сырх-сырхид.

Дзырдта,
зынгхуыстæй дæр зынгдарæг,
Рухс Моны Сахары лæппутимæ
мæ зæрдæ.

* * *

Куывтон,
куывтон æмæ куывтон,
цард
куырдтон.

Куыдтон,
куыдтон æмæ куыдтон,
цард
куырдтон.

Ӕз мæхиуыл нæ куыдтон,
æз мæхицæн нæ куырдтон.

* * *

**Фæзæгъынц,**
**зæгъгæ,**
**йæ цæрæнбонты**
**авд арты цæхæры**
**чи нæ басудза,**
**уымæй æстæм**
**йæхицæн æфсымæр зæгъдзæни.**

**Ærægвæззæджы мæйы уазал цæхæр**
**ласта**
**йæ узгæ уылæныл Алондон.**

# НÆРÆМОН СЭМЮЭЛ



*Разагъды америкаг фыссæг Марк Твены райгуырдыл ацы аз æххæст кæны 175 азы, йæ амардыл та — 100.*

*Мæнæ йæ царды хабæрттæй цалдæр.*

*1835, 30 ноябрь. Миссурийы штаты Флоридæйы хъæуы райгуырди Сэмюэл Ленгхорн Клеменс — фидæны Марк Твен. «Флоридæйы хъæуы уæд уыди сæдæ адæймаджы, æмæ сын æз сæ нымæц иу процент фылдæр фæкодтон. Ахæм сгуыхтæй алкæцы историон архайæджы бон нæу раппæлын», — хъазгæмхасæнты фыста Твен.*

*1839. Клеменстæ ралыгъдысты Ганнибалы сахармæ.*

*1850. Сэмюэлы фыццаг литературон уацмыстæ фæзындысты бынæттон газеты.*

*1853 — 1861. Сэмюэл куыста лоцманæй.*

*1862. Куыста сызгъæрин амалгæнæн маданы.*

*1863. Йæ уацхъуыдты бын æвæрын райдыдта фæсномыг-псевдоним «Марк Твен».*

*1867. Фыссæг æрбацыди Нью-Йоркмæ. Рухс федта йæ радзырдты чиныг «Цыппæрвадыгæй чи уайы, уыцы хæфс».*

*1869. Рухс федта йæ чиныг «Æнæхин адæймæгтæ фæсарæнты».*

*1870. Твен ракуырдта Оливия Ленгдоны. «Æз ахæм амонд-джын дæн, — фыста фæстæдæр, — æмæ дзæгъæлы цы дæс æмæ ссæдз азы фесæфтон, уыдоныл куы ахъуыды кæнын, уæд мæ зæрдæ сриссы. Хуыцау мын дзыхъхъынногæй цæрын райдайыны фадат куы раттид, уæд мын дæндæгтæ дæр нæма разаид, стæй тæбæгътæ сæттынхъом дæр нæма уаин, афтæмæй ус ракурин».*

*1871. Твен æрцарди Хартфорды (Коннектикуты штат).*

*1876. Мыхуыры фæзынд йæ уацау «Том Сойеры хабæрттæ».*

*1882. Мыхуыры фæзынд йæ уацау «Принц æмæ мæгуыргур».*

*1885. Мыхуыры фæзынд йæ роман «Гекльберри Финны хабæрттæ».*

*1895 — 1896. Цæмæй йæ хæстæ бафида, уый тыххæй йæ бахъуыд æхца бакусын. Æмæ абалц кодта дунейы алы бæстæтæм — касти лекцитæ.*

*1907. Фыссæг ссис Оксфорды университеты кадджын доктор. «Æз дунемæ рантыстæн Галлея-кометæимæ, — фыста Твен. — Уый ногæй куы фæзына, уæдмæ фæцæрын мæ фæнды, цæмæй ацы мæнг дунейæ иумæ ацæуæм».*

*1910 азы 24 апрель. Марк Твен амард. Арвыл та ногæй æрттывта Галлея-кометæ.*

Марк ТВЕН

## НЬЮАРЧЫ МÆ КУЫД АФÆЛЫВТОЙ

Адæймагæн къæмдзæстыджы хос чи у, ахæм хабæрттæ йыл куы ‘рцæуы, уæд сæ искæмæн радзура, уый йæ нæ фæфæнды. О, фæлæ сæ куы радзуры, уæд та йæ тыппыртæ суадзы æмæ йын бæлвырд фенцондæр вæййы. Ацы цау дæр адæмы рæгъмæ уый тыххæй хæссын, цæмæй мæ уды хъынцъым иуцасдæр фæрогдæр уа. Уæвгæ мæ, чи зоны, дзурыныл æндæр адæймаджы æдзæсгом ми бафтыдта, мæхи мæт мæ афтæ тынг нæ уыди... Æвæццæгæн ма уæ зæрдыл лæууы, æрæджы Ньюарчы

фæсивæдæн лекци кæй кастæн, уый. Лекцийы агъоммæ ныхас кодтон иу æрыгон лæппуимæ æмæ мын афтæ, мæ мадыфсымæр, дам, æвирхъау уавæры бахауд — æппындæр, дам, ницыуал æнкъары. Лæппуйæн йæ цæстытæ доны разылдысты, афтæмæй мын дзырдта:

— Ехх, искуы ма мæ мадыфсымæры худгæйæ куы фенин! Ехх, искуы ма йæ уæд та кæугæйæ фен!

Мæнмæ лæппуйы ныхæстæ бахъардтой. Искæй зæрдæйы маст мын тынг зын вæййы. Æмæ загътон:

— Дæ мадыфсымæры ма мæ лекцимæ æрбахон. Æз ын хос скæндзынæн.

— Гъæй-джиди, уый дæ къухы куы бафтид! Уый дæ къухы куы бафта, уæд нæ бинонтæ иууылдæр дæ цæрæнбоны тыххæй не Сфæлдисæгмæ кувдзысты — афтæ бирæ уарзæм нæ мадыфсымæры! О мæнæ хорз лæг, ау, схудын æй кæндзынæ? Ау, йæ хус уадултыл ын цæссыгтæ фендзыстæм?

О, тынг мæм бахъардтой лæппуйы ныхæстæ. Æмæ йын фидарæй загътон:

— Мæ хъæбул, æрбахон мæм уыцы æнамонд зæронд лæджы. Мæ лекцийæн ахæм анекдоттæ бацæттæ кодтон, æмæ кæд дæ мадыфсымæрæн йæ худындзæг бынтон нæ бахуыскъ, уæд æнæмæнг бахуддзæн. Йæ бахудын кæнын мын куы нæ бантыса, уæд мæм æндæр диссæгтæ дæр разындзæн, æмæ ма кæдæм ирвæздзæн — йе йæ кæуын бахъæудзæн, йе та мæлын.

Лæппулæджы арфæтæ мыл ныггæр-гæр ластой, йæ цæссыгтæ нал баурæдта, афтæмæй мыл йæ цæнгтæ ныттыгъта, стæй йæ мадыфсымæрмæ азгъордта.

Зæронд лæджы сбадын кодта бæрæг бынаты, дыккаг рæнхъы, æмæ æз дæр мæ куыстмæ бавнæлдтон. Раздæр уал дугъы ауагътон рогдæр анекдоттæ, стæй — уæззаудæртæ. Æвзæр анекдоттæ йыл ихуарæгау ныккалдтон, хæрзтæй та йæ рæхойгæ кодтон. Æхстон æй зæронд, урсбоцъо анекдоттæй, ногтæн та-иу сæ фындзтыл цывзы дæр айзæрстон, афтæмæй йыл сæ фæд-фæдыл æнауæрдонæй уагътон. Мæ удæй арт цагътон, мæ сурхид акалди, ныффæсус дæн, ферхæцыдтæн-иу, сæрра уæвынмæ мæ бирæ нал хъуыди, мæстæй дæр сыгътæн, уæддæр зæронд лæг къæрттæй цъула не 'ппæрста. Цыма айнæгдур уыди — цæссыг дæр дзы нæ рахъардта, худæзмул дæр ыл нæ фæзынд. Афтæ, гъе! Цæссыджы мур дæр æм нæ разынди, мидбылхудты æнгæс исты дæр!

Æз дисæй амардтæн. Удаистæй баззадтæн. Мæ лекцийы кæрон ма, а дунейыл æмбал кæмæн нæй, ахæм диссаджы анекдот тæхгæнæргæ аскъæрдтон, стæй мæ бынаты сбадтæн — хъаруйы мур мæм нал баззад.

Клубы хицау мæм æрбацыди, мæ сæр мын уазал донæй схуылыдз кодта æмæ загъта:

— Фæстаджырдæм æгæр авнæлдтай, нæ уазæг.

— Уартæ дыккаг рæнхъы цы зæронд хæрæг бады, уый бахудын кæнын мæ фæндыд.

Уый мын афтæ:

— Уæдæ бынтон дзæгъæлы фесæфтай дæ рæстæг: уый къуырма у, стæй къуытты æмæ, хæлынбыттырау, куырм!

Ныр ма мын зæгъут, уæ хорзæхæй, уыцы зæронд лæджы хойы лæппу хорз бакодта, æнæзонгæ адæймаджы, стæй бынтон сидзæры кæй афæлывта, уымæй? Хæлары куыд фæрсай, афтæ ма уæ иу хатт фæрсын: уыцы лæппуйæн уый чердыгон ми уыди?

# ФОНДЗ ЛÆВАРЫ

## I

Æрыгон уд куыддæр йæ царды фæндагыл æрлæууыд, афтæ йæм æртахти хæларзæрдæ зæд. Йæ къухы уыди чысыл лагъз.

— Мæнæ дын мæ лæвæрттæ, — загъта зæд. — Иу дзы райс, иннæтæ уадз. Фæлæ равзарыны размæ хорз ахъуыды кæн, цæмæй ма фæрæдийай, уымæн æмæ дзы ахъаззаг æрмæстдæр иу лæвар у.

Лæвæрттæ уыдысты фондз: Кад, Уарзондзинад, Исбон, Æхцондзинад, Мæлæт. Лæппу æрхъæцмæ дæр нал фæхъæцыди, фæлæ æвиппайды сдзырдта:

— Æмæ ам хъуыды кæнинагæй цы ис?

Æмæ равзæрста Æхцондзинад. Уыцы лæваримæ ацыд æмæ, алы адæймаг дæр æрыгонæй куыд фæкæны, афтæ йæ мондæгтæ иста, йæ зæрдæйы дзæбæхæн æрвыста йæ бонтæ, цæвиттон, йæ цардæй хъулау хъазыди. Фæлæ йæ цин бирæ нæ ахаста, тыхсын байдыдта, бамбæрста, йæ митæ æнæсæрфат, тутт кæй сты, цард дзы йæхæдæг кæй хъазы, гæды мыстæй куыд хъаза, афтæ. Фæсмон æм æрцыд æмæ йæхицæн загъта:

— Мæ бонтæ доны къусы сæфт фæкодтой. Фæлæ ма мын, ехх, ногæй равзарыны бар куы уаид, уæд зондджындæр разынин, бæргæ.

## II

Уæд та йæм зæд ногæй æртахт æмæ йын афтæ:

— Ацы лагъзы ма цыппар лæвары баззади. Равзар та ногæй, фæлæ дæ зæрдыл дар — о, ма ферох кæн! — рæстæг тагъд тæхы, лæвæрттæй та æрмæст иу у ахсджиаг.

Лæг бирæ рахъуыды-бахъуыды фæкодта, стæй равзæрста Уарзондзинад. Гъе, фæлæ хæларзæрдæ зæды цæстытæ доны кæй разылдысты, уый нæ бафиппайдта.

Бир-бирæ азты фæстæ та йæ афтид хæдзары зыбыты иунæгæй марды чырыны цур бадт æмæ та йæхицæн дзырдта:

— Иу иннæйы фæдыл цыдысты мæ цурæй; ныр мæнæ чырыны хуыссы мæ фæстаг, мæ ахсджиагдæр уарзондзинад дæр. Иу бæллæх иннæйы æййæфта; ацы мæнгард, фыдæхзæрдæ Уарзондзинад мын-иу амонды иунæг сахат рауæй кодта, æз та йын фыстон маст æмæ фыдохы мингай сахæттæй. Мæ фыдæлгъыст йæ фæдыл æфтыд фæуæд!

## III

— Иу хатт-ма равзар! — ногæй та загъта зæд. — Азтæ дын дæ сæры хъуамæ зонд бауагътаиккой. Æртæ лæвары ма мæм баззади, фæлæ дзы æрмæстдæр иу у аккаг, — уыдæттæ дæ зæрдыл дар æмæ та ма фæрæди.

Хъуыдыты та аныгъуылди лæг, стæй боныфæстагмæ равзæрста Кад. Зæд арф ныуулæфыд æмæ атахти.

Дзæвгар азтæ рауад, афтæ та ногæй фæзынд æмæ æрлæууыд, изæрмилты зыбыты иунæгæй чи бадт æмæ сагъæсты уæзæй чи ныггуыбыр, уыцы лæджы фæстæ. Йæ сагъæстæ цæуыл сты, уый зæд хорз æмбæрста.

«Мæ ном дун-дунетыл ныхъхъæр, адæм мæн стауынæй æндæр нал уыдысты, æмæ мæм исдугмæ афтæ фæкасти, цыма уый иттæг хорз у. Фæлæ, æвæдза, цæй цыбыр уыд уыцы дуг! Уалынджы фæзынди хæлæг, уый хæд фæстæ — фыдгойтæ, хахуыртæ, æнæуынондзинад, стæй — æфхæрдтытæ, хынджылæг, судзины рæхуыстытау, æлхыскъ ныхæстæ. Æппынфæстаг фæзынди тæригъæд, тæригъæд та кадæн ингæн у. О, куыд тæригъæд-

даг ӕмӕ маройаг у номдзыды хъысмӕт! Кады цъуппыл бадгӕйӕ йыл хахуыртӕ цъыфуарӕгау фӕкӕнынц, цъуппӕй куы рахауы, уӕд та йӕ былысчъилты ӕмӕ тӕригъӕды азар басудзы».

## IV

— Цы чындӕуа, равзар ма иу хатт, — райхъуысти зӕды хъӕлӕс. — Дыууӕ лӕвары ма мӕм баззади. Дӕхимӕ хъусынтыл цы фӕдӕ? Лӕвӕрттӕй райдайӕны дӕр ӕрмӕстдӕр иу уыд ахсджиаг. Ӕмӕ уый нырма ам ис.

— Исбон, — загъта лӕг. — Исбон дӕм куы уа, уӕд паддзахы бынат дӕр дӕу уыдзӕни! Мӕ сӕр мын рачындӕуа — абоны онг, ӕвӕдза, куырм уыдтӕн! Ныр мӕм амонд йӕ мидбылты бахуддзӕни, — царды сой дойныйӕн нуаздзынӕн, ме 'хцатӕ цы фӕкӕнон, уый нал уыдзӕни, мӕ сызгъӕринты ӕрттывдӕй адӕмы цӕстытӕ тартӕ кӕндзысты. Йе 'нӕуынон кӕмӕн уыдтӕн, чи мыл худти, уыдон уаллӕттау мӕ цуры хилдзысты, ӕз сӕм уӕле дӕлӕмӕ кӕсдзынӕн, ӕмӕ ме 'ххормаг зӕрдӕ сӕ ницӕйагдзинадмӕ кӕсынӕй бафсӕддзӕн. Дунейыл хӕзнайы мыггагӕй цыдӕриддӕр ис — мӕ къухы уыдзысты, цинӕй, хорзӕхӕй, уды ӕмӕ буары фӕндиӕгтӕй мӕ мондӕгтӕ уадздзынӕн. Ӕлхӕндзынӕн намыс, кад, стауӕнтӕ-ӕппӕлӕнтӕ. Цӕвиттон, царды ӕмтъеры базары мӕхицӕн пайдайагӕй цы уынон, уыдон иууылдӕр мӕ къухы ӕфтдзысты. Мӕ размӕ сӕвӕрдзынӕн хӕс: ӕлхӕнгӕ, ӕлхӕнгӕ ӕмӕ ӕлхӕнгӕ! Бирӕ бонтӕ-азтӕ фесӕфтон дзӕгъӕлы, ӕцӕг лӕвар равзарын кӕй нӕ базыдтон, уый фыдӕй, фӕлӕ уыцы дуг аивгъуыдта. Сайд мыл нал ӕрцӕуддзӕни, раздӕрау ӕнӕфенд нал дӕн...

Ӕртӕ азы ӕртӕ бонау атахтысты. Ӕмӕ ныр мӕнӕ лӕг йӕ мӕгуыр къӕсы, уазалӕй гӕв-гӕвгӕнгӕ, бады, цӕсгом — ӕнцъылдтӕ, хуызы цъыртт дзы нал и, рустӕ бахаудтой, цӕстытӕ — ӕгъуыз, мынӕг ӕрттывд ма кӕнынц. Буар — бызгъуырты тыхт. Бады лӕг, хус къӕбӕр ӕхсыны ӕмӕ йӕ дыгъуыл-дыгъуыл хъуысы:

— Бӕстыл хорзӕхы мыггагӕй цыдӕриддӕр ис — сыгъд ссӕуӕд се 'ппӕтыл дӕр, уымӕн ӕмӕ сызгъӕриндоны тылд мӕнгтӕсайӕнтӕ сты, адӕймагӕй хъазӕнхъул саразынц. Алкӕмӕн дӕр дзы йӕ ном мӕнг у. Стӕй сын лӕвӕрттӕ схонӕн дӕр нӕй — ӕрмӕстдӕр сӕ рӕстӕгмӕ, хи ахъал кӕнынӕн рардӕуы. Уарзондзинад, Ӕхцондзинад, Кад, Исбон — уыдон царды ӕцӕгтӕн уӕлӕфтауы, дарӕсы хуызӕн сты. Царды та Маст, Рис, Худинаг

æмæ Мæгуырдзинадæй æцæгдæр ницы ис. Зæд мын раст дзырдта: æппæт лæвæрттæй æрмæст иу уыд ахсджиаг, тутт æмæ ницæйаг кæмæй нæ зæгъдзынæ, ахæм. О, нырма ныр бамбæрстон, иннæтæ бынтон ницытæ ‘мæ мацытæ кæй уыдысты, уый. Амæн та аргъ нæй, æппæтæй фæрнджындæр, хæларзæрдæдæр, арфæйагдæр, табуйагдæр у. Уый нæ ахоны, фынтæ кæм нæй, ахæм æнусон дунемæ, нæ зонд, нæ уд, нæ буар нын хъизæмарæй чи фæмары, уыцы утæхсæнтæй, рисæй, мастæй, худинагæй нæ чи бахизы. Курын дæ, кувын дæм: ратт мын æй! Бастадтæн, мæ фæллад суадзын мæ фæнды.

## V

Зæд æрбатахт æмæ та йемæ æрбахаста цыппар лæвары, фæлæ се ‘хсæн Мæлæт нæ разынд. Æмæ зæд загъта:

— Уыцы лæвар æз дзидзидай сабийæн радтон, мады чысыл хурæн. Уый ницыма æмбæрста æмæ лæвар ракæнын мæныл бауæндыди. Ды та, цы дæ хъуыд, уый дæхæдæг æвзæрстай.

— О, цæй æнамонд дæн, цæй æнамонд! Уæдæ ма мын а дунейыл цы баззади?

— Суанг цыфыддæр знагæн дæр зæрдæ кæй нæ зæгъдзæн, уый — Зæрондыбонтæ!

# МАРК ТВЕНЫ БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

* * *

Амонд алкæмæн дæр йæ царды бонты йæ дуар иу хатт уæддæр бахойы, фæлæ уыцы сахат бирæтæ сæндæтты фæбадынц æмæ дуары хост, ай-гъай, нæ фехъусынц.

* * *

Хынджылæг кæнынмæ æмхиц чи у, уыдонæн суанг сæ ницæйагдæртæ, се ’дылыдæртæ дæр цыфæнды хорз, анæаипп удысконды дæр бабын кæндзысты. Райсæм мæнæ хæрæг. Йæ уаг, йæ миниуджытæм ын аипп зын æрхæссæн у, зондæй та ахæм у, æмæ иннæ цæрæгойтæ йæ разы рыг дæр нæ калынц, Фæлæ йыл фыдæй-фыртмæ былысчъилтæ кæй чынди, худгæ йыл кæй кодтой, уый йæ цæмæ ’ртардта, уымæ-ма бакæсут.

Хæрæг нæ куы рахонынц, уæд-иу хъуамæ нæхицæй ныббуц

уаиккам, мах та мæстæй ссудзæм, йе та тæргай фæвæййæм.

* * *

Хуыцау æдылыты æмæ сабиты хъахъхъæны. Афтæ нын дзуры фыдæлты æмбисонд. Уый иттæг раст у. Æз æй бæлвырдæй зонын, уымæн æмæ йæ мæхиуыл бавзæрстон.

* * *

Уымæн йе 'дылыдзинад афтæ дæрдтыл æххæссы, æмæ йæ зæххы къорийыл цыппар хатты æртух, уæд ма дзы балхыскъ кæныны фаг дæр баззаид.

* * *

Адæм иууылдæр хъæздыг куы уаиккой, уæд иууылдæр мæгуыр уаиккой.

* * *

Банкир ахæм адæмы мыггагæй у: хур бон дын зонт ратдзæни, стæй куыддæр уарын райдайа, афтæ дын æй байсдзæни.

* * *

Афæдзы размæ дæр ма æз æгъдауыл хæст, хæрзгæнæг уыдтæн. Ныр та? Нью-Йоркаг царды нывтæ, æгъдæуттæ куы федтон, уæд ма мæм æфсарм цас аззад, уый зонут? Миллионермæ цас ис, раст уый бæрц.

* * *

Гæды тæвд къæйыл иу хатт куы 'рбада, уæд æм дыккаг хатт æввахс дæр нал бацæудзæн — æмæ раст бакæндзæни. О, фæлæ уазал къæйыл дæр нал æрбаддзæн.

* * *

Куы смæсты уай, уæд цыппары онг анымай. Тынг куы смæсты уай, уæд та æлгъитгæ ракæн.

* * *

Иу гуырысхойаг æппæлдмæ байхъусынæй дæс уайдзæфмæ байхъусын æнцондæр у.

* * *

Тамако ныууадзынæй æнцондæр хъуыддаг нæй, — æз æй дæс æмæ ссæдз хатты ныууагътон.

* * *

Марк Твен нæ уарзта, йæ пунктуаци йын-иу кæй рæстытæ кодтой, уый. Йæ иу ахæм растгонд къухфыст куы каст, уæд афтæ загъта:

— Хуыцау æппæты фыццаг адæмы сфæлдыста, уый фæстæ — бынтон сæрхъæнты. Боныфæстагмæ йæм фæлтæрддзинад фæзынд æмæ уæд та корректорты сфæлдыста.

* * *

Хуыцау цы сфæлдыста, уыдонæй æппæты уæздандæр чи у. — Адæймаг.

Ахæм хъуыдымæ чи ‘рцыдис? — Адæймаг.

* * *

Адæймаджы сфæлдисын — хорз æмæ оригиналон хъуыды уыди. Фæлæ ма уый фæстæ фыс фæлдисын цæмæн хъуыди — куы ницы хъауджыдæр сæ ис?

* * *

Адæймаджы адæймаг куы сфæлдыстаид, уæд æм худинаг æркастаид, ай бынтон ницæйаг куыстытæ куы бакодтон, зæгъгæ.

* * *

Мах рæстæджы æррадæттæм тæрæн ис æрмæстдæр зондæй æххæст, æнæниз адæмы. Æрраты уырдæм ласын куы райдайат, уæд ма уæ бирæ бæстыхæйттæ аразын бахъæудзæн, æмæ уæм æрмæг фаг нæ разындзæни.

* * *

Бурдзалыг лæг бæрзонд бынат куы фæахсы, уæд æй «сызгъæрин цокораджын» фæхонынц.

* * *

Адæймаг дарæсæй фидауы. Мадард бæгънæг адæймæгтæ цардьı тынг нæ ахадынц, растдæр зæгъгæйæ та — ницы ахадынц.

* * *

Дуне афтæ арæзт у, æмæ адæймаг иу хъуыддагæй куы сæдыхст вæййы, уæд иннæ хъуыддаг йæ уæлхъус алæууы.

* * *

Ацы адæймаг зындгонд у æрмæстдæр иу хъуыддагæй: ахæстоны кæй нæ бадт, уымæй, фæлæ цæуылнæ бадт, уый ничи зоны.

* * *

Зæххы уæлцъарыл ацы адæймаг æппындæр ницы пайда хæссы; ай хъуамæ зæххы бын уа — цæмæй къабускайы разæнгард кæна.

* * *

— Ау, гаремы кой никуы фехъуыстай? Солæман-паддзахмæ дæр уыди гарем. Йæ устыты нымæц та милуанмæ схæццæ.

— Хæрзаг йæ сывæллæтты хъæр-хъæлæбайæ хъустæ къуырма кодтой. Уæдæ йæ устытæ дæр æнæ загъдгæнгæ кæм уыдаиккой, æвæццæгæн, сæ хъæрахст арвы бын нæ цыди. Афтæмæй Солæманæй цытæ дзурынц — дун-дунетыл, дам, уымæй зондджындæр нæ уыд! Мæн уыдæттæ никуы бауырндзысты. Зондджын лæг ахæм æррадоны куыд хъуамæ цæра! Зондджын лæг хъуамæ бавдæла æмæ сараза агтæгæнæн завод. Æнцад-æнцойæ цæрын æй куы бафæнда, уæд та ногæй бавдæлæд æмæ уыцы завод сæхгæнæд.

* * *

Нельсон дæс мин æхсæнкъæй фæтарстаид, фæлæ иу æхсæнкъ дæс мин Нельсонæй нæ фæтарстаид.

* * *

Оптимист: Никуыйы бæстæйæ Ницыйы бæстæмæ амондагур чи цæуы, уыцы адæймаг.

* * *

Æрыгон пессимистмæ кæсынæй æнкъарддæр ныв нæй, зæронд оптимисты куы нæ нымайай, уæд.

* * *

Цыппæрдæс азы мыл куы цыд, уæд мæ фыд ахæм æнæзонд уыд, æмæ йæм зынтæй фæрæзтон кæсын. Фæлæ мыл иу æмæ ссæдз азы куы сæххæст, уæд дисæй амардтæн — авд азмæ,

зæгъын, мæ фыд афтæ зонджын куыд ысси!

* * *

Ærыгондæр ма куы уыдтæн, уæд мæ зæрдыл лæууыд алцы дæр — цы уыд, уый дæр æмæ, цы нæ уыд, уый дæр. Ныр зæронд кæнын байдыдтон æмæ ма рæхджы мæ зæрдыл дардзынæн, цы нæ уыд, æрмæст уыдæттæ.

* * *

Ай æнæмæнг президент уыдзæни. Кæд æй уый агъоммæ не ‘рцауындзой, уæд.

* * *

Хорз лæг, дæ цæстытыл ма ауайын кæн, цыма зондæй цух дæ. Ныр та дæ цæстытыл ауайын кæн, цыма конгрессмен дæ. Уæвгæ уыцы иу хъуыды дыууæ хатты цы дзурын?

* * *

Хæстон министр фæстауæрц кæнынмæ афтæ дæсны у, æмæ йæм афæдзмæ дыууадæс мин доллæры æрæмбырд, афтæмæй йæ мызд аст мины йеддæмæ нæу.

* * *

Дыууæ æрыгон къæрныхы Твены хæдзарæй æвзист уидгуытæ-йедтæ адавтой. Фæлæ сæ уайтагъд æрцахстой. Пъæлицæйы хæдзары сын Твен афтæ бафæдзæхста:

— Лæппутæ, уе ‘дылы зондæй уыл цы бæллæх æрцыд, уымæ-ма кæсут: Бриджпорты ахæстоны фæбаддзыстут, уырдыгæй та уæ фæндаг комкоммæ Иугонд Штатты сенатмæ у. Цыбыр дзырдæй, хорз фидæнмæ ма ‘нхъæлмæ кæсут.

* * *

Æппæт политикон партитæ дæр боныфæстагмæ амæлынц — сæ мæнг ныхæсты малы фæхуыдуг вæййынц.

* * *

Рæстдзинады аккаг чи нæу, уыдонæн рæстдзинад макуы дзур.

* * *

Иудадзыг рæстытæ чи дзуры, ахæм адæймагимæ фæцæрын никæй бон бауид. Хуыцауæй разы: махæй иуæн дæр ахæм хъуыддагæй тас нæу.

* * *

Цы хæзнатæ нæм ис, уыдонæн сæ ахсджиагдæр у рæстдзинад. Уæдæ йæ хардз кæнæм, фæстауæрц кæнгæйæ.

* * *

Нæлгоймаг дын афтæ куы дзура, мæ хæдзары æз хицау дæн, зæгъгæ, уæд æй зон: уый иннæ хæттыты дæр сайгæ фæкæны.

* * *

Фыдæлтæй ахæм ныхас баззади: «Сабитæ æмæ æдылытæ æдзухдæр рæстытæ фæдзурынц». Цæвиттон, стыртæ æмæ зонджынтæ раст никуы фæдзурынц.

* * *

Индийы дыууæ милуан хуыцауы ис, æмæ се ‘ппæтмæ дæр куывдæуы. Иннæ бæстæтæ динтæй афтæ мæгуыр сты, æмæ сын сæмпæрчъитæ схонæн ис. Инди та миллионер у.

* * *

«Райсом раджы чи фесты, уымæн Хуыцау дæтты». Ацы æнæсæрфат æмбисонд хорз зондыл нæ ардауы. Иу зонгæ мын уыд. Сфæнд кодта æмбисондмæ гæсгæ цæрын. Боныцъæхтыл сыстад, æмæ йæ бæх зæвæтæй ныццавта.

* * *

«Раджы чи феста, уымæ хъарутæ, æхцатæ æмæ зонд æрбафтдзæни». Зонд æм куы ‘рбафта, уæд та раджы нал ыстдзæни.

* * *

Кувгæ-кувын сайгæ ничи кæны.

* * *

Стыр фыссæг дæ, зæгъгæ мæ куы загътой, уæд æрæнкъард дæн. Стыр фысджытæ мæлгæ кæнынц. Чосер амарди, Спенсер амарди, Мильтон амарди, Шекспир амарди, уæдæ æз дæр бын-

тон æнæниз нал дæн.

* * *

Хæрзгæнæг у, æмæ зыбыты иунæгæй баззайдзынæ.

* * *

Райсоммæ ма ‘ргъæв, иннæбон скæнæн цæмæн уа, уый.

* * *

1 АПРЕЛЬ. Афæдзы æртæсæдæ æхсай цыппар боны дæргъы цы стæм, уый нын апрелы фыццæгæм бон нæ зæрдыл æрлæууын чындæуы.

* * *

Дарæс куы райгуырд, уæд хæдæфсармдзинад амард.

* * *

Цæмæй дæ ныфс бацæуа, уый тыххæй искæмæн ныфсытæ авæр.

* * *

Мæ литературон хъысмæт æмбисонды цымыдисаг у. Мæ дæлгоммæ ныхæстæ уыйас гæды никуы уыдысты, æмæ сыл ма бауувæндой. Уыйхыгъд, мæ раст ныхæстæ æппындæр никæй уырныдтой.

* * *

Радтой мын Кадджын легионы орден. Æцæг, искуы-иутæй фæстæмæ йæхи никуыма ничи бахызта уыцы хæрзиуæг райсыны бæллæхæй.

* * *

Мæ чингуытæ дон сты, зындгонд гениты чингуытæ та — сæн. Дон алчи дæр нуазы.

* * *

Æцæг хæлар дæ уæлхъус æрбалæудзæни, раст куы нæ уай, уæд. Раст куы уай, уæд та чифæнды дæр уыдзæни дæ фарсмæ.

* * *

Æхцахъуаг куы уай, уæд-иу дæхи бакъул кæн æцæгæлонмæ, уынаффæхъуаг куы уай, уæд — дæ хæлармæ, куы ницы хъуаг уай, уæд та-иу бацу хионмæ.

* * *

Дæ фыдгул æмæ дæ хæлар æмвæндæй архайынц, цæмæй сæ цæф дæ тæккæ зæрдæсæр сæмбæла: сæ иу дæ фыдгой кæны, иннæ та дын уый ныхæстæ фæзмы.

* * *

Цæрæгойтæй æрмæстдæр адæймаджы цæсгом зоны сырх кæнын, æмæ йын уымæн æфсæнттæ дæр ис.

## МАРК ТВЕНЫ ЦАРДÆЙ ХИЦÆН ЦАУТÆ

* * *

Марк Твеныл иу провинциалон комик уынджы амбæлд æмæ йын афтæ:

— Иу курдиат мæм ис дæумæ. Тынг æхсызгон мæ хъæуынц æхсæз хъæлдзæг хабары. Ма мын сæ бавгъау кæн, æмæ дын фондз доллæры ратдзынæн.

— Бахатыр кæн, æфсымæр, — дзуапп ын радта Твен, — фæлæ хъуыддагæй ницы рауайдзæни.

— Цæуылнæ?

— Цæуылнæ, куы зæгъай, уæд æз зыбыты мæгуыр дæн. Мæ дзыппы мын фондз доллæры куы ссарой, уæд ныффæрск уыдзысты, давгæ сæ акодтай, зæгъгæ. Иннæмæй та, дæумæ фондз хъæлдзæг хабары куы ссарой, уæд дæу дæр базылын кæндзысты, давæг дæ, зæгъгæ.

* * *

Иу хатт Марк Твен бахауди хъæздыг бинонтæм. Дзаг фынджы уæлхъус адæммæ рауади ныхас дзæнæт æмæ зындоны тыххæй, стæй йæ мæлæты фæстæ чи кæдæм бахаудзæн, уыдæттыл. Марк Твены дзыхæй иу дзырд дæр не схауди.

— Ды цæуылнæ исты дзурыс? — бафарста йæ æфсин.

Твен ын уыцы зæрдиагæй дзуапп радта:

— Мадам, ныббар мын. Æгъдау мæ æрцахста æмæ хъуамæ

цы дзурон? Хъуыддаг афтæ у, æмæ мын дзæнæты дæр æмæ зындоны дæр бирæ хæлæрттæ ис.

* * *

Лондоны Твен бадтис, университеты профессортæ кæй скодтой, ахæм куывды. Иу афон чидæр ракъахта ныхас: цымæ уæддæр Шекспиры пьесæтæ чи ныффыста — Шекспир æви Фрэнсис Бэкон. Фæстагмæ Марк Твены дæр бафарстой, ды та куыд хъуыды кæныс, зæгъгæ.

— Мæ бон уын дзуапп раттын нæма у, цалынмæ дзæнæтмæ бахауон æмæ Шекспирæн йæхи бафæрсон, уæдмæ, — загъта фыссæг.

Уæд Бэконы фарсхæцджытæй иу афтæ:

— Тæрсын, мистер, Шекспиры дзæнæты куы не ссарай, уымæй.

— Гъемæ йæ уæд та ды бафæрсдзынæ, — ныхас балхынцъ кодта Марк Твен.

* * *

Иу банкирæн уыд авджын цæст, сарæзта йын æй парижаг дæсны. Банкир уыцы цæстæй афтæ буц уыд, æмæ Твенæн бакой кодта, куы, дам, базонай, æвæргæ цæст кæцы у, уый уæд, дам, дын фондз мин доллæры ратдзынæн.

— Æмæ уый цас базонинаг у? — æвиппайды дзуапп радта Твен. — Дæ галиу цæст. Адæймаджы миниуджытæ æрмæстдæр уырдыгæй зыны.

* * *

Твен ахæм хабар ракодта.

Æмбисæхсæв райхъал дæн. Дыууæ сахаты бæрц фæудхар кодтон, стæй сыстадтæн. Зыбыты талынг уаты мæ дарæс агурын райдыдтон, гæдыйау æнæуынæрæй цыдтæн, афтæмæй: тарстæн, мæ цардæмбал Ливийы куы райхъал кæнон, уымæй. Иу цъындайæ фæстæмæ æппæт дзаумæттæ дæр ссардтон. Мæ цыппæртыл рабыр-бабыр кæнын цъындаагурæг. Сахаты 'рдæджы фæстæ йыл фæхæст дæн. Фырцинæй уайсахат мæ къæхтыл алæууыдтæн æмæ доны дурын æмæ, æхсæнтæдон кæм уыд, уыцы тас афæлдæхтон. Ливи фесхъиудта, йæ удаист хъæр райхъуысти:

— Чи дæ? Цы хабар у?

Æз ын загътон:

— Ницы хабар. Мæ цъындайыл цуан кодтон.

Уый мæ афарста:

— Æмæ йæ амардтай?

* * *

Твен-иу арæх фыста сынтæджы хуысгæйæ. Гъемæ йæ иу хатт ахæм уавæры æрбаййæфта йæ ус æмæ йын фехъусын кодта, цы репортеры, дам, хуыдтай, уый дæм æрбацыди.

— Хуыссæны дæ куы ‘рбаййафа, уæд аив нæу, — загъта ус.

— Кæд дæм, Ливи, аив нæ кæсы, уæд уымæн дæр уæртæ уым бауат кæн, — иннæ сынтæгмæ бацамыдта Твен.

* * *

Иу хатт Твен бацыди Нью-Йорчы чингуыты стырдæр дуканитæй иумæ.

— Марк Твены фæстагдæр чиныг мæ хъæуы, — дзуры уæйгæнæгмæ.

Уæйгæнæг хъуыдытыл фæци:

— Марк Твен? Ахæм нæ зонын. Æмæ кæцы театры хъазы?

Ацы хабар-иу йе ‘мбæлттæн дзургæйæ Твен афтæ:

— Хуыцауæй разы, Нью-Йорчы иу ахæм адæймаг разынди, мæн чи нæ зоны.

* * *

1910 азы 3 апрелы, хуыцаубоны, Твен райста ахæм телеграммæ:

«Марк Твенмæ, Гамильтон, Бермудтæ. Цирчы клоунтæ *Барнем æмæ Бейли* дæу нымайынц дунейы тæккæ номдзыддæр юмористыл æмæ сын æхсызгон уыдзæни, хуыцаубоны, 3 апрелы сæм дыууæ сахатыл Мэдисон-сквер-гарденмæ уазæгуаты куы ‘рбацæуай, уæд. Æнхъæлмæ кæсæм дæ дзуапмæ. Фидгæ йын нæхæдæг бакæндзыстæм. *Барнем æмæ Бейли.* (Дæс æмæ дыууиссæдз дзырдæн æхца фыст æрцыди)».

Твен сын дзуапп радта:

«Ивгъуыд къуыри мæ æппындæр нæ равдæлди. Бацæудзынæн уæм уый размæйы къуырийы, кæд разы стут, уæд. *Марк Твен.* (Фондз æмæ ссæдз дзырдæн æхца фыст æрцыди)».

***Хъодзаты Æхсары тæлмацтæ***

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты —*
***Къорнаты Аланы** куыстытæ.*

**Алан райгуырди 1952 азы Дигорайы. Бакасти Мæскуыйы Суриковы номыл институты. У, Краснодары А. В. Суворовæн æмæ чекисттæн цы цыртдзæвæнтæ ис, уыдоны, стæй Бесланы теракты амæддæгты цыртдзæвæн «Фыдохы бæлас», зæгъгæ, уый автор. Фæстаг куысты тыххæй йын 2005 азы саккаг кодтой Уæрæсейы Нывгæнджыты академийы сызгъæрин майдан.**



*Аудæг зæд.*



*Зæд калмимæ.*



*Аудæг зæд.*



*Сынт.*



*Диоген.*



*Зæд калмимæ.*



*Фыды мысгæйæ.*



*Монцы базыртæ.*



*Сыгъдæг Георги.*



*Мæ фыды цалх.*



*Райдайæн.*



Философ.



Сизиф.



Лæг æмæ куыдз.




*Чырыстон лæг.*



*Зæронд лæг.*

# НЕ 'ВЗАГ — НÆ ФАРН

*ЦГЪОЙТЫ Хазби*

## НЕ 'ВЗАГ – НÆ ИСТОРИОН АДРИС

Нæ фыдæлтæй нын хорзæй цы баззад, уыдон сты ирон æвзаг, ирон фарн æмæ æгъдау. Ирон æвзаг нæ фæхицæн кæнын нæ уадзы нæ даргъ æмæ уæрæх, сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы историйæ, нæ ирон фарн ис нæ адæймагуарзоны æмæ нæ рæстдзинады, ирон æгъдау нæ бæтты кæрæдзиуыл. Æртæ дæр стыр ахъаз сты нæ иудзинадæн, фæлæ сæ сæйрагдæр у æвзаг. Мадæлон æвзаг у адæмы фарн æмæ æгъдау иу фæлтæрæй иннæмæ адæттыны сæйрагдæр фæрæз. Æвзаджы хъысмæт у адæмы хъысмæт. Адæмы фидæн баст у йæ æвзаджы фидæнимæ.

Алы нацийæн дæр тулдз бæласау ис уидæгтæ, зæнг æмæ къалиутæ. Уидæгтæ сты йе 'взаг, зæнг — йе 'гъдæуттæ, къалиутæ та — йæ царды мидис. Бæласæн йæ къалиутæ куы ныццæгъдай, фæлæ йæ уидæгтæ хъыгдард куы нæ баййафой, уæд та зæнг ног къалиутæ рауадздзæн; йæ зæнг ын куы алыг кæнай, фæлæ йæ уидæгтæ цардхъомæй куы баззайой, уæд та тау суадздзысты æмæ йын зæнг дæр уыдзæн æмæ къалиутæ дæр. Гъе, фæлæ йын йæ уидæгтæ куы ныллыг кæнай, уæд æрцыд йе сæфт.

Ахæм хъысмæт ис алы адæмыхаттæн дæр: йæ фидæн аразгæ у йæ уидæгтæй — йе 'взаджы цардхъомæй. Æмæ йæ сæфт кæй нæ фæнды, уыцы адæм ацы æцæгдзинад хъуамæ æдзухдæр йæ зæрдыл дара. Афтæ махæн, ирæттæн, дæр уый иудадзыг хъуыдыйаг у. Цæмæй зонгæ-зонын нæхиуыл мæрдырох ма бафтауæм. Мингай азты сæрты нæм нæ хистæр фæлтæрты фæрцы цы рæсугъд æмæ фæрæзджын æвзаджы фарн æрхæццæ, уый мах дæр хъуамæ фидæны фæлтæртæм адæттыныл зæрдиагæй бацархайæм.

Цымæ нæ чи куыд æмбары ацы стырдæр хæс? Цавæр бæрн æнкъарæм йæ разы? Куыд ыл кусæм?

Ивгъуыд æнусы 60-æм æмæ 70-æм азты Цæгат Ирыстоны скъолайы кары фæлтæртæ иуæй-иу сонт политикты фыдæй фæиппæрд сты сæ мадæлон æвзагæй. Уæд стыхджын, «ирон

ӕвзаг Елхотӕй дӕлдӕр никуы хъӕуы, зӕгъгӕ, ахӕм ӕнӕсӕрфат хъуыды, ӕмӕ мадӕлон ӕвзаг скъолайы фӕсдуармӕ баппӕрстой. Уыцы цӕстӕнгас стых хистӕртыл дӕр, ӕмӕ сӕ цотӕй ирон ӕвзаг ахуыр кӕнын нал домдтой. Уый нӕ, фӕлӕ ма сын сӕ уырыссаг кълӕстӕм цӕмӕй раивтаиккой, ууыл дӕр архайдтой. Ӕмӕ уыцы хъуыддаг ӕнцонтӕй сӕ къухы ӕфтыд.

Афтӕмӕй Ирыстоны уӕды фӕлтӕртӕй иутӕн сӕ мадӕлон ӕвзаг ӕцӕгӕлон фестад. Уыдон абон иронау фыссын ӕмӕ кӕсын нӕ, фӕлӕ рӕстмӕ дзурын дӕр нӕ зонынц. Кӕмӕдӕрты дзы фӕсмон ӕрцӕуы, фӕлӕ сӕм тынг зын кӕсы, Ирыстоны цӕргӕйӕ, иронау дзурын, кӕсын, фыссын базонын.

Адӕймаг цал ӕвзаджы зоны, уал лӕджы у, — зӕгъы ирон ӕмбисонд. Уӕд цымӕ ирон адӕмӕй йӕхи ӕвзаг чи ферох кодта, афтӕмӕй уырыссаг дӕр рӕстмӕ чи нӕ базыдта, уыдоны та куыд хонӕм? Ӕрдӕглӕгтӕ?!

«Ӕвзаг зоны?» — афтӕ-иу афарстой нӕ фыдӕлтӕ искӕй хъуыддаджы фӕдыл ӕндӕр адӕммӕ ӕрвитгӕйӕ. Ӕндӕр адӕмты ӕвзӕгтӕ зонын чиныг зонынӕй уӕлдай нӕ уыд нӕ фыдӕлтӕм. Фӕлӕ сӕхи никуы рох кодтой — се 'взагыл-иу уӕлӕхох нӕ систы. Ӕндӕр ӕвзӕгтӕ базонынмӕ тырнын сӕ цард домдта, хи ӕвзагыл иузӕрдион та сӕ туджы уыд. Уымӕ гӕсгӕ искӕй ӕвзаг зон, дӕхи мадӕлон та ма зон, уый сӕм худинаг каст. Ӕмӕ-иу Ирыстонӕй дӕрддзӕф чи цард, уый архайдта йӕ цотмӕ иронау дзурыныл. Рагон бердзенаг мифон хъӕбатыр Антей-иу зын сахаты йӕ мад Зӕхмӕ тыхагур куыд февнӕлдта, афтӕ уыдоны дӕр сӕ Райгуырӕн бӕстӕимӕ, ӕвзаг ӕмӕ ӕгъдӕуттимӕ бастой. Ӕмӕ сӕ цот Ирыстоны, ирон адӕмы кад кӕмфӕнды дӕр ӕмӕ кӕдфӕнды дӕр хастой бӕрзонд. Алы ран дӕр сӕ зыдтой ирӕттӕй, сӕрыстыр, ӕгъдауджын, рӕстаг ӕмӕ рӕдау ирӕттӕй.

Кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, уӕд дӕр уыдис, йӕ нацийы ном нӕ, фӕлӕ йӕхи ном дӕр чи сӕфта, ахӕм ӕнамонд гуырдтӕ. Уырыссаг ӕхсинтӕм мидӕгмоймӕ чи бацыд ӕмӕ ӕхсины лӕгӕй йӕ цард чи тыдта, йӕхи нӕ, фӕлӕ йӕ цоты адӕмыхатты ном дӕр стыр Уӕрӕсейы зӕххыл чи байзӕрста ӕмӕ Фыдыуӕзӕгӕй бынтон чи фӕхаудта, ӕцӕгӕлон бӕстӕйы лакей чи сси, ахӕмтӕ. Ирыстонмӕ ма дзы-иу ӕхст уад чи ӕрбакодта, уыдоныл та сбадт аллайаг ном «уӕрӕседзау». Ахӕмты фӕлгонц бирӕвӕрсыгӕй равдыста Брытъиаты Елбыздыхъо йӕ пьесӕ «Уӕрӕседзау»-ы.

Ныры «уӕрӕседзауты» Уӕрӕсемӕ цӕуын нал хъӕуы. Ирыстоны зӕхх сын ахӕм дзадджын разынд, ӕмӕ, фӕскъӕвда

зокъотæ куыд сбирæ вæййынц, афтæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц. Ирон мад æмæ фыдæй райгуыр, Ирыстоны цæр æмæ дæ мадæлон æвзаг ма зон! Уый кæуинаг хабар у. Кæуинаг у, уыдон та йæ зыгъар галтау сæ ныхтыл хæссынц æмæ уымæй сæхицæй буц сты.

Ирон адæм курдиатджын адæм сты. Абоны онг сæхи хорзæй, фæрæзджынæй, арæхстджынæй цы хъуыддаджы нæма равдыстой, ахæм стæм ис. Зонады, аивады, литературæйы, политикæйы, экономикæйы, техникæйы, спорты. Сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ адæймаджы сæ уæлныхты сисынц. Хатт та æрхуым æмæ мæтъæйлаг хъуыдытыл бафты: «Ау, ахæм æнæзæрдæргъæвд адæм стæм, æмæ, Ирыстоны цæргæйæ, уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ дæ мадæлон æвзаг базонын дæ бон ма уæд!»

Нæ! Ахæмтæ сæ фыдæлты нæ ымайынц, æрмæст сæ пайдайы, къæбæры мæт ис. Æндæр уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ англисаг æвзаг цæмæн ахуыр кæнынц? Немыцаг æмæ францагыл дæр нал æрвæссынц. Бирæ фæфос кæнæн сæ нæй. Ирон æвзаг та сæ кæм бахъæудзæн! Уыдон уырыссагыл дæр раздæрау иузæрдион нал сты, сæ ных сарæзтой англисаг æвзагмæ. О, гормæттæ, уæ кæлæх æмæ кæлддзаг фæндагыл дард нæ ацæудзыстут! Уæ быныхъæр рацæудзæн.

Адæймаг цал æвзаджы зоны, уал лæджы у, фæлæ уыцы æвзæгтыл «æри баппа» йеддæмæ зæгъын куы ницы зона, йæ мадæлон æвзаджы рæсугъддзинадыл абарынæн ын фадат куы нæ дæттой, йæ зæрдæ, йæ зонд ын куы нæ рæвдауой, уæд æй цæмæн хъæуынц? Æвзагзонæг нациты ’хсæн минæвар у, æмæ йæ мадæлон æвзаг чи нæ зоны, уыцы æвзагзонæг кæй минæвар хъуамæ уа? Никæй. Фыццаджыдæр дæ адæмы куы нæ хъæуай, уæд никæй хъæуыс. Ныртæккæ ирон адæмæй бирæтæ архайынц уырыссаг литературæйы исты сахадыныл. Кæддæрты сын æмдзæгъд дæр акæнынц. Фæлæ сæ уацмысты ирон зæрдæ куы нæ уа, уæд цыфæнды уацмыстæ куы ныффыссой, уæддæр сæ Уæрæсейы литературæйы егъау цæугæдон йæ бынмæ аласдзæн, æмæ бирæ уырыссаг ахæм фысджытимæ мæрдырохы амæддаг бауыдзысты. Искæй зæххыл хор тауæн нæй.

Нæ сафæг знаг ис нæхи мидæг, нæ удыхъæды. Не стырдæр бæллæх у, нæхи кæй нæ уарзæм, уый. Уарзгæ нæ алчи дæр йæхи тынг кæны. Алчи дæр нæ йæхицæй лæгдæр бынаты никæй æвæры. Уый фыдæй нæ хуыздæртæн сæ хорз хъуыддæгтæ

нæхи æнæуынæг скæнæм æмæ сæм агурын райдайæм аиппытæ. Исчи сæ истæмæй куы фæрæдийы, уæд ныл стыр хорз хабар цыма æрцыд, уыйау æй цъиутау уасæм.

Æвзæрæй цы кæнæм, уый — нæхицæн. Нæхи нæхæдæг цæсты æфтауæм иннæ адæмты раз, нæ хорзæй хорз зæгъынмæ нæ тырнæм. Афтæмæй та нæм диссаджы æмбисонд ис: «Дæ куыдзы куыд хонай, хъæубæстæ дæр — афтæ». Йæхи чи нæ уарзы, уый искæй дæр нæ уарзы. Уæдæ ма æркæсæм, нæхи, ома, иумæйаг нын цы у, иу адæмыл нæ цы миниуджытæй нымайынц, ирон цæмæй стæм, уыдон куыд уарзæм.

Нæ республикæйы иннæ адæмтæй чи цæры, уыдоны цур адæймаджы цæсгом фырæфсæрмæй ссудзы, ирон, Ирыстоны цæргæйæ, иронау дзурын дæр куы нæ фæзоны, уæд. Уæд цымæ ахæм иронæн йæхиуыл цæсгом нæй?

Иронæн хион цæсты нæ ахады. Æндæр Советон Цæдисы цæрæг адæмтæ цыфыддæры зыгъуыммæ рацарæзты рæстæг сæхи уайтагъд куыд æрæмбæрстой. Се 'взагимæ сæхиуыл уæлæмæ схæцыдысты. Мах та «уæрæседзаутæй» баззадыстæм. Ирон æвзаджы тыххæй махмæ дæр паддзахадон закъоны проект фыст æрцыд иу 18 азы размæ. Æмæ йæ сфидар кæныны тыххæй абон дæр ма рахxе-бахxе кæнæм. Иумæ нæ не 'мбырд кæны арфæйы дзырд. Уымæн æмæ арфæйы дзырд никæмæй цæуы. Цы пайда йын ратдзæн? Уæлдайдæр бæрнон бынаты чи бады, афтæмæй йæхæдæг, стæй йæ цот дæр иронау кæмæн нæ зонынц, уымæн? Уыдзæн сын къуырцдзæвæн, æмæ фæлтау йæхæдæг къуырцдзæвæн æвæры закъонæн.

Мах йеддæмæ, æвæццæгæн, никæцы адæм ис, æппынæдзухæй йе 'гъдæуттыл цъыф чи калы. Ницы нын бæззы. Растдæр зæгъгæйæ, бæрнон бынатмæ чи бахауы, уый пехуымпар фесты æмæ ирон адæмы æгъдæуттæ змæнтæг свæййы. Ирон лæг, цины, зианы афтæ кæн, уфтæ ма кæн! Суанг ма Хетæджы Уастырджийы боны тыххæй дæр указ рауагътам, Уастырджийæн йæхи нæ бафæрсгæйæ. Хуыцауы разæй йæ Иры зæхмæ кæд ратæхын хъæуы, уый йын нæхæдæг бацамыдтам. Æмæ алы аз дæр ирон адæм схæццæ-мæццæ вæййынц, кæд бæрæггæнгæ у, зæгъгæ. Уымæн æмæ указы амынд хуыцаубонмæ фылдæр хатт нæ фæцæуы. Кæдмæ йæ бацамонон, зæгъгæ, сдыгъуырццæг вæййын æз дæр Ирон къалиндар аразгæйæ. Æмæ указ фæуæлахиз вæййы.

Ирон æгъдæуттæ раст Къостайы Хъуыбадыйау æййафынц уысмæн над. Цы советон дуджы, цы ныры рæстæг. Уымæй сæм

уæд иу хуызы фаутæ хастой, ныр та — æндæр хуызы.

Кæддæр нæ республикæйы партион разамынды идеолог та ирон адæмы истори нымайын кодта 1917 азæй. Æмæ уæлдæфы ауыгъдæй аззадысты нæ историкты куыстытæ. Ай цы у, зæгъгæ, адæм фарстой кæрæдзи, 1917 азы уæларвæй æрхаудтам? Афтæмæй та алы адæм дæр тырны йæ фыдæлты историмæ арфдæр ныккæсынмæ. Уымæн хорз дæнцæг — уырыс. Карамзин сын цы истори ныффыста, уый. Уæдæ рагон бердзенты диссаджы истори Гомеры æмæ æндæр ахæм уацмыстыл куы æнцой кæны, уæд мах Нарты кадджытæм æрмæст адæмон сфæлдыстады цæстæй цæмæн кæсæм? Нæ алæмæты истори дæр дзы куы ис, стæй нæ удварн æмæ нæ рæсугъд æгъдæуттæ дæр...

Даргъ æмæ уæрæх быдыртæ, темæтæ. Фæлæ сæм зивæджы фыдæй стæмтæй фæстæмæ арф ничи æвналы. Бирæтæ дзы рæстмæ нæ зонынц сæ мадæлон æвзаг, æрвылбон сæ кæимæ кусын хъæуы, уый. Уымæн æмæ сын æй нæ бауарзын кодтой хæдзары сæ ныйыарджытæ, скъолайы — ахуыргæнджытæ. Къух ыл ауыгътой сæхæдæг дæр, ирон æвзаджы урок сын сси «родной — пустой». Æвзаг нæ зонгæйæ та зын раиртасæн у адæмы истори.

Адæмы истори фыццаджыдæр æнцой кæны йе 'взагыл, йæ æгъдæуттæ æмæ адæмон сфæлдыстадыл. Уый иттæг хорз зыдтой, иннæ адæмтæй нæ истори зæрдиагæй раиртасынмæ чидæриддæр æрæвнæлдта, уыцы ахуыргæндтæ. Æмæ дзы алчи дæр раздæр базыдта ирон æвзаг, стæй уырдыгæй йæ фæндаг акодта дарддæр. Зындгонд францаг ахуыргонд Ж. Дюмезиль та Нарты кадджыты æмæ ирон адæмон сфæлдыстады иннæ ног рауагъд чингуытæм Ирыстонмæ æрвыста Парижæй. Æмæ сæ каст иронау.

* * *

Афæстаг рæстæг тыхмийы азарæй сæйы ирон æвзаг. Ирон адæмæй йæ мадæлон æвзагыл хъуыды кæнын чи нал зоны, уыдон иронау дзургæйæ æмæ фысгæйæ хъуыды кæнынц æндæр æвзæгтыл. Æмæ сæ ныхас, фыст уайы комкоммæ тæлмац. Уый зынын райдыдта нæ радио æмæ телеуынæны ныхасы хъæдыл, суанг «Рæстдзинад»-ы æрмæджытыл дæр. Афтæмæй ирон æвзагæн сæфы йæ æрдзон миниуæг, хылы-мылы кæнынц йæ мидæууæлтæ, кайынц ын йæ миддомæнтæ, æмæ хæлы йæ æрдзон хуыз.

Куыдфæндыйы цæстæнгас, дам, зæрдæниз у. Ис нæм йæ ныхасы уагмæ, йæ фысты хъæдмæ куыдфæндыйæ чи кæсы, ахæмтæ

дæр. Уæлдайдæр ирон интеллигенцийæ. Уыдон ронбæгъды фыдæй дзырдты мидис ныггæлиртæ вæййы нæ периодикон мыхуыры. Уый хæцгæ низау бахæццæ Ирон театрмæ дæр.

Мадæлон æвзагыл раст ныхас рæзгæ фæлтæр хæдзары сæ ныййарджытæй æмæ æхсæнады куы нæ хъусой, уæд сын æй никæцы скъола бауарзын кæндзæн æмæ, йæ куыд æмбæлы, афтæ никуы банкъардзысты, базондзысты. Æвзаг цæугæдонæй уæлдай нæу, йæ гуылфæнтæ, йæ рæсуг æмæ рæсугъд гæнæнтæ баст сты царды æппæт къабæзтимæ.

Афтæмæй ныры дуджы иуæй-иу ирæттæ сæ мыггаг иронау ныффыссын нæ, фæлæ зæгъын дæр нæ фæразынц. Уырыссагау кæддæр афтæ фыст цæмæн æрцыд, уый дæр нæ фæзонынц, афтæмæй йæ тæлмац кæнынмæ фæвæййынц. Куыд зонут, афтæмæй та бирæ ирон мыггæгтæ уырыссагмæ ивдæй сæ бындуртæ дæр аивтой, Суанг ма цалдæргай мыггæгтæ дæр уырыссагау райстой иу хуыз. Зæгъæм, Абайтæ æмæ Æбатæ уырыссагау сты Абаевтæ, Токатæ æмæ Тохъайтæ — Токаевтæ, Томайтæ æмæ Томатæ — Томаевтæ, Такъæтæ æмæ Такатæ – Такаевтæ, Хъоцтæ, Хъоцытæ, Костæ æмæ Кочитæ — Кочиевтæ. Æмæ афтæ дарддæр. Ныр æй кæстæртæ, йæ мыггаг иронау зæгъынмæ дæр чи нæ арæхсы, уыдон иннæмæй куыд хъуамæ рахицæн кæной?

Адæмы историмæ биноныг цæстæй куы 'ркæсæм, уæд Советон Цæдисы, стæй ныры Уæрæсейы дæр æппæты рагондæр адæмтæй иу сты ирæттæ, кæд æппæты рагондæр нæ, уæд. Уый ныл абон уæлдай хæстæ æвæры, афтæмæй ма нæ ном, не 'взаг æмæ не 'гъдæуттæ дæр сафæм. Кæддæр уырыс Ирыстоны зæхмæ æфтын куы райдыдтой, ирон адæмимæ куы зонгæ кодтой, уæд сæ тынгдæр зыдтой нæмттæй. Фæлæ сæ хъуыддаджы гæххæттыты фыссын куы бахъуыд, уæд-иу сæ мыггагæй дæр æрфарстой. Æмæ куыд æнхъæл стут, куыд сæ фыстой? Иронау куыд хъуысынц, афтæ. Сæ фембæлд фыццаджы-фыццагдæр цыдис Дзæуджыхъæуы æмæ Арвыкомы, ома тæгиатимæ æмæ архивон гæххæттыты Дудараты уырыссагау фыст сты Дударатæ, Хъаныхъуатæ — Канукатa, Мамсыратæ — Мамсурата, Быгъуылтæ — Бугулта, Хæблиатæ — Хаблиата. Зæгъæм, Беслан Тлататай, Хабос Канукатай, Хъазыбегты сæнайаг æлдар та баззад «князь Казбек»-æй. Сæнайы урс цъитийæн дæр ма уый тыххæй радтой ном Казбек æмæ æндæр æвзæгты афтæмæй ныффидар. Иронау ма йæ Чырыстийы цъупп дæр хонынц. Ахæм ном ын дингæнджытæ радтой. Йе 'нусон ирон ном та у Сæнайы хох. Æмæ ма

йæ уыцы номæй чи зоны? Стæмтæ.

Афтæ мæрдырох æфтауæм бынæтты нæмттыл дæр. Кæддæр, уырыссаг лæг Ирыстоны зæххыл йæ къах куы æрæвæрдта æмæ хæхтыл йæ цæст куы ахаста, уæд æм Дзæуджыхъæуы сæрмæ Мады хохы риу фынджы хуызæн фæкаст æмæ йæ сонтæй рахуыдта Столовая гора. Фæстæдæр, æвæццæгæн, йæ мады ном иронау зæгъын дæр йæ сæрмæ чи нал хæссы, ахæмтæ уымæй фæпайда кодтой æмæ Мады хох уырыссагæй тæлмацгондæй хонын райдыдтой Фынджы хох. Афтæ нæ горæты сæрмæ галиуфарсы бæрзонд, уæлдæфон фæндаг æрдæг арæзтæй кæдæм баззад, уыцы хох Гæбысы хъæбыс дæр ссис Гæмæх хох. Уырыссæгтæй йæ чидæр Лысая гора кæй рахуыдта, уый тыххæй. Уæдæ Æрхоны цæугæдонæй цы зæгъут «Черная речка» йыл афтæ ныффидар, æмæ йын джызæйлæгтæй дæр ма чидæртæ йе 'цæг ном ферох кодтой.

Арвыком дзурын дæр нал зонæм. Æмæ йæ ахуырдзау фæлтæр уырыссагæй иронмæ тæлмац кæнынц Хæстон гуырдзиаг фæндаг (Военно-Грузинская дорога). Дæргъæвсы зæппæдзтæ нын агæпп ластой Мæрдты горæтæй. Уымæн æмæ уырыссагау у Мертвый город. Арыхъхъы рæгътæ — Сунжæйы рæгътæ. Æрæджы ма телеуынæны Æрджынарæг дæр «Елхоты дуæрттæ» рахуыдтой. Ома, уырыссагау Эльхотовские ворота зæгъæн куы ис, уæд иронау нæ фидауы?!

Афтæ куы ахæсса, уæд нæ фæстæ мысты фæд дæр нæ ныууадздзыстæм. Намæ фыдвæдæй æвæд хуыздæр у. Фыдвæды ном та махæй хуыздæр никæуыл бады. Кæддæры, мингай азты размæ Евразийы хуссаргæрæтты цæрæг ирайнаг адæмты — скифты, сæрмæтты, аланты — нæ рагфыдæлтæ куы хонæм, уæд сын фæдонтæн цæуылнæ бæззæм? Уыдон сæ быдыртыл, горæттæ æмæ цæугæдæттыл цы нæмттæ сæвæрдтой: Дунай, Днепр, Прут, Днестр, Дон, Пантакапия æмæ æндæртæ нæдæр грекъаг æвзаджы бын фесты, нæдæр — уырыссаджы. Мах та нæхæдæг хæццæ-мæццæ кæнæм нæ цæугæдæтты, бынæтты нæмттæ.

Махæн, ирон адæмæн, ныры нæрæмон дуджы нæ размæ лæууы бирæ ахсджиаг фарстатæ. Фæлæ сæ ахсджиагдæртæ, историон цæлхъыты рæстæг цæмæй æвыдæй баззайæм, уымæн стыр ахъаз чи у, уыдон сты: ирон æвзаг бахъахъхъæнын, нæ адæмы нымæц фылдæр кæнын æмæ нæ æрдзы сыгъдæгдзинадыл кусын. Æвзаг бахъахъхъæнын у сæйрагдæр. Фыццаг бынаты дæр уымæн æвæрд ис. Уый махæн у нæ историон адрис, æмæ йæ куы фесафæм,

уæд сæфы нæ истори. Æнæистори адæм та дзæгъæл сывæллонæй уæлдай нæу, алкæмæ дæр хæлæггæнгæ, сæркъулæй кæсы. Хуыцау нæ уыцы уагæй бахизæд! Йæ хорзæх нæ уæд, фæлæ нæхи дæр базмæлын хъæуы. Гъе уымæ гæсгæ мах дæр куырдтам, 2009 аз Ирыстоны ирон æвзаджы азыл нымад куы æрцыдаид, уый. Æхсызгон у Къостайы номимæ йæ кæй бабастой. Къостайау нæ, бæргæ, алчи дæр куы риссид не 'взаджы хъысмæтыл. Цы æвæджиау уацмыстæ йыл сфæлдыста, уыдон ын сты уды, цæрæнбоны хос.

2007 аз Уæрæсейы Федерацийы уæды Президент В. В. Путины уынаффæмæ гæсгæ банымадтой Уырыссаг æвзаджы азыл, æмæ афæдзы дæргъы уырыссаг æвзаг хуыздæр базоныны хъуыддагмæ цыд хуыздæр цæстдард. Æрмæст бæстæйы æппæт регионты нæ, фæлæ хæстæг, стæй дард фæсарæйнаг бæстæты дæр. 2008 аз та ноябры Санкт-Петербургмæ æрæмбырд сты, дунейы алы бæстæты уырыссагау чи дзуры, стæй йæ иннæ нацитæй чи ахуыр кæны, уыдоны минæвæрттæ. Уыцы егъау конгрессмæ уазджытæ фæхуыдтой Хуссар Ирыстонæй дæр, куыд фæсарæйнаг ног паддзахады минæвæрттæ. Петербурджы егъау æмбырды уырыссаг æвзаджы хъысмæтыл, фылдæр адæмы йæм æрæмхиц кæныны, йæ рæзты æмæ фидæны фарстатыл ныхас кодтой Австри æмæ Азийы, Африкæ æмæ Европæйы, Уæрæсе æмæ Америчы бæстæты цæрæг уырыссаг дзыхæй дзурæг адæмы минæвæрттæ.

Ахæм хорз фæрæзтæй, мадзæлттæй, гæнæнтæй пайда кæнынц, се 'взаг дунейыл уæрæх кæмæн æнхъæвзы, уыцы стыр уырыс. Уыдон дæр ма йын цæмæйдæр куы тæрсынц æмæ йæ хъысмæтыл куы аудынц биræвæрсыгæй. Уæд мах, ирæттæ, уадзыг стæм, æви фынæй? Нæ мадæлон æвзаг нæ цæсты раз цæуы фæцу æмæ ма 'рцуйы фæндагыл. Ирыстоны дæр ыл ирæттæ сæхи атигъ кодтой. Дард бæстæты: Германы, Францы, Канадæ æмæ иннæты ахуыргæндтæ нæм сидынц бахъахъхъæнут æй, зæгъгæ. Хуыцауы лæвар уын у, æмæ Хуыцауы хæрзиуæг уæ къахы фындзæй ма акъуырут. Фæлæ нæм сæ сидт нæ хъары. ЮНЕСКО йæм йе 'ргом раздæхта, йæ æххуысы хай йын кæны. Фæлæ цæуыл хардзгонд цæуы, уый хæйрæг дæр нæ равзардзæн. Хицауадмæ, йæ мадæлон æвзагыл ма иузæрдион чи у, уыдоны хъæрзын сыхъуысы æмæ æмбырдтæ ацаразынц. Æвзаджы хъысмæтыл уырыссагау аныхæстæ кæнынц. Стæй хатдзæг скæнынц: «Нæй, нæма сæфы не '–взаг. Нырма «дæ бон хорз» зæгъын иронау куы зонæм», Ирон æвзаджы хъысмæты фæдыл уынаффæтæ рахæс-

сынц, уырыссагау фыст концепцитæ-йедтæ сфидар кæнынц. Хъуыддагæй та рæстмæ ницы зыны. Ныр дæр та «стыр мæты» бацыдысты: «Республиканская целевая программа «Осетинский язык на 2008— 2012 годы» сарæзтой. Диссаджы мадзæлттæ, гæнæнтæ дзы амынд цæуы. Агургæ æмæ æнаргæ. Æууæлтæ дæр дзы ис. Фæлæ та йæ царды рауадзын, ирон æвзагыл чи нæ дзуры, йæ хъысмæтыл чи нæ риссы, ахæм уæрæседзаутæн куы бабар кæной, уæд дон – хиды бынты.

Зæххы цъарыл ис 600 мин æвзаджы бæрц. Уыдонæн се ’мбисæн у тæссаг фесæфынæй. Адæм фылдæр цы æвзæгтыл дзурынц, уыдон сæ ныхъуырынц. Уымæ гæсгæ 1999 азы ноябры ЮНЕСКО-йы Генералон конференцийы уынаффæмæ гæсгæ 2000 азы 21 февралы фыццаг хатт бæрæг кодтой Мадæлон æвзаджы æппæтдунеон бон. 2001 азы 21 февралы Парижы ЮНЕСКО-йы штаб-квартирæйы презентаци уыд, фесæфынæй тæссаг кæмæн у, уыцы æвзæгты Атлас-чиныгæн. Афтæ дунейы адæмтæ аудынц, фесæфынæй тæссаг кæмæн у, уыцы æвзæгтыл. Владимир Путины хъуыды та у ахæм: «Чысыл адæмты æвзагæн паддзахад куы нæ æххуыс кæна, уæд сын фесæфынæй тас у».

Иууылдæр фæндонæй, хъуыддагæй архайынц, цæмæй ирон æвзаджы хуызæттæн дæр уа фидæн. Германы Гетингемы университеты иумæйаг æмæ индогермайнаг æвзæгты факультеты разамонæг профессор Михаэль Йоб та нæм сиды: «Тынг ахсджиаг у ирæттæ сæхи культурæ æмæ сæхи æвзаджы нысаниуæг арф куы бамбариккой, Хуыцауæй лæвæрд сын кæй у æмæ ахæм лæвар алкæмæн кæй нæй, уыцы уагыл æм сæ цæстæнгас куы аздахиккой. Æрмæстдæр ирæттæм ис уый æмæ æндæр никæцы адæммæ! Æрмæстдæр уыдоны къухты ис ацы æвзаджы хъысмæт. Æмæ диссаджы хорз уаид, сæ бон куы бауид афтæ бакæнын, цæмæй ирон æвзаджы зæлланг макуы бамыр уа зæххыл».

Ацы ныхæстæ нæм уæддæр куы бахъарикой æмæ не ’взаджы фидæнмæ хицауæй хуымæтæг кусæджы онг, хистæрæй-кæстæрмæ бæрнондæр цæстæй куы акæсиккам, йæ хъысмæтыл ын арфдæр куы ныхъхъуыды кæниккам. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу иу аз Ирон æвзаджы азæй куы расидиккам. Уæд-иу афæдзы дæргъы хуыздæр, ахадгæдæр, фæрæзджындæр цæстæнгас здæхт æрцæуид ирон æвзаг ахуыр кæныны фарстатæм, ирон чиныджы, ирон театры хъысмæтмæ. Ирон æвзаг Ирыстоны паддзахадон æвзагыл нымад у, æмæ йæм паддзахадон уагыл цæстдард куы уа, уæд алы ирон дæр нæ, фæлæ ам немæ æмдзæрин чи у, уыдон: уырыссагæй,

грекъагæй, сомихагæй, тæтæйрагæй, азербайджайнагæй, гуырдзиагæй – ииуылдæр тырниккой йæ базонынмæ. Ныртæккæ дæр уыдонæй бирæтæ сыгъдæг дзурынц иронау, зонынц нын не 'гъдæуттæ, нæ уаг. Уæлдайдæр та – хъæуты. Сæ цот скъолаты зæрдиагæй ахуыр кæнынц ирон æвзаг æмæ литературæ, суанг Дзæуджыхъæуы дæр æмæ дзы иуæй-иутæ фæлварæнты ирæттæй райсынц хуыздæр бæрæггæнæнтæ. Вячеслав Иванов каст фæци Дзæуджыхъæуы фæндзæм скъола, ирон æвзаг дзы афтæ хорз базыдта æмæ дæсныйад райсыны фæстæ Санкт-Петербурджы куы æрцард, уæд Интернеты байгом кодта «сæрмагонд сайт Вячеслав Иванов». Сæргонд «Ирон энциклопедийы» бынмæ дзы дунейы адæмты зонгæ кæны Ирыстонимæ, ирон адæмы истори, æвзаг æмæ нæ хуыздæр лæгтимæ.

Не 'взаг, нæ адæмон сфæлдыстад, не 'гъдæуттæ базонынмæ нæм цæуынц фæсарæнтæй, ам нæхиуæттæ та сыл былысчъил кæнынц. Сæ худинаг сæ фæсонæрхæджы дæр нæй, афтæмæй. Ныр дыккаг хатт Ирыстонмæ дард Францæй, æцæгæлон бæстæйы сæйраг горæт Парижæй ссыд францаг лæппу Лоран Алибер. Уый сæхимæ францаг æвзагыл Нарты каджытæ Ж. Дюмезилы тæлмацæй куы бакаст, уæд йæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыдысты, æмæ æвзыгъд лæппу йæхицæн хæсыл банымадта, чи сæ сфæлдыста, уыцы адæмы базонын. Æмæ нын ахуыр кæнын райдыдта нæ адæмон сфæлдыстад, не 'взаг, докторон диссертаци фыссы Нарты кадджытæй.

Не 'взаг мах бæтты скифтимæ, сæрмæттæ æмæ алантимæ. Уыцы бастдзинад куы фесафæм, уæд сæфынц нæ истори æмæ нæхæдæг дæр. Уæд нын нæ фыдæлты сæхи бакæндзысты, истори кæмæн нæй, афтæмæй æнæбындур-æнæфсонæй сæхи алантыл чи ныхасы, абон сæ зæххытыл чи цæры æмæ ма дзы махæн нæхимæ цы баззад, уыдонмæ дæр чи лæбуры, уыцы цыракæнон адæмтæ.

Цъары фæрстыл:

*2. Фыдохы бæлас.*

*3. Ныййарджыты мысгæйæ.*

*4. Тæхгæ зæд.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Технический редактор* | *Виктория БОРАЕВА* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору за соблюдением законодательства в сфере массовых коммуникаций и охране культурного наследия по Южному Федеральному Округу.*

*Свидетельство о регистрации СМИ ПИ №ФС 10-6649 от 20 июня 2007 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Государственное учреждение «Литературно-художественный и общественно-политический журнал «Мах дуг»*

*Подписано к печати 09.04.10. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Mygl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,05. Тираж 1200 экз. Заказ № 589. Цена свободная.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алании, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*



Индекс 73247

